# ЖОЛМУРЗА АЙМУРЗАЕВ



ШЫҒАРМАЛАРЫНЫҢ
ЕКИ ТОМЛЫҒЫ
том I

НӨКИС „ҚАРАҚАЛПАҚСТАН", 1980

www.ziyouz.com kutubxonasi

Жолмурза Аймурзаев қарақалпақ совет әдебиятының дәслепки гербишин қалаўшылардың бири. қарақалпақ поэзиясы, драматургиясы ҳәм прозасы тараўындағы ең жақсы шығармалары менен жәмийетшиликке кеңнен танылды. Оның аты республикамыздан тысқары орынларға да мәлим.

Талантлы шайыр, Бердақ атындағы республикалық сыйлықтың лауреаты, Қарақалпақстан халық жазыўшысы Жолмурза Аймурзаевтың туўылған күнине жетпис жыл толыў юбилейи ҳүрметине поэзиялық шығармаларының еки томлығы шығарылып отыр.

А $\frac{45302}{М-357(04)80}$ Пр—80 4702250000

© „Қарақалпақстан" баспасы, 1961, 1968, 1980

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ҚУТЛЫ ЖЫЛЛАР ҚАДЕМИ!

## ХОШ ЕНДИ!

Үсенжаптың бойы, Қуўтелпек жабы,
Жетимликтен қайтты кеўилдиң табы,
Дүрсилдеген Оразгүлдиң келсабы,
Жүрекке урылды терим хош енди!

Қызық болмай балалығым қылығы,
Сенде қалды жаслығымның қызығы,
Суўын ишкен Каншайымның қудығы,
Жетимди сақлаған ерим хош енди!

Жазында жетилип, гүзлеп бараман,
Уллы бир мақсетти гөзлеп бараман,
Бахытлыман, оқыў излеп бараман,
Жетилип келемен, елим хош енди!

*1927-жыл.*

## БАРАТЫР!

«Таң нуры» на кирген жаслар сапта тур,
Ҳүрметли жайларда алдында отыр,
Мәдирейим, Байнияз, Халмурат қотыр,
Алға қарай адым таслап баратыр!

Турдымурат, Мәрияи, Айтбай, Сейтжан,
Ибат, Бағжан, бақсы ағамыз Айтжан,
Қуўандық, Әўезбай нақыратын айтқан,
Әбдираман, бизди баслап баратыр!

*1928-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ХОЖААХМЕД АХМЕДОВҚА!

Хожаахмед қуйып қойған тастайсаң,
Сөзлериңди жаўға оқтай таслайсаң,
Бай-молла, ийшанның тамырын кесип,
Жалынлы жасларды алға баслайсаң!

*1929-жыл.*

## АРТЕЛЬ БОЛЫПТЫ

Өмир узақ әсирлерди шолыпты,
Ортамызға уллы бахыт толыпты,
Кеше күнин көре алмаған ел еди,
Бүгин туўған елим артель болыпты.

*1930-жыл.*

## ЕСБЕРГЕН

Тахтакөпир екен туўылған жериң,
Байларға жумсалған маңлайда териң.
Жетимсең, белгисиз есигиң, төриң,
Өмириң қайрыда өтти Есберген!

Қараңғыдан шықтың таза жол салдың,
Сельхозтехникумнан билимди алдың,
Бүгин адам болып қуўанып, қалдың,
Басыңнан қайғылар кетти Есберген!

Жетимлистиң бәржай болған соң тилек,
Саған ерди билим алды Қаллибек,
Жаңа заман ийеси сизлер жас жүрек,
Тилеген күнлериң жетти Есберген!

Өзиң зейинлисең, қолыңда сазың,
Қосиз айтсаң жаңлап шығар ҳаўазың,
Бахытқа бөленди, жайнасын жазың,
Иниң соңдай тилек етти Есберген!

*1931-жыл.*

## МӘСКЕЎГЕ КЕТТИК

Жайтаў улы Ғалий, ағам Қарабай,
Жолға шықтық дуў-сыйына қарамай,
Биз кемеге миндик Аралға қарай,
Досларым хош болың, Мәскеўге кеттик!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жолда бир өрит болып жылап қалмаппан,
Пароход шайқалып қулап қалыппан,
Алты күн Аралда сулап қалыппан,
Досларым хош болың, Мәскеўге кеттик!

Жаным қалды шыққаннан соң сайызға,
Уялғаннан нәзер салмаппан қызға,
Минип алып Максим деген поездға,
Досларым хош балың неше ел өттик!

Октябрь таңынан нурлар шашылды,
Москваны көрдим зейним ашылды,
Кремль көзиме оттай басылды,
Досларым хош болың Мәскеўге кеттик!

Ғалыйдың көтерсем төсегин, қабын,
Барған соң үйрендим жумыстың бабын,
Мәскеўде шығарып, оқыў китабын,
Досларым қуўаның елге ис еттик!

Заман жайлы, жаң кирген соң жотаға,
Жалынлы жүрекли жаслар жата ма,
Барып Мавзолейге — Ленин атама,
Алғыслар болсын деп зыярат еттик!

*1932-жыл.*

## ОН АЛТЫ ЖАС

Он алты жаста Октябрь,
Дүбирлетти жер жүзин,
Жаңарды өмир жайнады,
Бөленип бағқа жер бизиң.

Қолларда қурал жарқылдап,
Алға ҳүжим басладық.
Жас қырандай жалтылдап,
Жаўды жеңнип тасладық.

*1932-жыл.*

## УСАЙДЫ

Бекимбеттиң улы Турдымуратым,
Шымбай жақта аман жүрген усайды.
Күнде ертлеп қойып бир жорға атын,
Талай-талай тойлар көрген усайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳәркүн ерте турып, кеш пенен жатып,
Шын кеўилден жумыс етип пал татып,
Билим берип қалың елди ағартып,
Тәлим-тәрбиясын берген усайды!

Дийқан атамыздай жерлерин егип,
Қос өгиз орнына трактор жегип,
Жаңа жерге нәлше шаншып бағ егип,
Жемисин мол етип терген усайды!

Солжемистен биз де барып татайық,
Гүресте шынықты бел де қатайып,
Бағды қорғап, бирге жаўды атайық,
Бурыннан бабамыз мерген усайды!

*1934-жыл.*

## БИРИНШИ КИТАБЫМ ШЫҚҚАНДА

Қуўантып қосық жаздырған,
Меҳрибаным Москва,
Жыр булағын ағызған,
Жүрегим жаным Москва!

Тәрбиялап өсирген,
Халықтан алдым ҳасылды,
Сөзим жерде қалмастан,
Китап болып басылды!

*1935-жыл.*

## БИЗИҢ МЕНЕН БИРГЕ ЖАСАЙДЫ МУДАМ

*(Максим Горькийдиң өлимине)*

Советлар Үйиниң колонна залы,
Бүгин нешше күннен берли азалы,
Теңиз толқынындай тынбастан адам,
Қайғы менен қатнар кеши-азаны.

Қызыл гүлге қара лента шырмалып
Мысалы жатқандай қайғыдан талып,
Миллионлар меҳрибан Максим Горькийге,
Жүрек еңирер қарағанда көз салып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қандай бөленсе де өмирге бахыт,
Ҳеш ядтан шықпайды жас төккен ўақыт,
Зарланып жылап тур «өлди» деп атам,
Қарақалпақ қызы — қасымда Яқыт.

Ақыл-ҳуўыш, қарыўын арнап өмирге,
Жаңа заман ушын қаласқан ирге,
Туўысқан халық табытына бас ийип,
Ҳурметлер көрсетти Максим Горькийге!

Туўылыў ол шадлық,
Өлим — қайғы-ғам,
Барлығын басынан өткерер адам,
Максим Горький менен хошластық мәңги,
Лийкин бизиң менен жасайды мудам!

*1936-жыл. Москва.*

## САРЫ ТАЎЫҚ СОРПАСЫ

Жатып қалды аўырып,
Аяз тийип Дәлиге,
Барып қайттым аптекке,
Дәли ушын дәриге.

Берген дәрим Дәлиниң,
Дәрман берди дәртине,
Усы исим дурыс болды,
Яр-дослықтың шәртине.

Қуўанғаннан Қаншайым,
Қазанына қарады,
Сары таўық сорпасы,
Бойымызға тарады!

*1937-жыл.*

## ӘМЕТКЕ

Қутлы болсын Әметим!
Қосылыпсаң қумартып,
Жүриў еди әдетиң!
Айымхаң деп аҳ урып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айымханды ҳүрметле,
Ески әдет қурысын,
Қосық айттыр қуўантып,
Қапсын қулақ курышын!

Ол артистка, сен шайыр,
Бириц бүлбил, бирин баг.
Бағ жемиси молайсын,
Халық ушын ҳәмме ўақ!

*1938-жыл.*

## ҚЫСТЫҢ СҮЎРЕТИ

Қылышын сүйреген қаҳәрли қыс бар,
Нар түйедей жерге шөккен ақша қар,
Сықырлап жәнжаққа еткендей хабар,
Декабрьде кирер қыстың келбети.

Жарпақ-жарпақ қар жаўдырып талланып,
Үргин урип, дүбелей даўыл долланып,
Шағалдай шуўласып, үргин қолланып,
Қара боран, қара даўыл әдети!

Қақаман суўықтан суў қалар музлап,
Суўық самал еспер бет-аўзың сызлап,
Ошақта гүлханың жалынлап ғыжлап,
Өзине ылайық қыстың сүўрети!

*1940-жыл.*

* * *

Қаҳәрли ғазеп қайнады,
Жаў қысым етип жаныма!
Ўатаным өмир қаймағы,
Қорғайман қосып жаныма!

Мыйығын тартып ул-қызым,
Әўиллеп анаў сол жатқан,
Өшпесин бахыт жулдызым,
Бүгиннен баслап солдатпан!

*1941-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ФРОНТТАН ХАТ

Сәлем сизге бахытлы ел,
Батыр туўған Қарақалпақ!
Перзентиңмен — фронттаман,
Биз женемиз, исимиз ҳақ!

Сәлем сизге ата-ана,
Сәлем Сизге сәўер ярым!
Сәлем Сизге ул-қызларым,
Сәлем Сизге мәдеткәрим!

*Мен фронтқа барған күни,*
Қан майданда қызды саўаш,
Жылдырымдай жалт-жулт етип,
*Оқтың оты күйдирди шаш.*

Белде қарыў, қолда қурал,
*Сизлерсизлер бизге қорған,*
Сизлер ушын, бахыт ушын,
Мен ырзаман болсам қурбан!

Жаўды жексен етемиз биз,
Жасайсаң сен ана — Ўатан!
Мақсетлерге жетемиз биз,
Азат болар пүткил жаҳан!

*1942-жыл. Ҳәрекеттеги Армия.*

## ҚОСЫЛЫП ЖАЎДЫ ҚУРТАЙЫҚ!

*Жаз күни, жумсақ жупардай,*
Түрли түс таўдың етеги.
Қара тас, ақ тас аралас,
Куяштан жалт-жулт етеди.

Төбеси таўдың түнерип,
Жамылған яңлы қара булт,
Етеги ески дийўаллық,
Әййемнен қалған ески журт.

Отары отлақ көк шалғын
Жарасқан жасыл-жаны бар.
Ешки-қой бәри аралас,
Жайылып жүрген жәниўар...!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүрегин жердиң қармалап,
Жайылып жүрген маллар тоқ.
Қабағы қалыққан ашлықтан,
Шопанның тислем папы жоқ.

Шопанның шөлде шырлаўы,
Езилип енирел ел шөккен,
Сыбызғы шертип шоқатта,
Көзинен мөлдир жас төккен.

Жылама! Мен де шопанман,
Гүресте бүгин жаўынгер,
Қосылып жаўды қуртайық!
Көтерил!
Қозғал!
Қолың бер!

*1943-жыл. Иран.*

## ИРАН ҚЫЗЫНА

Қара перде менен аўзыңды басып,
Жасырасаң неге маржан тисиңди?!
Жүрегиме жалын өтти көзиңнен,
Аш перделди! Көрсет сулыў тисиңди!

Көз дәрияңнан, ышқы толқын жаўдырап,
Солдат кеўлин шөллегенде суўғарды,
Анаў күни хошласқанда қыя алмай, —
Жылағанда бир тамшы суў қалды.

Солдатыңман сени жаўдан қорғаған,
Өмир жолым өтлессин деп тиледим.
Баўыр бастым қушағыңда қуўаныш,
Лермонтовтың ләззетиндей жүрегин!

Иран қызы қан жуўмасын изиңди,
Перденди аш жарқырасын жүзлериң!
Жүрегимде дослық оты өшпейди,
Жанған жалын — сениң қара көзлериң!

*1944-жыл. Иран.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## УРЫС ПИТТИ

Урыс питти,
Қара туўлар қулады,
Ойран болды,
Фашизмниң ордасы.
Қызыл байрақ —
Мәнги жасап турады,
Жеңислердиң —
Жайнап турған жолдасы!
Дүнья халқы,
Дослық пенен өмир сүр,
Ҳеш болмасын,
Бул урыстың жалғасы!

*1945-жыл.*

## ӨМИР ҚОСЫҒЫ

*Озал бастан өмиримниң қосығы,*
Қуўаныштап халық хорына қосылды,
Мийнетте ер, қан майданда қаҳарман,
Гейде шалқып, гейде бирге қысылды.

*1947-жыл.*

## ТОҚЫЛДАҚ

Еситилди бир даўыс,
Тоғайға кирсем тоқылдап,
Торańғылды тесип тур,
Сүйир тумсық, тоқылдақ.

Үңилип бирден қарасам,
Тумсығы екен қашаўдай,
Теректи тесип жатырған,
Үлкен қурт екен «қашардай».

Жеги қурт тесип теректи,
Жаўыздай жеп жатырған,
Теректиң қуртып димарын,
«Қанларын» сорып атырған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайманда жеги қурт болса,
Басында балта тоқылдат!
Жатып ишер жаўызға,
Тумсықты ур тоқылдақ!

*1948-жыл.*

## ТУЎЫЛЫП ӨСКЕН ЖЕРИМНИҢ

Жас қанаты жетилген,
Жигитимен елимниң.
Мийнет пенен тер төккен,
Саўлатыман еримниң.
Топырағын таза сақлайман,
Туўып өскен жеримниң.

*1949-жыл.*

## САҚЛАСЫН

Туўған елин сүйген адам,
Сапасын саў сақласын!
Азаматпан деген атын,
Ар-намысын сақласын!

*1950-жыл.*

## НӘЖИМ АҒА

Түриниқ еки билекти,
Орынлап уллы тилекти,
Геркулестей мәрт жүрекли,
Етип турсаң ҳужим аға!

Жүзиң жыллы, қысы жоқ жаз,
Кеўили йошлы, исиңе саз,
Өзиңде бар бир хош ҳаўаз,
Көрдиң өмир ҳәзин аға!

Сен жеңип жүрсен таласып,
Ҳақыйқатлап адым басып,
Исин, исиңе уласып,
Шағлап турсан Нәжим аға!

*1951-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДУУТАРЫННЫҢ ҮНИ МЕНЕН

Бердимурат аға сени,
Таң атқанша излеп шықтым,
Образыңды жасай алмай,
Қос ернимди тислеп шықтым.

Сениң менен сөйлестим мен,
Нешше жыллар түни менен,
Қосық айттым таң жаңлатып,
Дуўтарыңның үни менен.

*1952-жыл.*

## КЕТТИҢ

*(Нәжим Дәўқараев қайтыс болғанда)*

Бир гүл едиң бағымызда қулпырған,
Қазан урып бүгин солдың да кеттиң!
Ақылға ой, жүрекке не қылдырған,
Дос едиң кеўилди алдың да кеттиң!

Арысланы едиң Арал, Әмиўдиң,
Қостары едиң ақ билекли арыўдың,
Қос билеги едиң белде қарыўдың,
Биймезгил халықтың алдында кеттиң!

Билсекдағы өлиў деген заңларды,
Өмирден қуўа алмай жүрмиз заңғарды,
Ул-қызларың барлық халқың зарлады,
Жүрекке бир қайғы салдың да кеттиң!

Сең жас едиң, қыршын кеттиң солдатым,
Жүректе сақланып, өшпейди атың,
Бизиң менен мәңги жасайды атың,
Нәжим аға ядта қалдың да кеттиң!

*1953-жыл.*

## ДОСТАН

Шын кеўилден мийман еткен достыңның,
Қалыс хызметлерин умытпа ҳаслан!
Дузын ишип болып етсең қыянет,
Ҳәмме ўақ айрылып қаларсаң достан!

*1954-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КЕЛЕР

Қылышын сүйреген қыс кеткен заман,
Бәҳәр киятыр деп көктеп ғаз келер!
Бәҳәрде қыймылда келсе жер шаман,
Бәҳәрдеги мийнет жазға саз келер!

Жаз бойы пахтамыз жетиссе аман,
Гүмис гүзден жилўа менен наз келер!
«Ақ алтын» қырманы кем болмай таўдан,
Табыслар тойына хош ҳаўаз келер!

*1955-жыл.*

## ГҮЛИ БОЛАРСАҢ

Ақыл менен сүйсең мийнет етиўди,
Бул уллы өмирдиң гүли боларсаң!
Заяласаң мақсетлерге жетиўди,
Өшип қалған оттың күли боларсаң!

*1956-жыл.*

## ЖЕМИС ТЕРЕДИ

Өз қолымнан егип қойған бағым бар,
Тамыры тереңлеп мийўа береди,
Өмир өтер, қартайғандай шағым бар,
Әўладларым соннан жемис тереди.

*1957-жыл.*

## МӘҲӘЛИНДЕ ПИС

Мен писип турман деп ҳоппыя берме,
Таўдағы жуўадай мәҳәлинде пис!
Мақтанып төбемде турып өкирмей,
Аяғың таймастан бурын еплеп түс!

*1958-жыл.*

## ОҚЫП КӨР ТАРИЙХ ХАТЫНАН

Ой тениз,
Жүрек кемемиз,
Ақылымыз капитан.
Иркилмей жүрип келемиз,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оқып көр тарийх хатынан!
Сынбайды өмир өремиз,
Дәредик адамзатынан.
— Жаһанда жаўыз жоқ болсын!
Бул буйрық Ўатан атынан!

*1960-жыл.*

## ШЫН

Жүрекке қосып жүректи,
Қушақты аш достым шын!
Алдасаң аппақ кеўилди,
Шийше яңлы болып сын!

*1961-жыл.*

## ШАЙЫР АНТЫ

Түнерген түн, ашшы аяз, шуўлы сес,
Еңиреген ел, қара көзден төкти жас,
Саңыраўдала, сары уўайым қойнында,
Тастай түнек, адамды адам көре алмас.

Усы түнде тебиренип толғанып,
Бир ана жүр әрўанадай адасқан,
Қара түнде қақ жарғандай қалшылдап,
Турмыс ушын өлим менен таласқан.

Ериксизден дүзде туўған сол ана,
Анам еди аймалаған жүзимнен,
Сол анамнан жаслайымнан айрылып,
Журдай жетим болып өскен өзиммен.

Күнлер өтти, айлар өтти, жыл өтти.
Жайнады күн, жаңа өмир жасарды.
Кеше жетим, бүгин шайыр, азамат,
Сизлер менен мине бүгин жасады.

Көз нурларым, ақыл-ҳуўшым бар күшим,
Дослық өмир, уллы бирлик, даңқ ушын
Ар-намыслы ант етемен досларым,
Бар өмирим партия ушын, халық ушын!

*1962-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МЕН ЖУЗИГИҢ БОЛАЙЫН

Жайнап турған жүзиңде,
Нур қуяшың болайын!
Қаналыңнан суў ишкен,
Қарлығашың болайын!

Жазда жайнап ашылған,
Пахта гүлиң болайын,
Гүлиңе сән киргизген,
Жас бүлбилиң болайын!

Жүрегиңе қан берген,
Жан жүзимиң болайын,
Бармағыңа жарасқан,
Мен жүзигиң болайын!

*1964-жыл.*

## ЯДЫМДА

*(жигитлер тилинен)*

Жаздың жақты шағында,
Аўылыңның бағында.
Сени сүйип алғаным,
Тап еле тур ядымда.!

*1965-жыл.*

## ШАШЫҢДЫ БОЯМА

Шашыңды бояма ағы жақсыды,
Жаслықты умытпа, шағы жақсыды.
Кеўил дуўтар болса тилиңнен дүр шашқан,
Бул ҳадал жүрегиң мәңги бақсы ды.

*1966-жыл.*

## БОЛАРСАҢ

Егерде халықтың зейнине тийсең,
Жүзиң төмен, өзиң жаман боларсаң!
Халық: күн, ай болса, сен жулдыз болсаң,
Өмир қушағында аман боларсаң!

*1967-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИЛАЖ ЕТЕДИ

Кийимдеги дақты кетириў ушын,
Ақыллы бас алдын илаж етеди,
Дасмал менен сүртемен деп сол дақты,
Ақылсыз бас бәрин ылас етеди!

*1968-жыл.*

## НӘСИЯТ

Азан менен қарап айнаға,
Келинлер келиң деп шайға қайнаға! —
Көрсеткенде ҳүрмет-иззет мирәтин,
Ақлықларым келип қалды айнала.

Ҳәр қайсысын бир аймалап сүйемен,
Тап усылар бийик төбем, сүйенген,
Кеше ғана жалғыз жетим болсам мен,
Ақлық-шаўлық пенен дәўран сүремен.

Нәсиятым қызларыма, балама,
Кир жуқтырма ақыл менен санаға,
Мендей болып бар өмириң арналсын,
Ғамқор болған партияға, данаға.

*1969-жыл.*

## ЖУРЕК СӨЗИ

Ақылға бай адам болса ул-қызың,
Ҳеш ўақ сынбас дуўтарыңның дәстеси,
Ақылсыз ул-қыз ағып кеткен жулдызың,
Ол бир сынған шамшырағың кестеси.

Жети ирет өлшеп, бир сапар кессең,
Келиседи өмириңниң кестеси.
Әй инсан, күймегей ҳеш бир мийнетиң,
Сен бир бағсаң, ул-қыз — гүллер дәстеси.

*1970-жыл*

## ЖАСЛАРҒА

Көтере алмай қалсам өмир тасларын,
Мешеўлесип жәрдем қылар жасларым,
Ғаррылықтың қысы келди қамалап,
Сизлер жаққа аўысқан соң жас шағым.

*1971-жыл, январь.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚЫЯЛЫМ

Қара түнде қара тасты қақ жарып,
Көк жүзинде ай ҳәм күнди қантарып,
Шолпан жулдызының арқасын қарып,
Қаранғыны жақты етти қыялым.

*1972-жыл.*

## УЙҚЫ АШСАМ ДЕЙМЕН

Жулдыз бенен қундыз уйқасқан яңлы,
Кеўлиңе күн болып уйқассам деймен,
Геўгимнен көз жумбай гүзетсем таңды,
Тек атыңды айтып уйқы ашсам деймен..!

*1973-жыл.*

## БАҒМАН ҚЫЗ

Сулыў сәни кең даланың сәҳәрде,
Таңның туўысқаны бүлбиллер турғыш,
Бағман қыздың басқан изи бәҳәрде,
Туў болып тигилди тың жерге туңғыш.

*1974-жыл.*

## ЖАСЛЫҚТЫ ЯДҚА ТУСИРИУ

(Ҳәзил-шыны аралас)

Қыз көзинде қызыл шоқ бар жайнаған,
Бир қараса жүрегиңди жайлаған,
Жаслығымда өртеген бе усы шоқ,
Қартайсам да лаўлағанын қоймаған.

Лаўлайды да, жанады да турады,
Жүрегимди жарады да турады,
Тыпыршытып түн уйқымды төрт бөлип,
Қыз қасына барады да турады..!

Жан беремен көзим түссе көзине,
Нур беремен көзим түсе көзине,
Жансамдағы қыз көзиниң шоғына,
Интизарман жалғыз аўыз сөзине!

*1975-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГӨЗЗАЛАРҒА АРЗА

Келиңиз гөззал қызлар бизиң жаққа,
Бөлейин қулпы дөнген гүлли бағқа.
Ышқының жалынларын жағып жибер,
Көзиңнен жүрегиме шырпы шақта!

Алдыңа келип айттым арызымды,
Төлейин ышқы ушын қарызымды,
Жаслықта жайнап өттим, қайнап өттим,
Өтедим өмир бойы парызымды,

Муҳаббат мәңги жаслық қартаймаған,
Сексен мың сыр бар екен айтылмаған,
Наз бенен, жилўа менен күлип қарап,
Гөззаллар жаслығымды қайтар маған!

*1976-жыл.*

## ЖОРАЖАН

*(Сапар Хожаниязовқа!)*

Қанша жыллар өтти жулдыздай ағып,
Жылдырым жалт етип шахмақлар шағып,
Ақырында басымызға гүлтағып,
Кеўил күндей күлип кетти жоражан!

Шашлар қара еди, қаслар керилген,
Қара көз қыз, сүмбил шашлар өрилген,
Нәлшелер жетилип, жемис терилген,
Татлы пал таңлайға жетти жоражан.

Адам адам емес дәрья кешпесе,
Кәрўан кәрўан емес алға көшпесе,
Жүз жылларша шамшырақлар өшпесе —
Топырақ баспасын бетти жоражан!

Иследик. Жасадық, тағы жасайық,
Жалынлы жасларға қуўат қосайық,
Өмир солдатымыз алға басайық,
Ўатанға арна бар мийнетти жоражан!

*1977-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨЗ АҚЫЛЫМ ӨЗИМЕ

Жаслық бәҳәр екен, қулпырып дөнген,
Ғаррылық қыс екен қарға бөленген,
Тастан да қатты екен, адамның басы,
Өмир гүресинде соққыға көнген.

Ҳәркүнин жалынлы шадлыққа толып,
Жаслықта шалқыйсаң әтирапты шолып,
Жаслықта жаҳанның гилти қолында,
Қартайсаң кең күньяа қалар тар болып.

Көўил көтер жаслығыңды қумартып,
Арқаңа өмирдиң жүклерин артып,
Шалқый бер Жолмурза қартайдым деме,
Мәнзилден мәнзилге кәрўанлар тартып.

*1978-жыл.*

## АЛПЫС ТОҒЫЗҒА

Тар жол, тайғақ кешиў асқардан асып,
Бөлендиң ай-күнге, нурлы жулдызға,
Халқың менен бирге қадемлер басып,
Жолмурзажан жеттиң алпыс тоғызға!

*1979-жыл.*

## ТАҒЫ

Бәрҳа ойлағаның болды ел иси,
Жүректе жайнады жеңис байрағы,
Еле жақсы жетпис жастың желиси,
Жолмурза йоша бер, шадланып тағы!

*1980-жыл.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ЖҮРЕК ЖЫРЛА ДЕЙДИ ЛЕНИН ҲАҚҚЫНДА

## СОВЕТ ЕЛИ — ЛЕНИНИЗМ ՝ВАТАНЫ

Ленинизм —
Тасқын булақ таўсылмас,
Сағасы оның ағып турған халықтан,
Соның ушын шөллегенде суўғарды,
Ленинизм суўсынымды қандырды.
Ленинизм —
Өмиримниң, ай, күни.
Ҳеш ўақытта өшпейтуғын қуяшы,
Жасады ол,
Тағы жасай береди,
Жер-жаҳанға кең жайылып қулашы,
Ленинизм —
Бахыт, бирлик тиреги,
Қорғаны ол ҳәм мийнеткеш халықтың.
Ленинизм —
Партияның кең жолы,
Гүреслерде, жеңислерде баслаған.
Ленинизм,
Жеңиўшилер қорғаны;
Жексен етип, жаўды жеңип таслаған,
Ленинизм —
Бахыт бағын орнатқан,
Гүл жайнады езилген ел дарағы.
Ленинизм —
Туўысқан халық турмысын,
Мәңги орнатты, желбиреп тур байрағы.
Ленинизм —
Әўладлардың бесиги,
Қадирлеген ата менен ананы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаса!
Жаса!
Жер жүзине нур шашқан,
Совет ели —
Ленинизм Ўатаны!

*1938-жыл.*

## БАХЫТЛЫ ЗАМАН

Жайнаған жаз күниндей,
Нурланып атқан заман,
Езилген халықларды,
Шадлантып қуўатқан заман,
Жеринде шалғын егис,
Пүткил даласы гүлистан,
Мийўасы жанға татлы,
Жемисли бағыў-бостан.
Турмысқа тирек болған,
Топырағы дәртке даўа.
Суўлары гүмис янлы,
Ҳасыл алтын таўлары да,
Душпанды ўайран қылған,
Халықлары бар қаҳарман,
Ҳәм сүйикли Ўатаны,
Азатлыққа болды мәкан.
Баўырман халықлары,
Мәңги жасайды мудам.
Басшысы халықты сүйген,
Жер жүзинде дана адам.

*1940-жыл.*

## ШАП ТУЛПАРЫМ ШАРШАМА

Шап тулпарым шаршама,
Москваны сағындым,
Сағынбайын неге мен,
Күш алған, жери жанымның.
Шап тулпарым шаршама,
Москваны көрейин,
Данышпан Ленин атама,
Жүректен сәлем берейин.
Зыяратлап оны мен,
Алдында бас ийейин.

*1940-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИЛЬИЧТИҢ ҮЙИНДЕ

Ленин жүрген коридорда жүриппен,
Жер жүзинен келген гүллән халық пенен.
Қуўанаман:
— Гражданы советтин! —
Деген уллы адым ағып данқ пенен,
Халықтың даңқы мениң даңқым емес пе?!
Миллионлардай мен де халықтың улыман,
— Азамат деп атақ алдым әдиўли,
Данам Ленин ғамқорымның қолынан.
Дана Ленин сениң басқан излериң,
Көзлериме, жүзлериме шашты нур.
Күндей жайнап Кремльдиң үстинде,
Өзиң тиккен қызыл байрақ жайнап тур.
Сол байрақтың бөленип мен нурына ,
Бахыт алдым, тасты тәнде дәрманым
Бар өмирим күшим, исим жолыңа,
Ҳеш қалмады көкирегимде әрманым.

*1956-жыл.*

## СЕГИЗДЕН ОНБЕС МИНУТ ӨТКЕНДЕ

Онбес минут өткен ўақта сегизден,
Кабинеттен шықты Ленин ақырын.
Берген еди езилген халық бахты ушын,
Барлық ойын, күш-қуўатын, ақылын.
Усы күннен баслап қайтып келмеди,
Аўырды ол.
*Оны ҳәмме қайғырды,*
Алып кетти арамыздан — сум әжел,
Жеңис ушын бизге жолын қалдырды.
Мәңгиликке өмир берди халқына,
Бағлар егип, татлы жемис жегизген,
Ленин кеткен ўақтын шеклеп саат тур,
Онбес минут өткен ўақта сегизден,
Ленин кетти.
Бизге айдын жол сызып,
Бизди алға баслады уллы партия!
Ленин жолы ең айдын жол нур шашқан,
Даңқ қосамыз, данамыздың даңқына.

*1957-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЛЕНИН ПОРТФЕЛИ

Рабочий сүйип жыллы жүректен,
Портфель берди сыйлық ушын Ленинге.
Сол портфельди жигирма жыл сақлады,
Гүреслерде қарсы шығып өлимге.
Жалын шашқан жаўынгерлик жылларда,
Қолтығында усы портфель Лениниң.
Жигирма жыл жүрегинен шыққан сөз
Мәңги бахый ырысқысы болды елимниң.
Хан, пашшаның қанлы тахтын қулатып,
Жанлап шықты бул портфелден декрет.
Ленин жазған қолы менен нызамнан,
Еркк алды езилген халық ҳәр миллет.
Турмыс ушын тар жолларда услаған,
Дана Ленин бармағының изи бар,
Программа алған усы портфелден,
Ленин сүйген партияның өзи бар.

*1958-жыл.*

## ЛЕНИН ТИРИ

Ленин тири,
Алдымызда ҳәр ўақыт,
Сөйлесип турғандай жыллы жүз бенен,
Ленин руўхында ақыл-хуўшымыз.
Биз сөйлеймиз Ленин сүйген сөз бенен.
Ленин тири,
Ҳәр адамның ойында,
Ленин отыр, женис, табыс тойында,
Жасағандай ҳәр миллеттиң елинде,
Ленин тири,
Узақ әмиў бойында.
Ленин дана дейди ата-анамыз,
Ленин ата дейди әўлад баламыз.
Ленин аты жаҳан жүзин жанлатты.
Бахыт пенен нур бөленди даламыз.
Ленин жолы менен алға басамыз.
Дослық бахыт өмирге ол мәрдана.
Ленин жолы коммунизм тиреги,
Бизиң Ленин дейди халық бәрҳама.
Ленин тири,
Ленин жасай береди!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жайнаған нуры ол коммунизмнин.
Ленин тири —
    Ленинизм жүреги —
Бирге соққан,
    Бир туўысқан елимнин!

*1959-жыл.*

## ЛЕНИН МАВЗОЛЕЙИНДЕ

Ленин майданында мыңлар дизбеги,
Ҳәркүн халық келген жаҳан жүзинен.
Рабочий, дийқан, шопан дүздеги,
Уллы ҳурмет шығар ҳәрбир сөзинен,

Ҳүрметлеп бас ийген, көксинде қолы,
Қызыл майданшаға лық толған адам-
Шығыстан, батыстан — ең узақ жолы —
Ленинди көриўге ынтығар мудам.

Жүрек жақын еткен узақ жолларды,
Бахыт қуяшының нурларын шашып.
Басып өткен саҳра, теңиз, таўларды,
Дәрман берген дослық елге уласып.

Миллионлар ишинде турыппан мен де,
Маған күлип қарар бахыт жулдызы,
Шадланып қарайман, шағырайған күнге,
Мениң менен қатар тур негр ул-қызы.

Жүреклер шәўкилдер кеўилде шадлық,
Жым-жырт қадем қойдық Мавзолей таман.
Дүньяда ең қымбат, дослық, жолдаслық,
Дослықты сүйгенлер көп жасар аман.

Қызыл мраморлар гәўҳардай жанған,
Текше-текше менен келемиз түсип.
Дана дийдарына қараған инсан,
Ең уллы ҳурметти алар үлесип.

Қарайман, қарайман көзимди алмай,
Дананың дийдары дәрманым мениң.
Елиў жыл пәрўазда қанатым талмай,
Орынланды пүткил әрманым мениң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алпыс жыл илгери ырасын айтсам,
Журдай жетим едим. Таз шопан едим,
Төсегим топырақ, дастығым тастан,
Байлар май асады, мен зәҳәр жедим,

Тап усы күнимнен қутқарып Ленин,
Маңлайдан сыйпады өз қолы менен
Дүньяға орнатып советтиң елин,
Алға бастырмақта өз жолы менен.

Ленин ата-анам, панам мәрданам,
Ленинщилмен дүньяға даңқ жайғанман.
Ленин уллы бахтым, өмирим — баспанам,
Гүреслерде тайсалмай тақ турғанман.

Ленин майданында мыңлар дизилген,
Дос халық данаға еткен зыярат,
Ленинге халық келди дүнья жүзинен,
Ленин менен мәңги жасар адамзат!

*1978-жыл, 10-май. Москва.*

## ДАНАМЫЗ ЛЕНИН

Әўладтан әўладлар етип зыярат,
Миллионлар меҳрибан болған басында.
Зыяратқа келип пүткил адамзат,
Нәўбетте тур естелик босағасында.

Мен де миллионларға қосып басымды,
Тағы келип турман басың ушында.
Саған арнаганман өмир жасымды,
Сениң идеяң тур ақыл-ҳуўшымда.

Гейден қыймылдамас бирақта жаның —
Жайнап тур, жасап тур жүрегимизде.
Сениң жаның жаны болды жаҳанның,
Бәрҳа жетип жүрмиз тилегимизге.

— Мәңги жемис берген бағымыз деймиз,
Әўладымыз дейди — бабамыз Ленин!
Уллы өмир,
Уллы бахтымыз деймиз,
Мәңги қуяшымыз — данамыз Ленин.

*1978-жыл, 10-май. Москва.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚАРА ТАЎДА ДАНА ЛЕНИН СҮЎРЕТИ

Нөкистен Төрткүлге тартқан айдын жол,
Қара таўға тирегендей тумсығын,
Бес төбеден қарасаңыз оңлы-сол,
Тақыядай көринеди Шылпығым.

Бирте-бирте жақынларсаң Шылпыққа,
Төмен қарай тербелесен, зуўлайсаң,
Зымырайсаң оқ атқандай шыйшыққа,
Тағы таўға өрмелейсең туўлайсаң.

Көз жасындай Хожа көли мөлдир суў,
Көринеди шалғайындай Әмиўдиң,
Көлде жүзер, үйрек, ғазлар, аппақ қуў,
Нәўбәҳәрден жолын излеп дамыўдың.

Өрмелейсең өрге жүзген балықтай,
Қара таўға тумсық тиреп талпынып,
Машинада узақ жол деп тарықпай,
Ҳеш жүрмейсең аўыр жүклер тартынып.

Таўдың үсти мийдей дала, асфальт жол,
Уры сайға тез жетесең зымырап.
Ҳо анаў деп көтерместен ҳешбир қол,
Узақлардан көрмектесең көз шарлап.

Тастан ойған, тасқа салған естелик,
Мәңги жыллар сақланады жүректе,
Әўладлардан әўлад туўар еси енип.
Ленин десе ҳәммс жетер тилекке.

Орнатылған таўдың төбе жағына,
Сүўрети тур данамыздың — Лениниң.
Мийўа берген елдиң бахыт бағына,
Мақтанышы пүткил дунья елиниң.

*1978-жыл, 10-май. Нөкис.*

## В. И. ЛЕНИН МЕНЕН УШЫРАСЫП ҚАЙТҚАН ҚАРАҚАЛПАҚ ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Буўрыл сақал, адырақ көз баўырман,
Бул азамат алып туўған арыўдан,
Еки көзин алмай туўған аўылдан,
Ел ишине дәўлетли бағ киятыр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайта туўған Россия елинен,
Басын қосқан баўырман халық жеринен,
Кремльден инсан жүрек төринен,
Нур қуяшлы бир шамшырақ киятыр!
Сапарынан қарақалпақ киятыр!

Нур шашқандай Әмиўдәрья бойына,
Қызыл шалғыш орап алған мойнына,
Қуўанышы сыяр емес қойнына,
Жәўлан урып жүзи жайнап киятыр!
Өз елине қарақалпақ киятыр.

Туў көтерген толып-тасып тапжылмай,
Атын шаўып таўдан өткен тайынбай,
Жүзи жақты Октябрьдиң айындай,
Октябрьден Қызыл байрақ киятыр!
Қуўанышлы қарақалпақ киятыр!

Халық пенен оқлар атқан қуралдан,
Ел еңиреткен езиўшиден кек алған,
Бул ким өзи сонша тасып қуўанған,
Еки жамай болып гүрескен гези,
Халыққа қол-қабыс көрсетип өзи,
— Сен азатсаң! деген Лениниң сөзи,
Бахыт алып бир батрак киятыр,
Ленинди сүйген қарақалпақ киятыр!

Орынланып қыялдағы бар нийет,
Дәрман алып дийдарласып бетпе-бет,
Данамыз Ленинди биринши ирет, —
Көрген нурлы жүзли шырақ киятыр!
Азат болған қарақалпақ киятыр!

Дос шадлантып, душпанларын муңайтып,
Ленинге халықтың тилегин айтып,
Мақсетине жетип, қуўанып, қайтып,
Абырайлы ай жүзли ашақ киятыр!
Азат елли қарақалпақ киятыр!

Баўырман халық басын қосып ғалаба,
Жеңистиң байрағын тегип жаҳанға,
Ленинди сүйген киятыр!
Ленин ўәсиятын орынлап бәрҳа,
Сол қарақалпақ алға басып киятыр!

*1973-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ИСИНЕ ТАЯРМАН ЛЕНИН ДАНАНЫҢ

Ата-анадан жаслай жетим қалсам да,
Орыпланды ойға алған нийетим,
Маңлайымнан сыйпап көсемим Ленин,
Өзи берди комсомоллық билетин.

Жаҳанға нур берди, күн болып жақты,
Сол күннен ашылды өмирим бахты,
Ақлаў ушын гүреслерге атландым,
Ленин комсомолы деген атақты.

Мәртлик, батырлыққа баслап жүрегим,
Жаўызларды жексен етип жибердим,
Картинадай көз алдыма елеслер,
Уатан ушын жәўлан урып жүргеним .

Қанлы саўаш питти. Мен тыныш жатқан,
Душпанлар топылды тағы жан-жақтан,
Жас Уатанды жаўызлардан тазартып,
Ен биринши болдым орденди таққан.

Шөлге суў, бағқа гүл, таўға тас болып,
Жаңа өмирде жигирленген жас болып,
Жаңа өмирдиң жайнап турған күниндей,
Колхозғада кирип алдық бас болып.

Жақты өмирдиң даўам етип жалғасын,
МТС қурдық. Досқа айттық ҳармасын,
Пеш қайырып, билеклерди сыбанып,
Қолға алдық бес жыллықлар балғасын.

Турмыс тыныш, журт абадан, ел абат,
Бағ орнады қуўрап жатқан шөл абат,
Туўысқан халық табыс пенен той тойлап,
Тыныш дәўран сүргенинде жас әўлад.

Батырдан жаў келип жерди жалмады,
Татлы өмирге сум әжелин жалғады,
Совет ели турмыс ушын тақ турып,
Қаҳарманлық қызыл байрақ жайнады.

Қан майданда алға адым керип халық,
Қан ушын қан, жан ушын жан алып халық,
Фашистлерди жексен етти жер менен,
Жеңис ушын партияға ерип халық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Менде сонда атланысқа бир кеттим,
Менде сонда қара түнде қан кештим,
Миллионларша майданларда мәрт болып,
Фашистлерди жексен етип бас кестим.

Дәрманыман ата менен ананың,
Ай күнимен ауыл менен қаланың.
Партияның перзентимен — комсомол,
Исине таярман Ленин дананың!

## ЛЕНИННИҢ АТЫ

Ең әўел шүлдирлеп шыққанда тилим,
Атамның үйреткен сөзи еди билиң,
Ленин аты мың-мың тәкирар болып,
Бул ат болды маған даналық билим.

Усы күннен баслап данамның аты,
Бахытымның қуяшы, өмирим қуўаты,
Адам болып өстим усы ат пенен,
Жүрегимниң жайнап мақсет-мураты.

Ақ сүт берип хәйяллаған апам да, —
Сүйсинип сиңирген ақыл-санама,
Сыраң суўық, қанлы нөсер жаўғанда,
Дана атын тирек еттим панама!

Жер жарып жар урған гиддиман топлар,
Аспан әлеминен жаўдырып оқлар,
Таў-теңизди астан-кестен аўдарып,
Қала-аўылымды жақса да отлар.

Дана аты ыңжылтпады өзимди,
Дана аты нур жайнатты көзимди,
Келген жаўдан жасқанбастан жүрегим,
Хешбир жоғалтпадым басқан изимди.

Жаў қысып, сум әжел оғын атса да,
Ақырет-азап берип, дарға асса да,
Ленин Ўатанында өскен ер болдым,
Данам аты болды бәрха баспана!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өр көкирек болып отлар өширдим,
Кәрўанымды кешиўлерден кеширдим,
Жаўды жеңдим, жайнап кетти жулдызым,
Туўысқанға тойда шарап иширдим.

Кәмалыма келип шалқып тасқанда,
Айды гөзлеп ушқанымда аспанға,
Жер жүзине жақты берген күн болды,
Туўысқан досларға қушақ ашқанда.

Дана Ленин аты өмир жүреги,
Өмирден табылды халықтың кереги.
Ленин аты ай-күн болып өшпестен,
Жер жүзиңе мәңги тарап жүреди!

*1968-жыл. Апрель.*

### ДОСТЫМ ӨМИРДИ СҮЙ ДАНА ЛЕНИНДЕЙ

Өмир гүрес,
Өмир қызық,
Өмир кең,
Өмир татлы ҳеш нәрсеге емес тең,
Бар рәҳәт қушағында өмирдиң,
Ҳеш әрман жоқ бәрин көрип үлгерсең.

Үлгериўге ақыл керек, ҳуўыш керек,
Мийнет сүйгиш тапжылмастай күш керек,
Ақыл-ҳуўыш мийнетти бирлестириўге,
Жалынлы жүрек ҳәм қайнар йош керек.

Өмирдиң шикаслы шап та шеңгелин,
Орнатып ал шын өмирдиң шеллерин.
Жеңис байрағындай жаҳанда жайнап,
Даңқындай тут жер шарының шеңберин!

Данамыз Ленинге кең жайып қулаш
Биригиңиз деди пролетар — қаллаш!
СССР ды отаў етип өмирге,
Мәңги нурдай етип орнатты қуяш!

Кремль қуяшы жаҳанның көзи,
Бул қуяшты берген Лениниң өзи,
Бахыт, дослық, мийнет, тынышлық өмир,
Жаҳанда инсанның бул жүрек сөзи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол қуяш, сол нурдан бир ақыл Сизге,
— Бул қуяш айдын жол коммунизмге!
— Достым өмирди сүй дана Лениндей,
Исиң менен жаса жүзден жүзлерге!

## АҚЫЛЛЫ АДАМ

Секундлар саатқа, саатлар күнге,
Күнлер айға, айлар жылларға дөнер,
Аспан әлеминде жүзип жақты ай,
Ўақыт өтер өмир бағдай гүллепер.

Күндиз күн қараўыл, түнде жулдызлар,
Жер жүзин қарайды нәўбетпе-нәўбет.
Таў, тоғай, тас теңиз, суўларда, музлар,
Барлығы пайдалы дәўлетке-дәўлет!

Дәўлеттиң, бахыттың, дослық, теңликтиң,
Ең уллы дәўирдиң дәрманы болған.
Жаўды жексен етип уллы гүресте,
Жаңа бир заманды қайтадан қурған.

Қара түн, қанлы күн тартса да фыған,
Инсанияттың ғамын ойлаған мудам.
Тарийхта дүньяға дерекли жандай,
Данамыз Ленин ақыллы адам.

## ШОПАН СӨЗИ

Шопан едим шаңқай түсте шыжғырған,
Азап көрип Әмиўдәрья бойында
Жүрек жырым сыбызғымнан сызғырған,
Денем батсадағы қанлы қуйынға

Хан, патшаның қанлы тахтын қопарып,
Инсанларға жаңа дәўир сыйлаған,
Жермеплерди жексен етип қақ жарып,
Ленин еди маңлайымнан сыйпаған.

Азат, бахыт өмир менен бир қоса,
Ленин еди қалем берген қолыма,
Мийнет сүйдим миллионларға қосыла,
Бар өмирим дана Ленин жолына!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДАНА ЛЕНИН ҚЫЗЫМАН

Көкте күним күлимлеп ,
Кеўлимди ашып жайнаған,
— Бахытлы қыз-келин деп,
Жолларымды сайлаған.

Меҳрибаным данамсаң,
Еркесимен өсирген,
Қайтпас қаҳарманыман,
Жаўдың отын өширген.

Таң шолпаны нур шашып,
Сыйпағанда жүзимди,
Таңнан таза жол ашып,
Шынықтырдым өзимди.

Жарқыраған, жайнаған,
Жақты өмир жулдызыман.
Халық ғамын ойлаған,
Дана Ленин қызыман.

## СЪЕЗД ТӘСИРЛЕРИ

Әййемнен төселген Қызыл майданға,
Қара таслар, мийтин таслар — қулпы тас,
Гүўа болып жатыр нешше заманға,
Тарийх томларына зәңгилес, сырлас.

Талай патша, ханлар, байлар, батырлар,
Тап усы қара тас үстинен жүрген.
Бәлки жатқан шығар қурып шатырлар,
Барлығы жоғалған — барлығы өлген.

Дүньяға келген де, кеткен де бәри,
Бирақ ҳеш биринсн қалмаған нышан,
Азатлық сәрдары, өмир бәҳәри
Ленин изи қалған өшпес ҳеш қашан.

Бул қаратасларда данамның изин —
Көрип қуўанаман, масайрайман мен.
Жүректе яд етип оның ҳәр сөзин,
Меҳри-муҳаббатқа ҳәм орайман мен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Москва, Кремль, Қызыл майданда,
Жулдыздай жайнап тур Лениниң изи,
Ленин иси мәңги қуўат инсанға,
Ленин — бахтым! — дейди дүньяның жүзи.

Ленин дийдарынан нур алған мудам,
Ленинди сүйгенлер менен ортақпан,
Ленин бахыт берип мен болдым адам,
Мен Ленин әўлады — Қарақалпақпан!

## ЛЕНИН БАЙРАҒЫ

Москва, Кремль — Мәжилислер залы,
Дана Ленин қарап тур бизден көз алмай,
Мийрим — шапаатлы еди озалы,
Тигилип қарайман ҳасла қозғалмай.

Ай менен күн болып езилген елге,
Уатанды нур менен жайнатқан адам
Ҳәрбир сөзи булақ саҳраға, шөлге,
Ҳәр инсан жүректе сақлайды мудам.

Мәжилислер залында отырған бүгин,
Барлығы жазыўшы — барлығы талант,
Рабочий темир ислесе, дийқанлар егин,
Кешеги жәзийра бүгин болған кәпт.

Бәримизге бирдей қарап тур Ленин
Бәримизге ақыл берген, ҳуўыш берген,
Бизиң бахтымызға мәңги нур берген,
Ленинизм — жазыўшыға йош берген.

Кеўил тасып толды көз — қарасынан,
Нур болып жайнады Ильич шырағы,
Талантлар дөреди халық арасынан,
Жер жүзин жайнатсын Ленин байрағы.

## ДАНА ЛЕНИН СҮЙГЕН ҚАРАҚАЛПАҚПАН

Ыссы екен қуяштан да қушағың,
Баўыр басып пүткил балқып қалыппан,
Ҳүрметледи қала, аўыл, қышлағың,
Шады қуррам болып шалқып қалыппан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ҳүрмет-ләззет көрип турман қазақтан,
Ул-қызындай — бауырың қарақалпақпан!

Дослық көзи Сырдың бойын шолып тур,
Аспан кернеп қуўанышым толып тур,
Нәрестедей үйрениппен қойнына,
Келиў аңсат, кетиў қыйын болып тур.

Аппақ тилек, ықлас жаўды қазақтан,
Хошласыўға қыймас қарақалпақпан.

Туўған күннен қосық айтып шырлаған,
Дәрман излеп, дәртин айтып жылаған.
Туўысқан деп талўас етип тум-тусқа,
Қазақ әнин жүрегинен жырлаған.

Қос шынарман тамыр алған қазақтан,
Қос қыранның бири қарақалпақпан.

Жүз әсирлер халықтан қан жосылды,
Еки елден Сырға сырлар қосылды,
Куштар болып келдим бүгин елиңе,
Жүрегимнен жырдан жырлар қосылды.

Аярым жоқ бул дүньяда қазақтан,
Шалқып тасып келген қарақалпақпан,

Мийнет етип сыр далаға сән қосқан,
Дослық пенен дастурханға дәм қосқан,
Қоша дөсли, хош ҳаўазлы бүлбилмен,
Озал бастан қазақ пенен ән қосқан.

Өмиринше рәҳәт көрген қазақтан,
Гүреслерде бирге қарақалпақпан.

Өмир сүрген тирегимиз усаған,
Мақсет-мурат, тилегимиз усаған,
Ең қызығы, ең күшлиси усында,
Тек түр емес, жүрегимиз усаған.

Қаранызшы айырмам жоқ қазақтан,
Өмири ортақ, бауырың қарақалпақпан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атам байғус еңбек еткен таў қылған,
Анам байғус ақ жаўлығын туў қылған,
Япырмай-аў ата-ананың шеберин,
Екеўимизди бир усатып туўдырған.

Сүўретшиси екен сулыў қазақтан,
Сүўретине түскен қарақалпақпан.

Октябрьден туўып бахыт, бас панам,
Қызыл-Орда тұңғыш болды астанам,
Сәкен, Илияс, Майлин, Сәбийт, Мухтардың —
Көзин көрген қулдығыңман — жас балаң.

Қуўат алған уллы аўқамнан — қазақтан,
Дана Ленин сүйген қарақалпақпан!

*Қызыл Орда.*
*1977-жыл, октябрь.*

## ШЫМБАЙ

Үш орденли Қарақалпақстанның ,
Ең үлкен сүйикли елисең Шымбай,
Табыс таўып пәрўаз етип ушқанның,
Қос қанаты, талмас белисең Шымбай!

Халықларың қаҳарман, қырманың үлкен,
Ақ алтының асқар таўдан емес кем,
Сен менен мақтанар туўылған үлкем,
Тарийх томларында ирисең Шымбай!

Бабаларым ақырет-азап көрген жер,
Маман, Айдос, Ерназарлар жүрген жер,
Бүгин халықларға ырысқы берген жер,
Өзиң өмирлерге өткелсең Шымбай!

Күйгеннен ўаз кешип қара заманнан,
Қырандай қулшынып, таңнан жол салған,
Залым приставтың геллесин алған,
Мурат-мақсетиңе жеткенсең Шымбай!

Бирлик пенен батырлардай туўладың!
Мәртлик пенен пайды ири туўрадың,
Бүгин желбиреди жеңис туўларың,
Жеңиске жеткенниң бирисең Шымба!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Булжыматан батыр тутып өзиңди,
Гүмис пенен қаплап едиң гүзиңди,
Үш мәртебе орынладың сөзиңди,
Гүресте мәртлердиң мәртисең Шымбай!

Жүзден жүйрик, мыңнан тулпар деген бул,
Халық сүйген қыран суңқар деген бул.
Миллионларға қосқан мәдар деген бул,
Саўлатлы елиме келбетсең Шымбай!

Пахта болды мақтанышлы мийнетиң,
Данқыңды асырды ҳадал нийетиң,
Жыл-жыл сайын артты ығбал-дәўлетиң,
Мийнеттен рәҳәт көргенсең Шымбай!

Ел абыройын сақлап ҳәрбир палўаның,
Мәнзилден мәнзилге тартты кәрўаның,
Отыз мың тонналық алтын қырманың,
Қутлы қадем, шәнли-шәўкетсең Шымбай!

Жолың уллы елсең, ири болдың сен,
Бағлардың қулпырған гүли болдың сен,
Шайырлар дүр шашқан тили болдыңсен,
Ҳурметке ылайық зийнетсең Шымбай!

Ата-аналарың бәрҳа меҳрибан,
Қаракөз, қыйқаш қас қызларың жанан,
Ғошшақ жигитлериң мийнетте палўан,
Уллы өмирлерге өрнексең Шымбай!

Кең майданда күндиз-түни тынбаған,
Ай жамылып ақшам түни тынбаған,
Алтын қолдан ақ алтынлар жыйнаған,
Амангүлдей ердиң төрисең Шымбай!

Рәўшан ақ алтын жыйнаса гүзден,
Райгүл табылған ўәдели сөзден,
Бекбай Өтениязов еки-үш жүзден,
Пахта берген ерлер ерисең Шымбай!

Есемуратжанның алтын даласы,
Пахтаға бөленген ойы-саласы,
Шамурат атаның нағыз баласы,
Алтын атызлардың жерисең Шымбай!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Лениц орден кавалери Ерполат,
Дәўлетмурат, Муратбай, Нәжим қос қанат,
Шымбай халықларының бәри азамат,
Намыслы азамат елисең Шымбай!

Қийикбай, Халықназар, ақсақалларың,
Әўладларың таяр етип балаларын,
Қәмалға келтирип қызын-улларын,
Жастан өсип-өнген үйисең Шымбай!

Аўыр күнлер келгенинде дәсме-дәс,
Барлық директорың болды зәбердес,
Тарийхыңда болған жоқ быйылғы гүрес,
Жайнаған жеңиске жеткенсең Шымбай!

Жолың айдын, күниң ашық шамшырақ,
Жайлаўың мал, сабатыңда арғымақ,
Пахта, салы, жоңышқа өскен жаўдырап,
Бахыт бағларының гүлистен Шымбай!

Басыңнан өткерип қыйын жазыңды,
Бүгин жыйнап алдың өнерпазыңды,
Қоша дәстен шерттиң шадлы сазыңды,
Шады-қуррам болып шадландың Шымбай!

Туўысқанлар бүгин жолыңды тосып,
Қуўанышқа уллы қуўаныш қосып,
Құшақлап сүйисип, қолыңды қысып,
Қутлы-мәрек деди жеңисиң Шымбай!
Бахытқа жумсалсын жемисиң Шымбай!

*1974-жыл, 6-декабрь.*

## МЕҲРИБАН УАТАН

Сен болдың бахтыма қуўат,
Сен менен жасар адамзат,
Сен анасаң, мен азамат,
Қаҳарман, меҳрибан Уатан,
Ең уллы қадирдан Уатан,
Бахытлыман, қойныңдаман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жеңис пенен алға басқан,
Езилген халықтың көзин ашқан,
Жаҳанға жақты нур шашқан,
Ерликти қоллаған Ўатан,
Жеңиске жоллаған Ўатан!
Ана-Ўатан қойнындаман!

Көксинде бахыт қуяшы,
Желкилдеп өскен гиясы
Туўысқан халықтың жолдасы,
Жеңиске үйренген Ўатан,
Нурларға бөленген Ўатан!
Ҳәмме ўақыт қойнындаман,
Саған ай, күн тирек болған,
Уллы партия меҳрибан!

## ЖАСАСЫН ДОСЛЫҚ

Кең әлемге көксин төсеп күн шығып,
Жер жүзине шашты қызғын қуяшын,
Түнерген түн мантыққандай туншығып,
Жылжығандай болды жайып қулашын.

Ҳәрбир адам кәсибине киристи,
Ҳуким сүрди турмыс ушын тиришилик,
Сүтке тойған нәрестеге тил шығып,
Әўпилдесип, апыл-тапыл жүристи.

Тербелип тур өмиримниң бесиги,
Шадланаман, нәрестедей шалқайып,
Ашылып тур алтын таңның есиги,
Таң шуғласы әтирапқа тарқалып.

МИЙНЕТ!
БАХЫТ!
ДОСЛЫҚ!
ТЕҢЛИК!
БИРЛИКТЕ —

Масайраған миллионлардың биримен, —
Ел хызметин атқарғанман ерликте,
Өз пайымды туўрағанман ириден,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Барлығыда —
Барлығыда
усының —
Дослығымның дәрманымның даўасы.
Аспандай кең кеўли ҳәрбир кисиниң,
Өз елимниң дәртке даўа ҳаўасы.

Дослық анамыздың уўыз сүтинен,
Бэйымызға синген сезим санамыз,
Дослық, шадлық демек паллар ишискен,
Дослық бесигинде өскен баламыз.

Дослық ақшамда ай жарқырап турған,
Дослық жайнаған күн — өмирдиң нуры.
Дослық түспес туўы бирликли қолдан,
Дослықтың айрықша жүректе орны.

Жер шарына жақты берген ай, күндей,
Дослығымыз бизиң мәңги жайнаған,
Бахыт деп тилеймиз ҳәммемиз бирдей,
Сол бахыт дегениң дослық ойласаң!

Дослық жалаўшысы жалынлы жүрек,
Келешек өмирдиң хожасы жаслық!
Пүткил инсаныяттың ҳадал тилеги,
Ай, күндей мәңгиге жасасын дослық!

*1977-жыл, август*

## РОССИЯ

Кең көлем — жер шарында көлбеп жатқан,
Жер жүзине шуғлалы таңы атқан,
Кудирет-қуўат алған адамзаттан,
Мәнзилим-мәканымсаң Россия..!

Таң шығы топыраққа төгилген жер,
Жасыл жапырақ жамылып жайнаған жер,
Дана Ленин туўылған бахытлы ел,
Жанымсаң, меҳрибансаң Россия!

Туўысқан дослық ушын қушақ аштың,
Татыўлық тынышлыққа сәўле шаштың,
Мәканы өзиң болдың нур қуяштың,
Нурланған Ўатанымсаң Россия!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қорған болып жер менен аспанын да,
Жексен еттиң жаў келип басқанында.
Баўырмансаң жер жүзинде досларына,
Коммунизм штабы Россия-!

### БУЛ ДҮНЬЯДА НЕ ӘРМАНЫМ БАР МЕНИҢ!

Не тилесем бәрин берди заманым,
Жигит болдым жадырады жамалым,
Сүйдим алдым, журт мақтаған жананын,
    Бул дүньяда не әрманым бар менин!

Дана Ленин нурлар шашып жолыма,
Ай туўдырды оңым менен солыма,
Йош келип тур қалем услап қолыма,
    Бул дүньяда не әрманым бар мениң!

Есим енди туўған елди таныдым,
Мийнет сүйдим туўған жерди таныдым,
Мәртлер майданында ерди таныдым,
    Бул дүньяда не әрманым бар мениң!

Ел сүйген солдатлар сапында болдым,
Халықтың бәрҳама бабында болдым,
Масайрап бахыттың бағында болдым,
    Бул дүньяда не әрманым бар мениң!

Халықтың қолында өскен соң бирдей,
Өмир жүгин тарттым тартынбай пилдей,
Алғыс алдым, өстим көгерип гүлдей,
    Бул дүньяда не әрманым бар мениң!

Шөлди гездим, таў-тоғайды шолдым мен,
Қәмалыма келип тасып толдым мен,
Қаҳарманлар қатарында болдым мен,
    Бул дүньяда не әрманым бар мениң!

Шаршамадым узақ жолда желиске,
Халқым менен аўзым толды жемиске,
Қаҳарманлар менен жеттим жениске,
    Бул дүньяда не әрманым бар мениң!

Жастан жақсы көрдим ҳүрмет-ләззетти,
Кеўлиме орнаттым ҳадал нийетти.
Сәйил еттим Москваны, Ташкентти,
    Бул дүньяда не әрманым бар мениң!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алма-Ата, Душанбе, Баку, Ашхабад ,
Ҳурмет етти достан болды кеўлим шад
Дослық сезим жүрегимде мәнги яд,
Бул дүньяда не әрманым бар мениң!

Қосық айтсам жаңлап кетер даўрығым,
Өмирдим шадлы, жаман емес саўлығым,
Ул-қызым бар, ақлығым бар-шаўлығым,
Бул дүньяда не әрманым бар мениң!

Ақылым алысып истиң парқына,
Мийнет етиў айланып тур салтыма,
Миннетдарман партияма, халқыма,
Бул дүньяда не әрманым бар мениң!

*1979-жыл.*

## ЖҮРЕГИҢДЕ САҚЛА АТЫН АТАҢНЫҢ

Әмиўдиң бойында өскен дилбарым,
Жаўдыр ала көзлериңе жан қурбан.
Күн десе көзиң бар, ай десе қасың.
Дилбарым ышқыңа пидә шийрин жан.

Зыя-зулпың тарап салланып шықсаң,
Күнде тәслим қалар аспанда жулдыз.
Ақшам иши ай жамылып жүргенде,
Тилден талай дүрлер шаштың дилўар қыз.

Әмиўдиң бойында егилген бағлар,
Палдай жемислерди жегизди саған.
Шалғын егисликлер, таўдай қырмандар,
Саған азық берди, саған берди нан.

Сол ушын ақыллы зийрексең жанан,
Мийнет майданында кәмалға жеттиң.
Қолаң шашларыңды бурымлап өрип,
Ақ алтынлар терип хызметлер еттиң.

Ақылыңа, келбетиңе, жүзиңе,
Ҳәрбир жигит ашық, көрмеге қуштар,
Мыйық тартып жилўа менен күлгенде,
Күндей кеўлиң ашылады сәўер яр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қәўметиңди көрген қуўанып тасар,
Мәўиж урған еркин муҳаббат қайнап,
Шийрин сөзлериңди жаш менен қушар,
Тилден дүрлер шаштың сөйлеп гүл жайнап.

Жаз болса Әмиўдиң тасқын толқыны,
Сениң ғайратыңнан гәўҳарлар шашар,
Ақ түйедей шөккен таў-таў алтының,
Төбеси көк тиреп, қушағын ашар.

Байлықтың, бахыттың ийеси сенсең,
Қолыңда ҳуқық бар басыңда ерк,
Заманның еркеси — саҳыбжамалы,
Сениң намыс-арың халқыма шерик.

Жасың онсегизде, жеттиң кәмалға,
Сайлаў сапарыңда туңғыш адымың.
Жүрегиң шәўкилдеп қуўанып тасып,
Мәңги ядта қалар сол түнги таңың.

Қәўметиңди сулыўлыққа бөлеген,
Ғамқорың партия — ана Ўатаның,
Ең биринши сайлаў ушын келген қыз,
Жүрегиңде сақла атын атаңның.

*1946-жыл.*

## МЕН КОММУНИСТПЕН

Партияға кирдим қанлы майданда,
Алдыңғы қатарда жүрейин дедим,
Жеңислер байрағын тигип жаҳанға,
Жеңсем коммунисттей жеңейин дедим.

Партия билетин қолға алып сүйдим,
Ҳәм маңлайға тийгиздим де ант иштим,
Өлмей қалдым талай өртлерге күйдим,
Өлмей қалдым талай қанларды кештим.

Жүректиң жән-жағын қарыды оқлар ,
Сел-сел болып ақты қып-қызыл қаным,
Аўылды, қаланы өртеди отлар,
Аўыр жарадарман қыйналды жаным.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүрегим үстинде төс қалтамда тур,
Партия билетим — намысым-арым.
Дейди кеўил: мейли түнде, таңда тур,
Услап көрген сайын артар қумарым.

Уллы партияның сана-сезими,
Ана сүти янлы қаныма сиңген,
Сум әжелден сақлап жүрген өзимди,
Партия ата-анам перзентпен сүйген.

Бир сүйем жер ушын гүрестим тынбай,
Жас қырандай еди қайтпаған күшим,
Кәрўан жүгин тартып кепсе де таңлай,
Шыдап шыңға шықтым партия ушын!

Партия — ақылшым, бахтым, саўлатым,
Партия ғамқорым, өмирим тиреги.
Партия баслаўшы даңқым, ғайратым,
Партия туўысқан халықлар жүреги.

Партияға кирдим қанлы күнлерде,
Орынланды пүткил тилек әрманым,
Партияның даңқы пүткил жаҳанда
Жайнаған күн болды, жаса дәўраным.

Партияға кирдим қанлы майданда,
Рәҳәтлендим, рәҳәтлер көремен,
Хабар алған қыял жетпес айданда
Коммунистпен! Бәрҳа алға жүремен!

*1975-жыл.*

### ДОСЛАРЫМ

Тирегимсең туўып өскен топырақ,
Кеўилимдей аппақ ашық аспаның,
Ильич нуры — ай, күнимдей шамшырақ,
Жаҳан билди бахытымның тасқанын.

Күлген күннен көзлериме нур алдым,
Айды қуштым, сулыў сымбат түр алдым,
Жер жүрегин излеп гәўҳар — дүр алдым,
Ашып таслап әсирлердиң астарын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаңа заман жалынындай жигерим,
Жәзийраға жайнаған гүл жүрегим,
Аңсат болды көкте, жерде жүрерим,
Атлап өттип қыяллардың асқарын.

Мийнет сүйип ақылға бас ийилип,
Өмир ушын жыр уршығын ийирип,
Жаршы болып жүрегиме буйырып,
Дәрман еттим туўған елдиң дәстанын.

Күл талқанлап қара түнниң шоқмарын,
Шөллер күтсе шолпан жулдыз шыққанын,
Қыр қойнында жайнап қызыл шоқларым,
Бүгин қулпы дөнди бағы-бостаным.

Салтанатлы сулыў сәўле сәҳәрим,
Ҳадал мийнет тәмийинлер ел нәҳәрин,
Жерге қуяш жайып нурлы бәҳәрин,
Тып-тыныш бир өмир сүре басладым.

Аспан жерден жас қырандай жалтылдап,
Катюшалар жылдырымдай жарқылдап,
Жер жүзинде жеңис салют жарқырап,
Жаў жүрегин жулқып жыртып таследым.

Жан анамдай қадирлисең туўған жер,
Керек болса қан да төктим, төктим тер,
Айтар сөзим ар-намыслы болсаң ер,
Туўған жерди таза сақлаң досларым!

## ҚАРАҚАЛПАҚПАН

Тарийхы бар ең әййемги сағадан,
Ҳешбир қалыспаған сезим-санадан,
Барлық халықтан өзин киши санаған,
Бели берк туўылған қарақалпақпан!

Дүньяға шыққалы нелер көрмеген,
Арғымақ ат минип, жорға сүрмеген,
Қан жутса да жаўға сырын бермеген,
Мәрт болып туўылған қарақалпақпан!

Өмир ушын билген достың керегин,
Достынан аямай берген жүрегин,
Ашлықта да бөлип жеген шөрегин,
Озалдан дос сүйген қарақалпақпан!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мийман келсе берген барлық жыйғанын,
Қайтарында берген қапқа сыйғанын,
Бәрҳама ойлаған адамның ғамын,
Досқа дәрман үйген қарақалпақпан!

Бурынлары жүрген болса шөл гезип,
Ҳәзир мәкан басты үскене дүзип,
Зарлатқан жаўыздың тумсығын езип,
Жаўдан кегин алған қарақалпақпан!

Ҳадал мийнет етип аямай терди ,
Пахта, салы егип, молайтып жерди,
Бахытқа бөлеген туўылған елди,
Жаңарып, жасарған қарақалпақпан!

Уллы рус қолын созып баўырман,
Мийримди қандырды ашылып сағам,
Қазақ баўырласым, өзбек өз ағам,
Халықларға баўырман қарақалпақпан!

Ақыл-күшти киши жастан дөреткен,
Шөлистаннан бағы--бостан дөреткен,
Шайырлары жаңа дәстан дөреткен,
Бахыттан йош алған қарақалгақпан!

Журттан бурын алған тийисли шегин,
Жайлаўында маллар, жеринде егин,
Халықлар менен мәңги қосқан жүрегин,
Халық пенен қуўанған қарақалпақпан!

Байлық өнген таў, тас қыры-ойынан,
Алтын өнген қушағынан қойнынан,
Үлкен қурылыс қурған Түйемойыннан,
Қаҳарманлық қылған қарақалпақпан!
Дана Ленин сүйген Қарақалпақпан!

## БАУЫРЫН ҚАРАҚАЛПАҒЫН

Әсирлер бойы сабылған,
Түн думанын жамылған,
Айдасып өмир кәрўанын,
Ҳеш кетпеген жанынан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Туўысқан-туўған урпағың
Өзиңниң қарақалпағың!

Көксиңниң күндей тумары,
Көзиңниң нурлы қумары,
Бир анадан туўылған,
Егизиңниң сыңары.

Бетиңдей бети жалпағың
Баўырың қарақалпағың!

Көзиңе көзи усаған,
Сөзиңе сөзи усаған,
Айырмаң жоқ ҳешқандай,
Өзиңе өзи усаған —

Ул-қызыңдай ғулпағың,
Сүйилки қарақалпағың

Өриси сыйлы ортаңда,
Еркелеп жүрер арқаңда,
Баўырлас елге бас қосқан,
Бир мүшең уллы аўқамда. —

Қосыла жанған шырағың,
Саўлатлы қарақалпағың!

Қанына қаны аралас,
Мәңги досқа қосқан бас,
Өтлесип кеткен қос жүрек,
Ҳешбир ўақыт айрылмас. —

Бириккен бес бармағың,
Айрылмас қарақалпағың!

Сағынып келип сүйисип,
Ортаға өнер үйисип,
Уллы ана — Уатанда,
Қушақлап бас ийисип.—

Бир тутқан намыс байрағың,
Жан қосқан қарақалпағың!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таўына шығып қырандай,
Жеринде жүрип қуландай.
Жан жүрегин бир қосқан,
Лениннин егиз улындай. —

Жасаймыз ара қазағым,
Жан иниң қарақалпағың!

*1972-жыл.*

## КӨК ТӨБЕДЕ

Құралай көз деп сүйер-ем құрбым-аў,
Алма-Атаны аралатшы жол баслап,
Алабында аймаласып Алатаў,
Жүрейикши баяғыдай ғоддаслап.

Қызыл гүллер, сары гүллер, ақ гүллер,
Бөледи ғой жәннетиниң ишине.
Сайрап тур ғой сандуўғашлар—булбиллер,
Гүўа болсын биз қыдырған кешине!

Жүрши құрбым аррағырақ барайық,
Шыңға шықшы, бийиклерге мин өзиң,
Алма-Атаға тас төбеден қарайық,
Қорықпа! Жоқ ғой баяғы асаў минезим...!

Айды қарашы... Және туўған үшинен,
Өткенлердиң бәрин ядқа салайық.
Көк төбеде — ақ отаўдың ишинде,
Та өлгенше ойын ойнап қалайық!

*1972-жыл.*

## ҲҮРМЕТ ЕТИП

Қазақстан дегенде Қызыл Орда,
Жаҳанга жулдыз болып танылғандай.
Жайнап-жаснап, нурланып Москвада,
Октябрьдиң сәўлесин жамылғандай.

Қызыл Орда қазаққа пайтахт болып
Орнатты жаңа өмирдиң ҳүкиметин.
Езилген ел ишине бахыт толып,
Қабыл алды Лениниң декретин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қосылып қазақ пенен қарақалпақ,
Қосылғанда Уатанның аўқамына
Еки ел орайы еди озалдан-ақ,
Қуўанып қол созғаным Қызыл Орда.

Қызыл Орда дегенде қызғын күнлер,
Урыс-шабыс ядыма түсер бәрха.
Мойымай мың-мың болып Жангелдинлер,
Биз ушын қаным төкти турып бәрха.

Қудиретим, қуўанышым Қызыл Ордам,
Сулыў сәнин сағынып келдим бүгин.
Жүрегимде жулдыздай турсаң мудам,
Туңғыш улдың сәлемин бердим бүгин.

Қырың қызғыш, ойында өмир қызық,
Сары алтын салыға мәкан болған.
Картада шекараң тур жалғыз сызық.
Бир жағы қарақалпақ ели турғаб.

Абай, Бердақ, тилеқтиң әнин салды,
Халықтың, муңлы зарын өлендетип.
Баўырың қарақалпақ келип қалды,
Қушақ ашып қуўанып ҳүрмет етип.

*1972-жыл.*

## ЖАНЫМ ҚУРБАН ТУУЫСҚАН ҚАЗАҚ ЕЛИНЕ

Жәннет екен қулпы дөнген Алма-Ата,
Жаслығымда бунда неге келмедим!
Шығып едим көшесине күн бата,
Гүлден басқа ҳеш нәрсени көрмедим.

Гүл ишинде таң қусындай таранған,
Көзим түсти периштедей бир қызға,
Бул қандай жан жилўа менен доланған,
Ғарры қыял ушып кетти жулдызға.

Қызыл ала гүл ишинде қыз-жигит,
Шады-қуррам шәўкилдескен жүреги,
Ғумша гүлди көгерткендей-ақ шигит,
Ән, күй бийге араласады да жүреди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таўдан аққан мөлдир булақ суўына,
Ашық болып көз қумарың тарқамас,
Толқын көлде жүзген аппақ қуўына,
Сайран еткен үйрек-ғазлар алмабас.

Қайда барсаң барлық жери рәҳәт,
Мийриң қанар жанға жаққан желине.
Тас үстине гүл өсирген адамзат,
Жаным қурбан туўған қазақ елине!

*1972-жыл.*

## ШАЛДЫҢ ТҮСИ

Тыныш түнниң қушағында турыппан,
Алатаўдың аспанында нәзерим,
Сәўле шашып атқан яңлы нурлы таң,
Келип қалды күлим қаққан нәзелим.

Жас жигиттей тура қалдым жымыйып,
Ақ жүзиме қызыл орнап қанымнан,
Қызараңлап қара қасы қыйылып,
Шал екен! — деп кетип қалды жанымнан.

Қыз кеткенде қыял қусым қомлазып,
Түс көриппен пәслеў екен дастығым.
Ояндымда узақ жаттым ойланып,
Билмей қаппан кетип қапты жаслығым.

## ҚАРАҚАЛПАҚ СӘЛЕМИ!

Ақ маңлайдан аққан тынық терлерден,
Мырзашөлде мийўа бағлар, майсалар,
Келип көрген узақ-узақ жерлерден,
Мийманларға мың қубылған ой салар.

Даңқың кеткен пүткил дүнья жүзине,
Дәрман бердиң дәстанлардың сөзине,
Ақ алтының әсирлердиң арқаўы,
Топырағың сүрме болсын көзиме.

Мәнзилинде Ильич нуры жарылып,
Қулпы дөнген жериң бағқа малынып,
Қушақ ашып сәлем берип халқына,
Келип турмыз дийдарыңды сағынып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нурлар алған Ленин жаққан шырақтан,
Өзегим бир уллы өмирге ортақпан,
Аспанындай аппақ ашық көўилим —
Дос сәлеми — туўған қарақалпақтан!

## ӘМИУДИҢ СЫРҒА СӘЛЕМИ

Карлы таўдан туўылып,
Тумлы-тусқа тарадық.
Жердиң шөлин қандырып,
Халық мәпине жарадық.

Таў ишинен туўсақта,
Жүрегимиз тас емес,
Узақ жыллар жасадық,
Басымызда жас емес.
Толқын атып жеттик биз,
Суўды сағынған жерге.
Теңдей хызмет еттик биз;
Биэлер жайлаған елге.

Шөлде жүрген шарўаның,
Суўдан шөлин қандырдық,
ГЭС лерге де күш берип,
Шамшырағын жандырдық.

Суўлы Сырым сыңарым,
Саған айтар сәлемим,
Толқыныңдай тасқынлат,
Шалқыт халықтың жүрегин.

Бизиң менен жаңарды,
Үлкемиздиң ой-қыры,
Қутлы болсын жан достым,
Елиңе Ленин ордени.

## СОВЕТ ЖАСЛАРЫ КҮНИН ҚУТЛЫҚЛАУ

Жан жигерим, баўырласым, ул-қызым,
Көкке жетер сениң менен созсам қол.
Келешегим жарқыраған жулдызым,
Өмириң ушын саған салдым айдын жол.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәбегим деп сүйдим баўыр бассын деп,
Ай, күним! — деп аймаладым өзиңди.
Мәрт батырым дедим кеўлиң тассын деп,
Жүрегимнен сүйдим қара көзиңди.

Апп анаң ақ сүтиңе тойдырып,
Ҳәйялады түн уйқысын төрт бөлип,
Мийнет етти таў-тасларды ойдырып,
Перзентлерим жүрмесин деп дәрт көрип.

Атаң минип аўыр асқар таўына,
Маңлайынан төгип жүрди тынық тер,
Соққы берип перзентлердиң жаўына,
Қан майданнан келген еди болып ер.

Көзиңди аш, ойлан мениң перзентим,
Атаң талай толқынларға батқанын,
Сениң ушын тутып ҳадал ниетин,
Саўашларда қанға батып жатқанын.

Отқа урған гүбелектей ақшамғы,
Анаң талай сениң ушын жан берди.
Масақ терип жутып шөлде ақ шаңды,
Өзи өлди бирақ саған нан берди.

Сениң ушын жанын берген бабалар,
Тасқа жазып жигер күшин қалдырды,
Дәрман берип дәўраныңа даналар,
Сениң ушын ақыл-ҳуўшын қалдырды.

Сенде қалды ата-ананның көз нуры,
Сенде қалды ата-ананның мәдары.
Сенде қалды ата-ананның қырағы,
Сенде қалды ата-ананның мәканы.

Соның ушын сен өмирдиң тулғасы,
Атаң янлы жалынлы бол жулдызым,
Жайнай берсин атаң берген туў басы,
Уллы өмир қолыңда тур ул-қызым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қартайсам да үн қосайын үниңе,
Саған арнап жазып дослық дәстанын,
Қутлықлайман совет жаслар күнинде,
Жайнаң, жаснаң келешегим—жасларым!

*1968-жыл, 28-июнь.*

## МИРТЕМИРГЕ

«Шаштың ағарыўы кеўил ақлығы»,
Бул алтын сөзлериң өмир ғазнасы,
Қуўатың шыңлардың болса шоқлығы,
Қалемиң ой тынын сүрер пазнасы.

Сөзиңнен дүр, шәшме, шөллерге ағып,
Көзиңнен нур сәўле сахраға тамып,
Шекеңе суп-сулыў аппақ гүл тағып,
Басыңа орнапты жайнап жаз басы.

Жигирма бес өтти жулдыздай жайнап,
Отыз жаста жүрегиңде йош қайнап,
Қырық жасың қуўантып өмирди сайлап,
Елиў жасың өмир қайық азнасы.

Барқ урып киргенде өмир бәҳәриң,
Нурларға бөленип атты сәҳәриң,
Өзбекстан — аўыл, қала шәҳәриң,
Үйиңе жыйналды етип тойбасы.

Шөлистанды бийлеп нәлше шанышқансоң,
Ел-журтыңа молдан жемис шашқансоң,
Елиўдиң есигин өзиң ашқан соң,
Алпысқа атлады өмир арбасы.

Шыңға шықтың дәрьяң толып тассын,
Илҳамың жаҳанды шолып шалқысын,
Таўсылмасын фонтан болып атылсын,
Күш-қуўатың ақыл-ҳуўшың дәрьясы!

Ана—Уатан сүйип балам дер сени,
Оқыўшың шайырым, санам дер сени,
Ақлық-шаўлықларың бабам дер сени,
Миртемиржан сен жыр-булақ арнасы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ШОПАН МЕНЕН ТАРАС

Әсирлердиң ақсақалы Аралым,
Таң алдында тайдай толқып туўлады,
Шыңға шапшып шетке урып шырпылдап,
Шашырады, шағаладай туўлады.

Теңиз иши астан-кестен арпалыс,
Қайнаўытлап, қурдым жутқан толқынды,
Теңизлерге Тарас қарап тунжырап,
Қыял менен жас жүреги жулқынды.

Жалт-жулт етип төңкерилди толқынлар,
Жаңа ғана атқанында таң шолпаны,
Саңыраў майдан,
Шағырайған түс,
Сур дала,
Шыр-пыр болып келип қалды бир шопан.

Талўас етип турып теңиз бойында,
Тарас көрди келген жетим шопанды,
Көкирегинде ыза кеги қайнады,
Ийниндеги көрип тозған шапанды.

Жетим шопан келип Тарас қасына,
Аш көз бенен қайғы түстен қарады.
Туўысқандай билип Тарас жүрегин,
Ғарип шопан бир тислем нан сорады.

Сол ўақытта Тарас оны аймалап,
Хүрмет етти дос кеўилден аң берди,
Кушағына қысып шопан қаўметин,
Жандай сүйди, ләззетленди—нан берди.

Малды бағып азап көрген жетимниң,
Тарас сүўретинде қалды шапаны,
Сөйтип әне ажыралмас дос болды,
Тарас пенен қарақалпақ шопаны.

## ГҮЛИСТАН

Бир жағы қум,
Бир жағы таў,
Бир жағы Арал



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир жағында Әмиўдәрья булқыған,
Қара түнек, қар орнына қан жаўып,
Көк гүмбезин шақмақ шағып жулқыған.

Тарас отыр жағасында теңиздиң,
Сүўрет салып сары уўайым ишинде.
Күндиз көкте қойыўланған қара булт,
Түнде тас шыра бар ҳәр күн кешинде.

Уллы шайыр нәзеринде кең саҳра,
Көз жиберди қарақалпақ жерине,
Үш тәрептен зәҳәр шашқан әйдәрҳа,
Азап берген қарақалпақ елине.

Сол уўларды, сол зәҳәрли жыланды,
Жеңшип таслар қосық жаздың қайтпастан,
Тарас ата түбимиз бир туўысқан,
Сен көрген саҳралар,
Ҳәзир гүлистан.

## ЕКИ ЕЛДИҢ ЕРКЕСИ

Тарас ата еки елди
Әўел бастан дос қылдың,
Украинага мийман болып,
Дузын таттым достымның.

Егизимиз туўған елдиң,
Еркин заман еркеси,
Жыл-жыл сайын жасармақта,
Туўысқан ел үлкеси.

Еки елдиң еркелеген,
Еркин өскен баласы,
Екеўиниң ең әўелден,
Тарас екен бабасы.

Тарас ата өзиң көрген,
Әмиў менен Днепр,
Жүрегине жүрек қосты,
Жайнамақта жасап бир.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еки шайыр ел еркеси,
Сулыў сөздиң устасы,
Бизге мийрас сөз кестеси,
Узақ жасар қыссасы.

Сол қыссаның насыры сиз,
Сол қыссаның сөзи сиз.
Дос туўысқан еки елдиң —
Перзентиниң өзи сиз.

## ЖҮРЕГИМНЕН — ЖАНЫМНАН

Қызғын урыс, қанлы майдан,
Украинаның жеринде,
Фашист пенен айқасқанман.
Қан қосылған териме.

Арсыз жаўды ийттей етип,
Мылтық пенен атқанман,
Қашқанларын қуўып жетип.
Қылыш пенен шапқанман.

Алысқанман, атысқанман,
Өлтиргенмен душпанды.
Хеш қайтпастан қорғағанман,
Украиналы дос жанды.

Оқ таўсылды,
Қылыш сынды,
Пышақ түсти қолымнан,
Қуладым мен қар үстине,
Гүдер үзип жанымнан.

Қыстың күни қара түнде,
Қар астында қалдым мен.
Ишимде өрт, жүрек жанған,
Қар суўына қандым мен.

Қаўметиме қорған болды,
Украинаның даласы.
Қар астынан ашып алды,
Бир партизан баласы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Госпитальда жаттым барып,
Күш бермедим өлимге,
Украинаның докторлары,
Қайта қосты өмирге.

Госпитальдан шықтымдағы,
Қурал алдым қолыма,
Дослар менен дәкки бердим,
Жаўыз душпанларыма.

Украинаның уллы елин,
Қутқардым душпаныпан,
Украинаны сүйемен мен,
Жүрегимнен—жанымнан!

*1965-жыл. Май.*

## ДОСЛЫҚ СӘЛЕМ

Нур қуяш жайнатып аспан әлемин,
Сизге алып келдим дослық сәлемин! —
Қабыл алың қадирданларым мениң!
Москвалы жанажанларым мениң!

Қыз-жаўаным мийнет етип ойнаған,
Жигитлерим елдиң ғамын ойлаған,
Еки бай, халқы шад Ўатаным мениң
Қадирдан досларым мийманға келиң!

Топырағы алтын, қумлары гәўҳар,
Жерлери гүлистан, суўлары шалқар,
Қарақалпақстан мәканым мениң —
Қадирдан досларым мийманға келиң!

*1973-жыл.*

## АРНАУЛЫ ХАТ АННАҚЫЛЫШ ДОСТЫМА

Толқыған Аралым, шалқыған Әмиў,
Ели бай, халқы шад Ўатаным мениң,
Октябрьде тигилгенде Қызыл туў,
Туўысқан дослықтан болды беккем бел!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен де мыңлар қатарында өскенмен,
Арқа тәрепинде Әмиўдәрьяның,
Туўылған жердемен киндик кескеннен,
Туўылған жер — мениң анам дәрманым!

Еки шопан едик, еки елдеги,
Екеўимизде жүрдай жетим болғанбыз.
Екеўимизде болдық байдың ермеги,
Жазда күйип, қыс айында тоңғанбыз.

Тар жол, тар күнлерде қысылды жаның,
Зарлап көрдиң зулымлықтың жәбирин.
Қолыңнан төгилди қара таяғың,
Еситкенде хәўлеки бай хәмирин.

Бизиң зарымызды қула дүзлерде,
Еситкенде таслар ерип, ақты жас.
Жалаң аяқ жүрдик, қыста, гүзлерде,
Тастан қатты екен, шыдады бул бас.

Жүректеги дебдиў, дәртлер менен зар,
Таў, тоғайды кең даланы гүңирентти.
Бизлер дүзде, үйде зарлап аналар,
Жәбир-жапа менен өзин жүдетти.

Сен түсликте дуўтар шертип зарласаң,
Мен арқада сыбызғымды шерткенмен,
Жаўыз езип жүрегиңнен жыласаң,
Ериксизден ел баўырын ериткенмен.

Сен дуўтарға дәртлериңди қосқанда,
Мен қайғымды қобызыма ыңыранттым,
Бай қамшысы жаўырынымды осқанда,
Мен шыдадым, тек дослықты унаттым.

Дослық деген беккем екен ойласам,
Темирден де, полаттан да, тастан да,
Ериксизден мен еңиредим, жыласаң,
Қор-зар болдық хәрбир адым басқанда.

Достым Аннақылыш! Барлығы өтти,
Басымызға бахыт қонды жадырап.
Жайнап-жаснап, жарқыраған күн жетти,
Бизлер жүрмиз шадлық пенен жарқылдап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сен дийқансаң, мен шайырман—бул бахыт,
Бул бахытты өзи берди Лениниң,
Дәўиримиз бир, туўылғанбыз бир ўақыт,
Аннақылыш — азаматы елимниң.

Сен жасаған Ташауздың елаты,
Бүгин мақсет-муратына жетип тур.
Егиз туўған еки елдиң қуўаты,
Жарысларда бәрҳа алға өтип тур.

Түркмен менен қарақалпақ халқының,
Озал баста ар-намысы бир болған,
Мақсети бир жасы менен картының,
Дастурханы, жап, арнасы бир болған.

Аннақылыш жетилгенбиз жетимнен,
Нурлар алып Октябрьдиң таңынан.
Жалынланған жигиттеймиз жетилген,
Қыз алысып, қыз берсең де қайылман.

Жүрегимнен жырлар төгип жазамап,
Мийнет пенен тапқан елдиң олжасын.
Қутлықлайман Аннақылыш баўырым,
Ташауздың шәҳәр менен обасын.

*1977-жыл, 30-Октябрь.*

## ҚЫЗЫЛ ГҮЛИМ БИЙБИЖАН

Тарийхлар таңындай даңқың Ташауз,
Меҳрибан миймандос халқың Ташауз,
Жыллы жүрегинде жәннет бар екен,
Көўилиң күндей, жериң алтын Ташауз.

Сулыў сәўлелер бар мүшелеринде,
Жасыл жапырақ жайнап көшелеринде,
Сәйил еткен ғошшақ жигит, гөззал қыз,
Нурға бөленеди кешелеринде.

Жақсы көриў көз қумары қызылда,
Ерлик сыпаты бар улың-қызыңда.
Мениң көўилим қалып қойды мәңгиге,
Бийбижаным берген наның, дузыңда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызларыма усар туриң Бийбижан,
Сөзлериң дүр, шийрин тилиң Бийбижан,
Ташауздың жулдызындай жайнай бер,
Қулпы дөнген қызыл гүлим Бийбижан!

## УЙЫҚЛА ЖИГЕРИМ

Күндиз қызық, түнлер тыныш,
Уйықла улым, уйықла қызым.
Сондай татлы бизиң турмыс,
Уйықла жаным сен жулдызым.
Уйықла жигерим!

Өскен елиң бағы-бостан,
Жериң ҳасыл, бағында гүл,
Шайыр атаң айтар дәстан,
Сен бағымда сансыз бүлбил.
Уйықла жигерим!

Ашық аспан, таза ҳаўа,
Жаў-жарақтан шықпас түтин,
Шийрин жаным, саған саўға,
Бар өмирим саған пүтин.
Уйықла жигерим!

Билим саған өмир-ай күн,
Булағына қансаң жастан,
Сизлер маған жаңлаған үн,
Сизлер менен мен де жаспан.
Уйықла жигерим!

Үйимиздиң төбесинде,
Жарқырап тур бахыт күни.
Күндиз бенен кешесинде,
Жаңламақта дослық үни.
Уйықла жигерим!

Келешегим ул-қызларым,
Тилегинде шайыр атаң,
Жер жүзине сәўле шашсын,
Ленин берген нурланған таң.
Уйықла жигерим!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТҮРКМЕНСТАН ГӨЗЗАЛЫ

Ақылы зийрек,
қара көзли,
ай жүзли,
Меҳрибан қыз,
мийнет сүйгиш,
мәрт сөзли,
Алтынлы бәҳәрли,
гүмисли гүәли,
Өмир жазым Түркменстан гөззалы!

Дослық муҳаббаттың сырларын шешти,
Жүрек шәшмеңизден кеўил суў ишти,
Ай-күндей нур етип күндиз ҳәм кешти,
Өнерпазым Түркменстан гөззалы!

Дунья халықларына жарқын жамалың,
Қызыл шоқтай жайнаған жүзинде қалың,
Күн сайын арттырып ышқы қумарың,
Сүйген жаным Түркменстан гөззалы!

Ғалы гилемиңе кесте болайын,
Қолыңа ал бир гүлдәсте болайын,
Алтын дуўтарыңда сазың болайын,
Хош ҳаўазым Түркменстан гөззалы!

## БҮГИН

*(Пахта байрамына келген Хорезмли досларға)*

Әўилдеген нәрестедей кеўли ақ,
Мәрдана ел, жүреги пәк, неси ҳақ.
Сыңарың қаҳарман — ер қарақалпақ,
Баслады табыстың тойларын бүгин.

Дослар ушын үнем болған пал өзиң,
Жүзимдеги жарасықлы қал өзиң.
Хош келипсиз ханаласым Хорезм,
Сиз бенен басланды тойларым бүгин.

Ата-бабам арғы әййем заманнан,
Бир-бириниң қадирин билген озалдан,
Дузымыз бир, асымыз бир қазаннан,
Тойыма жарасты бойларың бүгин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызларының жилўа назлы жәўланы,
Жигитиниң арысландай палўаны,
Қур баслаған шабандозлар кәрўаны,
Дүбирлетсин Әмиў бойларын бүгин.

Алтыннан таў еткен маңлай теринен:
Хош келипсиз Хорезмниң елинен,
Орныңыз тур тойхананың төринен,
Сизге ашық ақ отаў—жайларым бүгин!

## ТУЎЫСҚАН ТӘЖИКСТАНЫМ

Бахытқа бөленген жулдыз елинен,
Әмиў, Арал — ҳасыл қундыз елинен,
Қарақалпақ батыр қырық қыз елинен,
Келип турман туўған Тәжикстаным.
Қушақласып көрисейик досларым!

Саўлатлы сынбас сағым өзиңсен,
Жаралғалы жан булағым өзиңсең,
Шығыста нур шамшырағым өзиңсен,
Қуяшлы ел еркин Тәжикстаным!
Күн менен тең көркиң Тәжикстаным.

Памирдеги пәрўаз еткен бүркитим,
Баўыр басқан улың, қызың, жигитим,
Аспаным бир — жерде алтын шигитим,
Кәсибим бир туўған Тәжикстаным!
Дүнъяра даңқ дослық тарийх дәстаным!

Дана Ленин сүйген перзентбиз егиз,
Жүрек бир, тилек бир — туўысқан елмиз,
Мәңги меҳрибанбыз, бирадармыз биз,
Қос қанатың қарақалпақ досларың,
Сәлем деди туўған Тәжикстаным!

## РЕГАР

Дослық дийдарыңнан таптым дәрманым,
Қойның жәннет екен, ҳеш жоқ әрманым,
Кеўлимди йоштырды хош ҳаўазларың,
Сәлем Сизге досқа мәкан Регар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аралымды жайлар ғазыў, қуўларың,
Көз жасымды жуўды шәшме суўларың.
Ҳинжи, гәўҳар екен, тасың, қумларың,
Жүрегимде қалды дәстан Регар!

Байлыққа кән екен саҳра, дүзлериң,
Шийрин мийўаларың, ҳасыл дузларың,
Күтип алды қырық бурымлы қызларың,
Жулдызлар дизипсиз жастан Регар.

Жетип келдим жаңа мәкан елиңе.
Минип алып ақ лашыңның белине,
Достымыз Мирзаев Әскералиге,
Сәлем алып келдим достан Регар.

Тауға таңба таңда басқан излериң,
Алтын қырманларың, гүмис гүзлериң,
Алдын рәўшаным ашық жүзлериң,
Табысларың толып тасқан Регар.

Әмиў сағаларың, еки қырғағың,
Бағларға бөлединң саҳра қырларың,
Қуяш шафағындай шашқан Регар!
Кеше күндизлери Ильич нурларың,

Мийнеткеш халықсаң талмаған белиң,
Бағларға бөленип жайнаған елиң,
Аспанындай ашық екен кеўилиң,
Дос ушын қушағын ашқан Регар.

Қутлы-мүбәрек болсын бағы-бостаның,
Меҳрибан екен ҳәм ғарры-жасларың,
Сәлем деди қарақалпақ досларың,
Жайна-жасна бахты асқан Регар!

## ДОСЛЫҚТЫҢ САЗЫ

Жымынлап өтеди жыллар жулдыздай,
Өмир көшерине мыйығын қағып.
Күн, ай дизилисер бәҳәрги ғаздай,
Күндиз, түн алмасар толқында ағып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қанша ақсадағы таўсылмас изи,
Мың әсирлер жасаса да қартаймас,
Усамас өмирдиң бәҳәри, гүзи,
Миллион жыл турса да екен өзи жас.

Қарлы қысты қуўып шықса бәҳәри,
Бәҳәрдиң қойнын толтырар жазы.
Миллион әсирлердиң атқан сәҳәри,
Барлығы да екен дослықтың сазы!

## БАҒМАН ЖИГИТКЕ

Бағман жигит гүлиңизге суў болып,
*Сыңсып күлип ақсам қалмас әрманым,*
Қеўил дәрьяңызға аппақ қуў болып,
Еркин жүзип жүрсем тарқар қумарым.

Бағыңызда бүлбил болып сайрасам,
Тарқар ма еди жүректеги қуштарың,
Салқын саяларда бирге ойнасам,
Қумар болып Сизди сүйип қушқаным.

Бағыңызға киргенимде қарадың,
Жүрегиме жалын ушты көзиңнен.
Алма атып меннен нелер сорадың,
Анықлап айт, қайтпа мәртлик сөзиңнен.

## АССАЛАУМА ӘЛЕЙКУМ БАШҚУРТСТАНЫМ

Сәлем сизге башқурт ели баўырым,
Сәлем сизге баба журтым Ақ жайық,
Сәлем айтты пүткил қала, аўылым,
Келип турман қушағымды кең жайып.

Алып келдим ақ отаўын атамның,
Дослық сабағынан тоқып басқурын,
Жайнаған нурында бахытлы таңның,
Жүрек жырын тыңла туўған башқуртым!

Ақ жайығым, Ақ едилим деп бабам,
Аңсаса да жете алмапты сабылып.
Орнаған соң Ленин берген кең заман,
Келип турман дийдарыңды сағынып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әсирлерше әрманымсаң Ақ едил,
Мәнзилинде әжем келин болған жер,
Озал бастан аты таныс Оралым,
Туўысқанлық тойда халық толған жер.

Тилек бир, мақсет бир елмиз туўысқан,
Қадирданын Қарақалпақстанын.
Туў көтерген, түп тамыры тутасқан,
Мәңги жаса! Батыр Башқуртстаным!

*1977-жыл, 5-июнь.*

## ОҢ САПАР

Бабам менен бабасы бир халыққа,
Қонсы қонған даласы бир халыққа,
Аўыл-ели, қаласы бир халыққа,
Баратырман айдын болсын сапарым.

Нурлы таным шадлы хабар жетирген,
Кәкти гөзлеп кеўлим шалқып лепирген,
Өткенимде тас темирли көпирден,
Деди Әмиў оннан болсын сапарың!

Отырғаннан Хожелиден поездға,
Таңда жеттим Үстирттеги Қырық қызға,
Бердақ, Әжиниязда тойып қымызға,
Ушыраттым қурылысшылар топарын.

Бейнеў, Гурьевтен де өтип кеткенде,
Саратовтан, Куйбышевтан өткенде,
Екинши күн Едилге де жеткенде,
Кеўлим сезди қуўанyштың хабарын.

Туңғыш ирет көргеним бул Уфаны,
Халқы екен ашық кеўил уфалы,
Мийрим қанғанынша сүйдим құшақлап,
Уллы рус, башқурт пенен татарын.

## СӘЛЕМ АҚ ЕДИЛ

Урал менен Ақ едилим деп бабам,
Талпынсада жете алмапты сабылып.
Қуўанышлы қоршап алып айналам,
Келип турман дийдарыңды сағынып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әсирлерше әрманысан Ақ едил,
Ақ жамылып әжем келин болған жер,
Озал бастан аты таныс Оралым,
Туўысқанлық тойда халық толған жер.

Тилек бир, мақсет бир, татыў туўысқан,
Халық батыр — бәри бирден азамат.
Әмиўдәрьям, Ақедилге тутасқан.
Кушақ ашып қабыл алды Салават.

Арғымақтың устинде тур Салават,
Жулдыз гөзлеп Ақ едилдиң бойында,
Мийнет женис қуўанышы қат-қабат.
Сәлем дослар шағлан бахыт тойында.

АШЫҚЛЫҚ ЛИРИКАСЫ

Қосылғаны ушын журекке журек,
Узақ-узақлардан мен келдим излеп,
Ақ едил бойына өскен ақ қайың,
Саясында турман мен көкти гөзлеп...

Көк орман, майсалы далаларынды,
Кеўилим кундей ашылып өткердим көзден
Әлўан жай, кең көше қалаларынды,
Тынбай сени излеп мен болдым гезген.

Таппадым, тыным жоқ, шомылдым терге.
Көз алдымда сениң кулген көзлериң,
Әмиў бойларында жургенде бирге,
Ядыма туседи шийрин сөзлериң.

Тун бойы тыпыршып, тебиренип тынбай,
Тунги уйқым төрт бөлинер сен десем.
Жол узақ болса да ҳеш сағым сынбай,
Бийтап болдым жазыларман емлесең.

Мийим мең-зең болды өзиң деп мениң,
Делбесиндей болдым саҳрада дуздиң,
Шомылыўды жақсы көрериң сениң,
Есимде Едилдиң суўында жуздим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Суўдан да, таўдан да таба алмастан,
Ақылдан адасқан аўыштай болдым,
Сорадым ғазлардан, тырна, таўыстан,
Үш күнде қуўраған ғаўыштай болдым.

— Келдиң бе жананым! Ырастан сен бе?
Курбан болсын көзлерине көзлерим!
— Келдиң бе жананым! Ырастан сен бе?
Бахтыма нур болды айдай жүзлерин!

Орал таўларынын гәўҳар тасыман,
Ақ едилин дәрман болсын жаныма,
Мәнги кетпе жаным мениң қасымнан,
Қуўанаман қан тарады қаныма!

Қосылғаны ушын жүрекке жүрек,
Бар орнасын бизлер басқан жерлерге,
Тарасын әўладтан әўладқа өрнек,
Салаваттың аңызындай еллерге.

## БАШҚУРТ СУЛЫЎЫНА

Сен сулыўым сандуўғашым,
Аппақ екен билегин,
Сениң менен түнде жүрсем,
Атпасын таң тилегим!

Көзлерине қарайман да,
Айталмайман аржағын,
Ақ едилде бирге жүрдим,
Орынланды әрманым!

Хош ҳаўазын тыңладың сен,
Тыңладың сен бул қарттың,
Башқуртстан гөззалысаң,
Мени қайта жасарттың.

Сен булбилим—сандуўғашым,
Мәңги бирге тилегим,
Сенин ушын Ақ едилде,
Қалып қойды жүрегим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТАБЫСҚАН ТИЛЕК

Мын әсирлер, миллион жыллар, бабалар,
Излеп табалмаса ужмақ ошағын,
Бүгин таптым орынланды әрмапым,
Башқуртстан жәннет скеп қушағың!

Киндигимниң қаны тамған жеримдей,
Қушағыңа кирдим қалдым үйренип,
Әттең аппақ қар жаўып тур басымда,
Жигит болсам қалар едим үйленип.

Қуўанышта бирге шадлы өтермен,
Бирге қосып мәңги жүрек дәстанын,
Сени көзим қыймай, қалай кетермен,
Тамырым терең туўған Башқуртстаным!

## КӨК ШАЙ МЕНЕН ҚАНТ

### (*Мәлеуиздеги қант заводының рабочийларына*)

Таң атады шуғла шашып күн шығып,
Мен турман жайнап-жаснап жигиттей.
Мен шығаман үйде отырмай туншығып,
Жерди тесип бөртип шыққан шигиттей.

Шынықтырып шын терлетип денемди,
Үйге кирсем қосық айтар қуманым.
Төсеп алып тасқа ғалы гилемди,
Көк чай ишсем тарқалады қумарым.

Сулыў жерде, бай елатта жасаған,
Мәлеуиздиң батыр палўан халқы бар,
Көўил ашқан көк чай менен жасаған,
Жанға жаққан шийрин-шекер қанты бар.

Мәлеуиздиң қант заводын көргенде,
Палдың дәми келди ҳәрбир адымда.
Ҳәр бириниң ақ үйине киргенде,
Ақ көўилден ақ нан қойды алдыма.

Күш-қуўат бар Мәлеуиздиң қантында,
Жер жүзине жайып қойған өңирин,
Пүткил халқым сүйер сениң атыңды,
Қантыңыздан шийрин болсын өмириң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚУДА БОЛЫП КЕТЕРМЕН

Ақ едилдиң айдын суўын,
Жүздим сүйген яр менен,
Ақ едилдиң аппақ қуўын,
Қуштым барып жар менен.

Дослық пенен ҳәрбир адам,
Мақсетине жетиўде,
Кеўил бердим, көзим қыймас,
Ақ едилден кетиўге.

Ақ едилдиң көпиринен,
Ат шаптырып өтермен,
Бир қыз алып, бир қыз берип,
Қуда болып кетермен.

## ТАҒЫ, ТАҒЫ, ТАҒЫ ДА...

*(Башқуртстанның қосықшы қызы
Фанила Нажмутдиноваға)*

Ақ едилдиң аққуўы,
Жүздиң Арал айдынын.
Мәңги қалды жүректе,
Куралай көз ай жүзиң.

Сүйген сулыў Фанила,
Дослықтың нур таңында,
Апақ-шапақ көристик,
Тағы-тағы тағыд...

Жайық пенен Оралдың,
Еки бойы жасыл гүл.
Зейиңди ашып сайраған,
Сулыў сесли сан бүлбил.

Сандуўғашым Фанила,
Сайрап кеттиң бағымда,
Жырлап жибер жүректен,
Тағы-тағы тағыда...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызыл алма, ақ алма,
Өскен Едил бойында.
Қарақалпақ, башқурттың, —
Туўысқанлық тойында.

Ушырастың Фаннла,
Шадлығымыз шағында.
Қосылысты қос жүрек,
Тағы-тағы, тағыда...!

## БАШҚУРТСТАНЛЫ БАУЫРЛАРҒА

Сәлем сизге башқурт ели — баўырым,
Сәлем сизге Ақ едилим—Ақ жайық!
Гүллер тутып барлық қала-аўлын,
Күтти бизди қушақларын кең жайып.

Ең әўелден болсадағы егиз ел,
Әсир бойы қоса алмады басларын,
Дана Ленин орнатқан соң кең заман,
Тапты халық туўысқанын—досларын.

Жер жәннетин көрдим сениң елиңде,
Нефтиң жатыр шәшмелердей ағылып,
Жигитлериң Салаваттай батырлар,
Мен жүрермен дийдарыңды сағынып.

Кеўлиң ашық кең аспандай жайнаған,
Ҳүрмет пенен, ләззетиңе бөлендим,
Мени бүгин жасарттыңыз қайтадан,
Жалынлаған жас жигиттей түрлендим.

Жүреклерге жүрек қосқан халықпыз,
Бағ орнатып Әмиў, Едил бойына.
Қушағына биз үйренип қалыппыз,
Нама қосып дослық сабан тойында.

Келиў аңсат, кетиў қыйын болып тур,
Хош бол десем жас келеди көзимнен.
Жүрегимди шадлантып күндей нур,
Башқуртымның айдай аппақ жүзинен.

Россия сениң жыллы жүрегиң,
Қойнындасаң анаң — уллы Ўатаның,
Уллы рус ағаң баслаўшың сениң,
Сен сәўлеси болдың шуғлалы таңның.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атасы бир, анасы бир — егизиң,
Мәңги бирге Қарақалпақстаным.
Биреўисең маңлайда еки көзимниң,
Жайна-жасна — батыр Башқуртстаным!

*1977-жыл, 17-июнь. Уфа.*

## ХОШ КЕЛИПСИЗ

Хош келипсиз Белоруссиялы досларым,
Аспанымдай ақ отаўым ашық тур.
Қуўаныштан қушақ ашып халықларым,
Ата-анам ақ жүрегин ашып тур.

Нурлар шашып булттан шыққан ай, күндей,
Дослығымыз дәўран сапап жол ашқап,
Мақсетимиз, тилегимиз мәнги бир.
Жүрегимиз бир, аспапымыз бир аспан.

Жаў үстипе жылдырымдай оқ атып,
Фашистлерден азат еттик қаланды,
Урыстан соң ул-қызымды ойнатып,
Араладым аўылыңды, даланды.

Халқың сақый, слиң абат, жериң бай,
Ақ кеўилсең, Белоруссия баўырман,
Мийрин қансын қушақласып ойнайық,
Жайнап-жаснап жүрегим тур балқыған.

Ара узақ, бирақ мениң жүрегим,
Жүрегиңе қосылған күн нурындай,
Жасыл жапырақ, гүл бөленген жерлериң,
Халықлар сүйген қулпы дөнген Қырымдай.

Ойнаң-күлиң, сейил етип байрамлаң,
Ләззет пенен ҳүрметлеп бас иийин,
Саяҳат етиң Әмиўимде, Аралда,
Ақ жүзиңнен шорпылдатып сүйейин.

Айдын шалқар Әмиў менен аралас,
Туўысқанға суўы татлы Неманның,
Халықлар менен қуўат қостың алға бас,
Хош келдиңиз Белоруссиялы мийманым.

1966-жыл 19-апрель.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БЕЛГИСИЗ СОЛДАТҚА

Бас ушындағы мәнги жанған от,
Мениң жүрегимниң қосты ушқынын,
Сап алтынды сансыз жыллар баспас тот,
Деген яңлы пәк сүйгиси ышқымның,

Жасыл жалын атып тынбай лаўлаған,
Жанған оттан көзлеримди алмаппан.
Узақ жақтан Әмиў менен Аралдан,
Зиятатқа келген қарақалпақпан.

Тыңла солдат бас ушында турыппан,
Кеўлим босап көзлеримнен төгип жас.
Қан майданда емес едиң тынышқан,
Қушағына қысты бүгин қызыл тас.

Тамшы қаның қосылды ма бул тасқа,
Неге қызыл лапламадай дөнип тур,
Жан садаға жаўынгер жас, жолдасқа,
Халық меҳири қуяш болып шашты нур.

Саўашлы жылларда, қанлы майданда,
Душпанларға қарсы турған айбатым,
Мәртликти сөйлер ең тири қалғанда,
Қайсы туўысқансаң батыр солдатым?

Ерисең бе Россия жериниң,
Жигитисең бе уллы Кавказ таўының,
Батырысаң ба қазақ қырғыз елиниң,
Бағманысаң ба Өзбекстан бағының.

Неман, Әмиў, Днепрдиң, Волганың,
Баҳадырсаң ба қайтпас жүрекли
Тәжик түркмен татар, башқурт туўғанның,
Қаҳарманысаң ба батыр билекли.

Сени келеди деп күтер, аналар,
Жолыңа қарайды санап күнлерди.
Ақ шашлы аталар, қызлар, балалар,
Қабириңе қойып кетер гүллерди,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы гүл тәрийплеп, жаслық шағынды,
Бас ушында жайнап береди саўлат.
Әўладлар ядында сақлар ағынды,
Сен мәнги жасайсаң белгисиз солдат.

*1967-жыл, 25-май, Москва.*

## ОН БЕС ЖУЛДЫЗ

Төрт тәрептиң туўысқанлық қорғаны,
Шығысыннан жарқыраған таң атар,
Түслик жағың толған бахыт қырманы,
Батысыңды күн шуғласын нурлатар.

Жүрегинде мәңги халықтың қушқаны,
Ала алмайды оны елдиң душпаны,
Ол қорғаным Ленин дүзген штабы,
Бар әлемге бахыт, дослық орнатар.

Жер жүзинде достың шерик сырына,
Пүткил инсан жүрек қосты жырыңа,
Он бес жулдыз бөленип тур нурыңа,
Москвамсаң өмиримди жайнатар.

*1967-жыл.*

## ҒАФУР ҒУЛАМҒА

Өзбек топырағына басылған изиң,
Көзлериме сүрме болды ағажан,
Халықтың бахты ушын айтылған сөзиң,
Тасқын булақ болып толды ағажан.

Биз бенен биргесең елимде өзиң,
Сайраплап жүрипсен жеримде өзиң,
Қадирдан мийманлар тойыма келсе,
Отырсаң отаўым төринде өзиң.

Қадирдан шайырым — устазым, ағам,
Өмир булағындай таўсылмас сағаң,
Қысса, қосықларың сүйикли атың,
Сүйген жүреклерде сақланар мудам.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзбек топырағын басқан ҳәр изиң,
Миййўалы бағымыз болып тур бизиң,
Барлық дос—туўысқан елге тарады,
Халқыныңн көўлине унаған сөзиң.

*1973-жыл. Ташкент.*

## МАКСИМ ГОРЬКИЙГЕ

Қуўаныш қойынға толған дәўирде,
Халық ырза болар бахытлы өмирге.
Бағ-дәўлет орнаған мәңги заманға,
Тарыйхлар қапысын ашқан адамға.

— Өлим барма?
Айтыңызшы досларым,
Жоқ ҳәм мүмкин емес болыўы булай,
Оқып көриң ҳақыйқатлық дәстанын.

Қаҳарман сыпаты,
Жалынлы сөзи,
Тоғайлар үстинде туйғын ушқандай,
Таўлардың шыңында қалың қарларды,
Пәтли қанат пенен лашын ашқандай.

Қара булттың гүмбезлерин қопарып,
Қыран қус,
Даўылпаз күнди қушқандай,
Бизлер көрдик даўылпаздың пәрўазын,
Еситтик жалынлы шийрин ҳаўазын.

Бул еди Горькийдиң өлмес сыпаты,
Бул сыпат ҳәм азат елдиң қуўаты,
Ана сүти аплы Әмиўдиң суўы,
Болып есаплапса бизге ҳәмме ўақ,
Максим Горький сөзи ақылдың ҳуўшы.

Бизиң ушын шийрин жемиси мол бағ,
Мәдениияттың шешек атқан гүлинен,
Қабириниң үстине орнаттық гүллер,
Мың-мың әсир бойы өшпес естелик.
Ҳинжи қосық пенен ойдық кестелер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сиз сүйген халыққа дүнья бас ийип,
Сизди жүрегиндей сүйер инсанлар.
СССР халықлары жанындай сақлап,
Сизди ҳүрметлейди дәўри-дәўранлар!

## ТАШКЕНТ ГӨЗЗАЛЫ

Қаслары қыйылған жайнаған жүзи,
Көўилге йош берген ойнақшып көзи,
Жүректи жайнатқан бир аўыз сөзи,
Меҳир-муҳаббатлы Ташкент гөззалы.

Жүректиң жемисин еккен бағында,
Мен дәм таттым оннан писken шағында,
Қосығын жаңлатқан бахыт таңында,
Қуштарым, қумарым — Ташкент гөззалы!

Сумбил шашларыңның талы болайын,
Шерткен сазларыңның тары болайын,
Дослық өмириңниң яры болайын,
Қара көзли ярым Ташкент гөззалы!

Жүректиң жулдызы өмирге жанап,
Егиздей еркемсең, сүйемсең жаннан:
Саған қуштар болды пүткиллей жаҳан,
Ай-күндей нурланған Ташкент гөззалы!

*1969-жыл.*

## МЫРЗАШӨЛДИҢ ҚЫЗЛАРЫ

Мырзашөлдиң барлық жери гүл екен,
Қызларының жүзи айдай, күн екен,
Кең қушақлы сулыў семиз қызлардың,
Хызметинде шайда болыў жөн екен.

Мырзашөлдиң еллериниң бәри қыз,
Барлығы да өмир ушын дәри қыз,
Ойнақшыған қара көзи жан алар,
Жанап екен қара қыз да, сары қыз.

Мырзашөлдиң қызларының қолынан,
Орап алды шыға алмадым қурыннан,
Та өлгенше болмас еди әрманым,
Бир пияла көк чай ишсем қолыннан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СӘЛЕМ СИЗГЕ ТУЎЫСҚАН

Мың жыллардың тарийхына шерикпиз,
Тилеги бир украиналы туўысқан,
Гүрес пенен бул дәўирге келдик биз,
Жаўға атланып басты қосып тум-тустан.

Сәлем сизге туўған ели Кобзардың,
Сәлем сизге украиналы туўысқан,
Қабыл алың қызыл гүлин гүлзардың,
Сәлем сизге қарақалпақ халқынан!

Егиз ермиз майданда ҳәм мийнетте,
Ленин идеясы мәңги мәдеткар,
Баўыр басқан батыр елмиз ҳүрметте,
Ғамқорымыз партия бар, Уатан бар.

## ҚАНАЛАСЫМ ХОРЕЗМ

Турмыс абат, кеўилиң шад елатсаң,
Дәрман ырғалың бар, жоқдур ғарезиң,
Мийнет майданында қайтпас полатсаң,
Жан қоңсым ханаласым Хорезм

Өзбекстанымның гөззал гүлисең,
Маңлайымда еки көздиң бирисең,
Уллы алым Әл—Хорезмий елисең,
Тарийхларда жолың уллы Хорезм.

Ай қасында жулдызымдай жубайлас,
Қатар қонған аўылымыз сыбайлас,
Ер мийнетте қыйынлықтан муңаймас,
Қаҳарманлық сениң жолың Хорезм.

Қатар турып қала менен аўылың,
Нардай тарттың үлкен жүктиң аўырын,
Кушақ ашып қарақалпақ баўырың,
Дийдарыңды аңсап келди Хорезм`

Туўысқан халықларға бас қосып бирге,
Жеңис пенен жеттиң жаңа өмирге,
Ең биринши ирет дана Ленинге,
Тарийхый орденди тақтың Хорезм



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әжиниязым күтип таңның атарын,
Сеннен тапты туўысқан дос қатарын,
*Махмуд Палўан менен Әўез Отарың,*
Бул заманда қайта туўды Хорезм!

Мәңгиж урсыц дослығымыз ҳағласын,
Тахиаташым берди Ильич шуғласын,
Бахыт бағларында халқың шағласын,
Мәнги саў бол хапаласым Хорезм!

## ГҮРЛЕН РАЙОНЫ МИЙНЕТКЕШЛЕРИНЕ

Тыңцан еккен бағы менен бостаным,
Шәўкетли ел Қарақалпақстаным,
Бир туўысқан, бир отарлас халықтан,
Сәлем Сизге Хорезмли досларым!

Қушағымды ашып сәлем бергеним,
Маған бахыт шалқып дәўран сүргеним,
Шалқып тасып келдим сәлем бериўге,
Амансыз ба гүркиреген Хорезм!

Егиз елмиз алп туўған анадан,
Мәрт перзентбиз даңқы көпке таралған,
Қаҳарман ел, қайта туўған халықпыз,
Қолымыздан жаңа дүнья жаралған.

Қоңсы елмиз бир-биреўге усаған,
Бахтымыз бир, өмир шерик, бир сағам,
Талўас етип кеўил тасып келгенде,
*Гүрлен болды атлап кирер босағам!*

Халқың шадлы, бай елатсаң Гүрленим,
Дәўир дәрман берди тынбай гүрледиң,
Жигербентим жетип келип жериңе,
Қуўанғанман жел маядай гүўледим.

Күндей ашық еки елдиң жамалы,
Өмирге нур еки көздиң жанары,
*Жеримиз бар бағлар менен бөленген,*
Қос шынармыз зейинди ашқан саялы



www.ziyouz.com kutubxonasi

Еки елдиң бәҳәри бир, жазы бир,
Еки елдиң қосығы бир, сазы бир.
Ашық кеўли, дастурханы, дәстүри,
Еки елдиң мийнети бир, ҳәзи бир.

Мийнет етер гүреслерде басма-бас,
Мәрт жүрекли бул еллерде туўған жас,
Жалынлы ер, жигитлери жеделли,
Қызлары бар ай жүзли гил қалем қас.

Нәўбәҳәрдиң күни шықса жарқылдап,
Бирге атланған гүреслерге жаўқылдап,
Сизде Айша, бизде Айым қаҳарман,
Жәўлан урған жулдызлары жарқырап.

Шадланамыз өмир бағы-бостан деп,
Ел дослығы таўылмастай дәстан деп,
Хорезмли дослар бүгин ат қойдың,
Колхозына «Қарақалпақстан» деп.

Бул ат еки туўысқанның тилеги,
Партиямыз, халқымыздың тиреги.
Бахыт пенен жайнай берсин өмирлер,
Жүрегимиз шын дослықтың жүреги!

Хорезмли дослар менен ханалас,
Сениң қаның жүрегиме аралас,
Мәңги өшпес атым қалды өзинде,
Миннетдарман ҳүрмет пенен ийип бас!

### ҚАЛҒАН ЖҮРЕГИМДИ ӨЗИҢ АЛЫП КЕЛ!

Жәўлан урған жас жигиттей жасардым,
Үш күн, үш түн болып қушағыңызда,
Жүрегиңе жүрек қосып жаслардың,
Қосықлар жаңлаттым қышлағыңызда.

Кеўилимниң ҳеш қалмады әрманы,
Мениң ушың аштың «алтын» аршаны,
Жүрек сөзин жасырмастан айтаман,
Ҳәр баслығың пахташылық маршалы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қара түнниң ашып таслап қамалын,
Таңда сыйпап оятқанда самалын,
Кең далаға көз тасласам Хорезм,
Көз тоймайды сулыў ҳүсни-жамалын.

Жан Хорезм дослық қолым қолыңа,
Алғыс ата-анаға, улы-қызыңа,
Елиме кел баўырыма басайын,
Деп қараймап күни-түни жолыңа.

Шадлық пенен намаларың шалып кел,
Сүйген елдиң сулыўлығын алып кел,
Қушақ ашып Қаратаўдан қарайман,
Қалған жүрегимди өзиң алып кел.

*1967-жыл 10—15-декабрь.*

## ДОСЛЫҚ ҚОСЫҒЫ

Дослық дәўлетимиз қуяшларында,
Миллионлар жасайды болып меҳрибап,
Шадыҳуррам болып бахыт бағында,
Ленин дәўранында жасайды аман.

Кремль қуяшы халыққа шашып нур,
Жер жүзинде жанбақ Ленин шырағы,
Ленин жолламасы алға баслап тур,
Бәрҳа қолымызда Қызыл байрағы.

Ленин партиясы меҳрибанымыз,
Мәңги жексен етти қуллық дәўранын.
Ана—Уатанымыз жанажанымыз,
Орынлатты ҳәр инсанның әрманын.

СССР халықлардың жаны, жүреги,
Нурланған қуяшы дослық заманның.
СССР да бәржай халықлар тилеги,
СССР бахыты ҳәрбир адамның.

## КҮТИП АЛДЫ ТАҢ ҚУЯШЫН

Түн қойнында, тынышлықта төрт тәреп,
Жаздың жели сыйпап еспр жүзинди,
Түнде тыныш мүлгигендей ақ терек,
Көркемленип тартып турар көзинди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аспанда ай нуры менен жер қушып,
Қас қаққандай жымынласар жулдызлар,
Бар-бостанда қосық айтқан сес қосып,
Уйықлап атыр, ғоншақ жигит ҳәм қызлар.

Тумлы-тусқа жибергендей төрт көлик,
Самал есер шөпти-шарды шуўлатып,
Жас билимпаз түн уйқысын төрт бөлип,
Талпынбақта ой толқынын туўлатып .

Көрип киятырмыз әййем заманнан,
Әсирлер гүўасы төгилген қанлар,
Өлген көп, санасақ тири адамнан,
Өмир ушын болған қыршын қурбанлар.

Деп ойланып отыр билимпаз жигит,
Талўас етип ойы таң атар шақта,
Атом күши менен мен ексем шигит,
Атом күши менен писирсем пахта.

Түн бойы тебиренип билимпаз жигит,
Билмейде қалыпты таңнын атқанын.
Жайнаған қуяшқа кеўили жибип,
Көрди перзентинин уйықлап жатқанын.

Перзентиниң сүйип пешанасынан,
Зайыбының барып сыйпады шашын,
Ырза болып туўған жан анасынан,
Күтип алды атқан таңның қуяшын.

*1966-жыл. Январь.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

# ПАХТА БАЙЛЫҒЫМЫЗ — ПАХТА ДАҢҚЫМЫЗ

## ПАХТА

Мерске, мәжилисте, байрам, жыйында,
Сүйкимли сөйлессек сөзимиз пахта!
Бәлки узатылған қызлар тойында,
Айтар қосығымыз — сөзимиз пахта!

Ата-анамыздың белге мәдары,
Сағынып көрискен достай дийдары,
Халықтың қуўаты, сүйикли кәри,
Абырай-атақ, нурлы жүзимиз пахта.

Жалынлы жаслықтың жетер кәмалы,
Ай болып ашылған қызлар жамалы,
Өмирдиң ырысқысы, тиллердиң палы,
Дүйым журтқа берер дузымыз пахта.

Пахта даңқымыздың тиреги болды,
Пахта халқымыздың тилеги болды,
Пахта, — ырбал, дәўлет, жүреги болды,
Қадирли нураний көзимиз пахта.

Пахтаның қадирин билген ҳәр уста,
Бәлки жумыс ислер тынбастан қыста.
Пахтакеш дийқанда таўсылмас қысса,
Қыс, бәҳәр, жазымыз, гүзимиз пахта.

Пахта қуяш алар нурлы таңлардан,
Пахталы кәрўанлар тынбас жоллардан,
Алтын пахта өнер, алтын қоллардан,
Масайрап мақтанар гезимиз пахта.

Көз жиберип кең далаға қарасаң,
Терсең де таўсылмас ҳайран қаласаң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атызларда зүрәәт көп орасан,
Мийнет еткен маңлай теримиз пахта.

Көрсең кең салалы сайлы, қырларын,
Үйген яңлы ақ шағырдың қырманын,
Алпыс жылға үлес қосыў арманын —
Бежердик. Берип тур жеримиз пахта.

Егер етер болсаң нанды теберик,
Сен еткен боласаң жанды теберик,
Соныңдай ет ақ пахтаңды теберик,
Биз ата дийқанбыз кәримиз пахта.

Хәр шигит көгерип тонна қосады,
Егер зая болса хәрбир қосағы,
Зая болған яңлы нанның усағы,
Атызларға басқан изимиз пахта!
Қысы-жазы еткен исимиз пахта!

*Октябрь, 1977-жыл.*

## ПАХТАБАЙ

Пахтабай деп атын қойдым улымның,
Пахтажаным деп сүйсди анасы.
Пахтагүл деп атын қойдым қызымның,
— Пахтагүлим дер өмиримниң панасы.

Пахтабайым — мениң бахтым ашылған,
Барлық халықтың, барлық елдиң тилинде.
Өмир ушын онда тереқ мәни бар,
Пахта деген хәрбир сөздиң түбинде.

*Шымбай. 1979-жыл, август.*

## АҚ АЛТЫН

Мың-мың жыллар батыл болып бүгин
ашылған саған,
Мың жыллап дийқан бабам маңлай терин
төкти саған,
Билимпаз көз нурын төгип, шайырлар
қосықлар жазған,
Тутасқан туўысқанлықтан тарийхың
дәстан ақ алтын!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир жылда он еки ай сениң
гириптарың болған,
Ҳасыл жер, тасқын суўлар, қуяш
мәдаткарың болған,
Ҳәрбир мийнет сүйген инсан, сүйикли
ярың болған,
Дәрман алдым дүйым журттан тағыда
дәстан ақ алтын!

Мийнетке шабандоз болған, батыр
палўанлар сенде бар,
Ел ырысқы алтын гүзги қырманлар
сенде бар,
Гүлхатша, Гүлҳәсел, Саҳибжамаллар
сенде бар,
Мәнзил-мәкан өскен жерин гүлли-
гүлистан ақ алтын.

Қысларда да ғамын ойлап, нәўбәҳәрде
ернсе жер,
Ғалаба халық атланысып, маңлайынан
төгер тер,
Ерлерим ерлик етер, рәҳәтиңди
көрер еллер,
Сен ушын сапта турамыз ең әўел
бастан ақ алтын.

Сен ҳаққында ҳәр үйге, ҳәр адамға айтып үгит,
Жер тегислеп, жер суўғарып, жер сүрип
неше жигит,
Жер қыртысын қырық бөлип, гәўҳардай
шашып шигит,
Балбыраған нәрестедей тәрбияң
жастан ақ алтын!

Ел ырысқы, Уатан байлығы ақ алтын,
аппақ пахта ғой,
Табыслар таўлардай болып, туўысқанлық
басланар той,
Көкирекке орден тағылар, шығар неше
батыр герой,
Өшпесин деп атың жаздым мерўертли
тастан ақ алтын!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚУТЛЫ БОЛСЫН ДОСЛАР ПАХТА БАЙРАМЫҢ

Батыр пахтакешим — мийнет палўаным,
Қутлы-мүбәрек болсын пахта байрамың!
Бүтин тартып келдиң тарийх кәрўанын,
Дослар қутлы болсын Қызыл байрағың!

Сәўирдиң самалы жер бетин қушып,
Аспанынан ғаңқылдасқан ғаз ушып,
Кең далаң бәҳәрде қызыл суў ишип,
Таяр болды керек қурал, сайманың.

Мийнет билсе маңлайдағы тер тилин,
Дийқан билер дүр ағызған жер тилин,
Бар өнердиң, ақыл-күштиң билимин,
Жериң ушын мың әсирлер сайладың!

«Ақ алтының» жайнап-жаснар мәҳәлде,
Көк аспан сел қуйдырса да бәҳәрде,
Қаҳармандай қарсы турып сәҳәрде,
Апаттың бәлесин қоймай айдадың.

Түсинген соң барлық гүрес парқына,
Төрткүллилер бөленди ел даңқына,
Берунийдиң батыр туўған халқына,
Уллы тойда дослық сәлем арнадым!

Алтын болды Кегейлиниң бостаны,
Халыққа аян Хожелиниң дәстаны,
Қызыллады Қоңыратымның қосқаны,
Қутлы болсын жайнап жақты айларың!

Буўылып бел, түрилгенде шалғайың,
Қыран қустай жер-жаҳанды шарладың,
Қуўып жеттиң Шоманайым, Шымбайым,
Қутлы болсын туўысқанлық тойларың!

Дос шадланды көрип табыс нәўпирин,
Мәртлер ели Әмиў, Тахтакөпирим,
Тойға келдиң тарап тулпар кекилин,
Қутлы болсын дослар уллы тойларың!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пүткил елим, ғарры менен жасларым,
Қуўатыма дəрман берген досларым,
Нур қуяшлы Қарақалпақстаным,
Қутлы болсын бул тарийхый тойларың!

*1968-жыл, 12-декабрь*

## СУЎШЫ ҚЫЗ

Өмир ушын өткеллерден өткен қыз,
Жаслайынан мақсетине жеткен қыз,
Ай даланың ашығындай ақ жүзли,
Саратанның сулыў таңын күткен қыз.

Көк теңизин бултлар сүзер шэртандай,
Таң жулдызы тарқамақта шолғандай,
Жаз таңына жолдас етип жүрегиң,
Күтпектесең жайлаўдағы шопандай.

Түн гөззалы жулдыз кетти таралып,
Сары сағым көкте көркем таранып,
Күнде шықты мийнет жырын жар салып,
Пахтазарға сенде шықтың туў алып.

Насослардан атызларға аққан суў,
Бурқасынлап, көбик «түйме» таққан суў,
Жымбыр-жымбыр жер жүрегин, жайнатып,
«Ақ алтынға» ҳасыл қандай жаққан суў.

Күнде ыссы, куштар мийнет, ағар тер,
Мийнет сүйгиш маңлай терим өзине ,
Сулыў дала саўлатысаң суўшы қыз,
Саратанда суў симирип ишер жер.

Бостан етип шөлдиң атын жойшы қыз,
Нəўпир суўды мол ағызып қойшы қыз.
Суўға қансын саратанда сап алтын,
Суў хожасы — ел гөззалы суўшы қыз.

## ПАХТАГҮЛ

Қыйқаш қаслы, ақ денели арыўым,
Жигитиңмен жүрек қосқан Пахтагүл!
Сениң ушын ақыл-күшим, қарыўым,
Халық аўзынан түспес қызсаң Пахтагүл!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кең даламда ҳасыл жерим өзиңе,
Мийнет сүйгиш маңлай терим өзиңе,
Ашықлықтан көз тигемен өзиңе,
Өскен жериң ғумша бостан Пахтагүл!

Бәҳәрдиң нурына жууўып денеңди,
Жаз липасы менен орап денеңди,
Гүзде гәўҳар етип барлық дәмемди,
«Алтын қырман» болып тасқан Пахтагүл!

Сен изи үзилмес қызыл кәрўаным,
Сениң хызметиңде барлық палўаным,
Ғаррылық ықласым, жаслық жәўланым,
Қызғын муҳаббатым қушқан Пахтагүл!

Өзиңе арнап қосық пенен сазымды,
Жолларыңа қойдым өнерпазымды,
Халқым көтереди жилўа-назыңды,
Шер таркар қушаққа қыссам Пахтагүл!

Шиқаслансаң мениң кеўлим жаралы,
Ашылсаң жайпайды елдиң жамалы.
Сен бир халқым сүйген гөззал жананы,
Пахта байрам тойың — йошқан Пахтагүл!

### КӨЗ АЙДЫН

Ана журтым, ата мәкен—Шымбайым,
Бүгин келген кәрўаныңа көз айдын.
Асқар таўдын асып түскен шыңларын,
Мийнет сүйгиш палўаныңа көз айдын.

Узақ жолдың ярымынан асқанда,
Қойыў бултлар қабақ үйип аспанда,
Сел-сел жаўын қарсы алдыңнан тосқанда,
Тайсалмастан турғанына көз айдын!

Көз айырмай күндиз бенен кешиңнен,
Тоқтамадың талўас еткен исиңнен,
Таў-таў алтын ақыл менен күшиңнен,
Қызыллаған қырманыңа көз айдын!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алтынлы, қырмызы, қундызлы елсең,
Журтшылыққа белли жулдызлы елсең,
Жас қыран жигитли, сен қызлы елсең,
Жүрек қосқан жәўланыңа көз айдын!

Мәртлик майданына бурыннан жоспар,
Елдиң азаматы сөзлерин услар,
Қутлықлап қуўаньш, шадланды дослар,
Шымбай халқы шадлығына көз айдын.

Даңқлы елсең жүрген мереке саўып,
Байрам саўғасына алтынлар таўып,
Бүгин тойға келдиң узақ жол шаўып,
Салтанатлы саўлығыңа көз айдын!

## АЛПЫСТЫҢ АЛҒЫСЫ

Алпыс жасап, алпыс гүзди көрсемде,
Ҳеш ўақта көрмедим буныңдай гүзди,
Таў-таў болған сыяр емес керсеңге,
«Ақ алтын» көлинен алтынлар сүзди.

Алпыс бәҳәримниң қулпырған шағы,
Алпыс жыл жайнаған жазымның бағы,
Дүнья жүзин дүбирлетти усы жыл,
Алпыстағы арғымағым дойнағы.

Жайнаса да елиў тоғыз жасымда,
Қондырса да бахыт қусын басыма,
Алпыс жастай болған емес досларым,
Өлшеп көрсем тәрезимниң тасына.

Алпыс жыллар ассам да жол майданын,
Көргеним жоқ бундай алтын кәрўанын,
Алпыс жаста — алпыс асқар көрсем де,
Көрмеп едик бундай тасқын қырманын.

Қырық жыл бойы қайтпай қадем керсем де,
Қырық жыл бойы шабыс, жарыс көрсем де,
Быйылғыдай мийнет жеңисин көрмедим,
Талай жарыслардан озып келсем де.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўырға да, жеңилге де көндим мен,
Алпыс жаста арғымаққа миндим мен,
Қудиретли қуўатынан халқымның,
Алпыс жаста көрмегенди көрдим мен

Алпыс жастың төрт тәрепин тақласам,
Бар сырымды халқым ушын сақласам,
Келип қалар Берунийлер кеўлине,
Батырым деп Төрткүлимди мақтасам.

Ырза болып аўыл менен қалама,
Қуўаныштан сыймай турман қанама,
Әмиўдәрья районы озғанда,
Хожелини мақтамасқа бола ма.

Хәркүни таң менен тыңлайман хабар,
Қап-қап алтын менен толмақта қамбар,
Таў-таў табыс пенен жасай бер үлкем,
Деп жаҳанды бойлап тынбай урдым жар.

Таў үстинен таң қуяшы нур сеўип,
Жер үстинен ҳадал мийнет тер сеўип,
Алпыс жастың ақ нийетли кеўили,
Зийнет етти зибанынан дүр сеўип.

Атыз алтын, қырман алтын, жер алтын,
Туўған жерге гүл көгерткен тер алтын,
Алпыс жастың алғыслары Сизлерге,
Табысларға табыс қосқан ер алтын.

Халқым қуўат алға жүрди кәрўаным,
Қутлы болсын кәрўан тартқан палўаным,
Әрманым жоқ ақ алтынға бөлендим,
Алпыс жасқа алып келип дәўраным.

### АЛТЫНҒА ТЕҢ ХӘР ГРАММНЫҢ САЛМАҒЫ

Кең саланың көксин қасып халық тур,
Майдай жағып алтын қолдың бармағы,
Ақ қалпағын кийип пахта қалғып тур,
Алтынға тең ҳәр граммның салмағы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақ пахталар ақ қуўындай айдынның,
Алтын көлин араласаң азанда,
Буўдақланып кирип атыр бункерге,
Ақ жумақтай аты шыққан озалда.

Қызғын қыймыл, зор ҳәрекет раўаж,
Ғалаба халық сап тутып жүр майданда,
Баҳадырлар мийнет етип ғажжа-ғаж.
Қанар, фартук қап тутып жүр майданда,

Қанар-қапсыз машиналар тасыған,
Қурдай қатнап атыз бенен қырманға,
Қырман толған қызылланған ҳасылдан,
Күн қуры емес, жоллар толған кәрўанға,

Саҳра, майдан—сыр далалар кеңеги,
Мийри қанған көк майсалар жамылған,
Ел қолынан оның ҳәрбир кессги,
Алтын берген, дуйым журтқа танылған.

Алтын өнген алтын қолдың күшинен,
Ана жерим кеңнен жайып қулашын,
Маңлай тери үлкен менен кишиниң,
Ҳадал мийнет сепкен нурлы қуяшын.

Дийқан бабам мийнеткеш халық, палўаным,
Қутлы болсын қутлы қадем гүресиң,
Өмир қуты орынлансын әрманын,
Артсын табысларға қосқан үлесиң.

*1977-жыл.*

## ҲАДАЛ НИЙЕТ, ҲАҚ ТИЛЕК

Арғымақты алпыс жети асқарға,
Шаршамастан келип турман шаптырып,
Айнурынан ақ түс берип шашларға,
Келип турман кеўилимди шад қылып.

Келип қалдым алпыс жети бәҳәрге,
Палўандайман, булшық етли билегим,
Мың шүкирмен қайғы-дәрт жоқ кеўлимде,
Жалынлап тур еледе жас жүрегим.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алпыс жети бәҳәримди көргеним,
Шадлық толып бахыт пенен бөленип,
Әсирлердиң гүўасына теңгерип,
Мен берейин шөллерине бағ егип.

Жайнап турған алпыс жети қуяшым,
Алпыс жети қыс қамалын жеңип тур,
Халық пенен жайылып өмир қуяшым,
Жәзийралар гүлистанға дөнип тур.

Шопан болып маллар баққан жерлерим,
Аўыл болды қала болды қарасам,
Тислем наңға қор-зар болған еллерим,
Абад болды. Байлығы мол орасан.

Жетим едим, жалғыз едим жалғыз бас,
Ҳәзир онлап ул-қызым бар, келиң бар,
Алты миллет үйимде бар аралас,
Оннан артық ақлығым бар, күним бар.

Көргенимде онжетинши бәҳәрим,
Октябрьдиң он жыллық тойын жырладым.
Араладым аўқамның ел шәҳәрин,
Билмек ушын уллы өмир сырларын.

Ҳәр сөзимнен алтын, гүмис өнгендей,
Қызылланды қаҳарман халық қырманы,
Ойда өмир, қырда малы өргендей,
Жеңис пенен аман келип турғаны.

Бос келмедим алпыс жети бәҳәрге,
Елиў жыллық кәрўаншыман, жүгим бар,
Аман-есен жеткерген бул заманға,
Ана Уатан,, жан партиям мәдаткар!

Ден саў болып аўырмасам, жатпасам,
Халқым қуўат, кең өмирди гезгенде,
Алтын тапқан азаматтай атласам,
Жамбул усап үмитим бар жүзден де.

*1977-жыл, Март. Ленинабад.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МӘРТЛИК МАЙДАНЫНДА

Шыққан күнниң шуғласында шағласын,
Мәртлик майданына басқан қадеми.
Мың қыял мәўжирип муқамға басып,
Тынбай зыңғыр шайырлардың қалеми.

Гүз гүмис есигин ашқанда бирден,
Жарқырап жайнады алтынлар терден,
Тыңлайсаң хошадәс, хош ҳаўазларды,
Мийнет майданында қайтпас ерлерден.

Ийинге көтерип аўыр тасларын,
Алға атланысты аўылласларым.
Гейде озып, гейде болып зәнгилес,
Жолға рәўан болды жылаўласларым.

Той жылының таўдай тасқан гүзинен,
Кәрўанлар жол тартты изли-изинен.
— Елиў жылға ерлик үлес болсын деп,
Қырманлар қызыллап алтын дизилген.

Маңлай терден өнген аппақ ҳасыллар,
Жүзге-жүзлер, мыңға-мыңлар қосылар,
Гүз қырманы граммлардан таў қушып,
Миллион-миллион тонна болар усылар.

Алтын көлде жүзген алтын сал көрдим,
Алтын көлде жасты көрдим, шал көрдим,
Алтын көлден өнген таў-таў ҳасылдан,
Бахыт көрдим, үнем көрдим, пал көрдим.

Тамшы терден алтын берген жер көрдим.
Кең далада мийнет сүйген ер көрдим,
Дослық пенен бахытларға бөленген,
Мәртебеси бийик асқан ел көрдим.

Топырағы торқа туўған жеримниң,
Шөллерин қандырған маңлай теримниң —
Барлығыда усы елге арналған,
Мунарланып тасқан мийнетлеримниң.

Хош хабар тыңласын халықлар үлкемнен,
Туўған елим бийик болсын мәртебең!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақ алтының ана — Уатанға жарасып,
Дәстан жазып масайрайын ертең мен.

1974-жыл.

## АРАЛ САМАЛЫ

Арқадан Аралдың самалы есип,
Мени бүгин таң сәҳәрден оятты,
Шолпан қызлар:
—Ғарры шайыр тур десип,
Үстиме қуяштың шапағын атты.

Шырайыңнан айналайын Шолпаным,
Мен болайын ўәдеге берк опалың!
Деп оянып ушып турсам орнымнан,
Қуяш жапқан екен зербап шапанын.

Таң шуғласы сәўле шашса жүзиме,
Мийнет заўқы йош арнады өзиме,
Қуўаныштан қушақ жая қарасам,
Өмир көрки елеследи көзиме.

Арал теңизинде жылым майлаўда,
Төрт түлиқ мал қыслаў менен жайлаўда,
Шопан достым тағып Ленин орденин,
Шалқып отыр ең азада жайларда.

Ҳәрқайсысының жалт-жалт қарап жүзине,
Әжем ертип ақлықларын изине;
Мийри қанып бақшасына баратыр,
Шүлдирлеген нәрестениң сөзине.

Келинлери күндей болып күлимлеп,
Қызлары жүр институтта билим деп,
Өзбекстан машинасын айдап жүр,
Үлкен улы халық таныған ерим деп.

## ПАХТАЛАР

Кең даланың көксинде,
Көлбеп жатқан пахталар,
Алтын толқын атқандай,
Көл боп жатқан пахталар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақ шағырдың мәнзилин,
Елеслеткен пахталар,
Өз тағдийрин өмирге,
Үлес еткен пахталар.

Пахта десе халқымыз,
Қаҳарманлық сапта бар,
Пахта менен даңқымыз,
Мәңги жыллар мақталар.

## ДАЛА КӨРИНИСИ

Араладым, көрдим, аўыл-қаламды,
Ҳәр көшем, ҳәр үйим, көзиме оттай,
Көк жасыл жамылған гөззал даламды,
Көрдим, қулпы дөнген қызғыш борлаттай.

Жулдыз семип, шолпан туўған мәҳәли,
Қоразлар шақырып, бүлбил тебиренген,
Таң шуғласы нурын шашқан мәҳәли,
Қой-ешки маңыраған, маллар мөңиреген.

Ақ билекли келиншеклер, арыўлар,
Сыйырларын саўған, писирген сүтин.
Жаңа уйқыдан турған қызлар-жәўанлар,
Малларын падаға айдаған пүтин.

Үйреклер ғарқылдап, ғазлар ғаңқылдап,
Жағадан суўларға таслаған бойын,
Көл үстинде шағалалар шаңқылдап,
Өмир әдстинше көрсеткен ойын.

Қоян қыр қойнында, орманда қуслар,
Қуяш ҳүрметине қосқан даўысты.
Ҳәр көрген сапары боласаң қуштар,
Таранып, доланып жүрген таўысты.

## САЛЫҚЕШЛЕР ҚОСЫҒЫ

Булжымаған беккем бирлик билектиң —
Табыслары салтанаты салымыз!
Мийнет сүйген миллионлаған жүректиң,
Ерлик даңқы, күш-қуўаты салымыз!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ана жердиң ақлығындай салалы,
Ақ алтынның сары алтын сыңары,
Салыға бөленип ойы-қырлары
Егинлердиң ҳасыл заты салымыз!

Халықтың қайтпаған қаҳарман күши,
Салыға жумсалды болып ел иси,
Өмирдиң маржаны — Әмиў ҳинжиси,
Адам ырысқы — ел үнеми салымыз!

Аўқамласқан дослығымыз орналған,
Мәнзиллерге керўанымыз жол алған,
Жигеримиз — жаслығымыз арналған,
Ел байлығы — дәўлетимиз салымыз!

## АНАЖАН

Өмир өмир емес сенсиз дүньяда,
Өмирдиң тиреги сенсең анажан.
Сен өзиме көринесең зыяда,
Сен өзиме қадирлисең анажан.

Сен болмасаң бул дүньяның тиреги,
Сенсиз жерлер жатар еди тас болып,
Өзиңде тур өмиримниң өзеги,
Әўилдеўден жол басладың бас болып.

Адам ушын ар-намысты, уятты,
Уўыз сүтиң менен сиңдирдиң бойға,
Дүньяға келтирип адамый затты,
Жетистирдиң уллы бахытлы тойға.

Сенсиз аспандағы жулдыз жулдыз ба?
Сенсиз аспандағы керек емес ай.
Пана болдың, таўлық, ақлық ул-қызға,
—Дедиң келешекте зәў-заддың болғай,

Күннен де артықсаң: аспаннан да кең,
Мәртлигиң миллион жыл дәстан болыпты,
— Дейсең балаларым урыса көрмең,
— Урысқанлар гүлдей болып солыпты.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тас шыдамас жерде, шыдаған басың,
Басыңның қурбаны болаййын ана.
Әкем, бабам, ағам мәңги муңласың,
Өмириңниң қорғаны болайын ана.

Өзиң дийқан, өзиң шарўа, балықшы,
Өзиң рабочий, өзиң билимпаз,
Өзиң өмир берип, сүйдиң халқыңды,
Өзиң барда өмиримиз бәрҳа жаз.

Атызда-ырғалған аппақ пахталар,
Алтын қолларыңнан өнген анажан,
Ҳәр азамат сениң мецен мақтанар ,
Ҳақ тилегиң жаўды жеңген анажан,
Сен өзиңсең мәңгиликке меҳрибан.

*1977-жыл.*

## ПАХТААРНА

Заўлап өтип кеттим алпыс бестен де,
Ақ гүлге айналды қап-қара шашым.
— Әй достым абайла сенде сескен бе,
Келип қалар жетпис деген ғардашың

Тапжылмай арқалап өмирдиң тасын,
Нелерди көрмеди мениң бул басым,
Қазғанман бел менен «Пахтаарна»ны,
Жаңа оннжетиге келгенде жасым.

Соннан берли ярым әсир болыпты,
Елли бәҳәр гүллеп, солды талай гүл,
Талай бағ көгерип, ҳасыл болыпты,
Талай қыршын кетип сайраған бүлбил.

Сол Пахтаарнаның тасқан суўлары,
Елликқала жерин ярындай сүйген.
Желбиреп-жайнап тур тиккен туўлары,
Адам бул саҳраға алтынлар үйген.

Елиў жыл саҳраны қандырып суўға ,
Буркып аққан суўы Пахтаарнаның.
Арғымақты минип түсип қыйқыўға,
Мен де туўған елге өмир арнадым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Зуўлап өте берсин алпыстанда жас,
Өмирге жарасық болсын аппақ шаш,
Пахта арна суўы ҳасла таўсылмас,
Ел келип Елликке жайды кең қулаш!

## КОЛХОЗ БАСЛЫҒЫ

Қулап, ийек атып ағарғанда таң,
Кең дала көксинде киятыр баслық.
Ата мерген янлы излегендей аң,
Жараспақта жәзийраға жолдаслық,

Халық жоқ, адам жоқ, тек жалғыз баслық,
Усы шөлистанға киятыр өзи.
Сары түсли саҳра, таў менен таслық,
Баслық ойға кетти тигилип көзи.

— Ең әййемнен жатқан қалың қорғанлар.
Елли қала болып атанған бир ўақ.
Өрттей болып өткен нешше заманлар,
Ақыры орнаған бахытлы бир бағ.

— Қадирлисең бабам басқан топырақ,
Әкемниң көз жасы аққан ҳасыл жер,
Ҳүрметлисең анам басқан топырақ,
Ертең ел келеди саған ана жер.

Еркин бәҳәр дәрман берип далаға,
Бирим-бирим көшип келип қалды ел,
Ҳүжимди басладық Елликқалаға,
Пахтаарнадан суўға қанды саҳра-шөл.

Келди механиклер , келди шоферлар,
Келди тракторлар — экскаваторлар,
Келди жас жигитлер, қызлар ҳәм шаллар,
Тың жерге туў тикти қаҳарман батыр.

Қазылды каналлар, қазылды салма,
Жерлер тегисленди, сүрилди бирден,
Егилди жүзимлер, егилди алма,
Аппақ алтын өнди жаңа мәнзилден.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қулан ийек атып ағарғанда таң,
Масайрап шадланып киятыр баслық.
Елликқаласында еллер шадыман,
Жарасады жеңислерге жолдаслық!

## АҚШАНЫҢ КӨЛИ

Елге ертек дәстанларда сөз болған,
Әййемги заманнан Ақшаның көли,
Талай-талай тар заманға гез болған,
Туншығып туманнан Ақшаның көли.

Топырақ қаланың қубла тусында,
Елдиң көз жасындай жыйналып жатқан,
Жән-жағын жаў басып жазы-қысында,
Көпирген қанлардың зәҳәрин татқан.

Атамның көз жасы Ақшаның көли,
Бүгин сен көлбедиң нәўпирли суўдай,
Әтирапыңа қонды азатлық ели,
Суўыңда жүземен гәз бенен қуўдай.

Әййемги заманнан қалған бир көзсен,
Бүгин бөленипсең сулыўлық сәнге.
Мийирим қанады жағаңды гезсем,
Елликқала халқы дем алмақ сенде.

## АЛТЫН ҚУМ

Күн ыссы қапырық, от ескен самал,
Канал қазды экскаваторшы ер,
Ҳадал мийнетинен таппақшы кәмал,
Еллик қаласынан ашып тыңнан жер.

Гүңиренип қосығын айтса машина,
Жер қыртысын жыртар темирли тислер,
Жеткенинде ески дийўал қасыңа,
Экскаваторшыда өзгерди түслер...

Араласып топыраққа тасларға,
Жер астынан шықты нағыслы бир қум,
Дәрриў хабар етти барлық жасларға,
Экскаваторшы емес еди сум.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Елликқаласының халқы жыйналып,
Қумды ашты, иши екен толы алтын.
Деди жигит жүзи жайнап қуўанып,
—Саған несип етсин барлығы халқым.

*Елликқала Нокис 1975-жыл.*

## ЕЛЛИКҚАЛА БӘҲӘРИ

Жыллар бойы мүлгип жатқан даласын,
Жайнап-жаснап келген оятты бәҳәр,
Әййем заманлардан қалған қаласын —
Жаңартып мийнетти ойнатты бәҳәр.

Ата-бабамыздың туўылған жери,
Фарабий, Бериний жайлаған ели,
Төрткүл, Берунийдиң қаҳарман ери,
Елликқаласына атланды сәҳәр.

Еллик қаласына келди қуўатлар,
Көкти қушар ақ алтынлы қырманлар,
Гүллер шешек атар, бағлар қулпырар,
Мәңги нурлар шашсын бахытлы бәҳәр.

*1973-жыл.*

## ШЫМБАЙ ТАҢЫ

Гүллери ашылып, бүлбили сайрап,
Сәўле шашып атар Шымбайдың таңы,
Таңнан турып ғаррылары, масайрап,
Уйқыдан оятар Шымбайдың таңы,

Бәҳәр паслы жибин үзгендей булқып,
Төрт тәрептен түнниң пердесин жулқып.
Таў басынан өрмелеп сағымлар толқып,
Шуғлалар тарқатар Шымбайдың таңы.

Мысалы көкасман көлемин керип,
Күн шығыстан сары сәўле саз берип,
Қуяш шықса пал ҳәрреси гүл терип,
Гүллерди ойнатар Шымбайдың таңы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таңға қуяш болып мысалы қалқан,
Қара түн қорғаның етип тас-талқан,
Шадлыққа шыққандай жарқырап шолпан,
Ышқынды қозғатар Шымбайдың таңы.

Бәҳәр вахтасында өнерпаз болып,
Зәр мийнетиң ақылыңа саз болып,
Көллеринде үйрек ушып, ғаз қонып,
Кеўлинди шағлатар Шымбайдың таңы.

Халқы кишипейил, кеўли жаз болып,
Жигитлери қошадәс, қолда саз болып,
Қызлары қосықшы хош ҳаўаз болып,
Шадлықты жаңлатар Шымбайдың таңы.

Туўысқанлық пенен тойға келсеңиз,
Қызлар менен ойнап, сырын билсеңиз,
Қолларынан бир кесе чай ишсеңиз,
Мәңги өзине тартар Шымбайдың таңы.

Еллер қонып жайлаў менен жағаға,
Дүркин-дүркин малы өрер падаға,
Шопанына шийрин жаным садаға,
Сүттен пал тамызар Шымбайдың таңы.

Жери ҳасыл, жасыл липас жамылар,
Атызында ақ пахталар малынар,
Ырғалысып сары алтын салылар,
Гүзде кәрўан тартар Шымбайдың таңы.

Зербараққа бөлеп елдиң зийнетин,
Досқа дәрман етип ердиң мийнетин,
Көркейтип мийнеткеш елдиң келбетин,
Жайнап-жаснап атар Шымбайдың таңы.

### БАБА ДИЙҚАНЫМ

Ассалаўма әлейкүм баба дийқаным,
Дәўлет қостың бүгин ырбал барыңа,
Бүгин шадықуррам үлкем аймағы.
Тойхананың төриндесең тағыда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қутлы болсын тойын қадирданларым,
Бүгин шадықуррам үлкен аймағы.
Мийнеттен мәп тапқан меҳрибанларым.
Қолында желбирер жеңис байрағы.

Алтын қолларында өмир ырысы бар,
Сары алтын салымыз, ақ алтын пахта,
Маңлайдағы тамшы териң мәдаткар,
Тапжылмай төрт мәўсим турасаң сапта.

Баба дийқан дәрманысаң дәўирдиң,
Жердиң тилин билип, сырларын ашқан.
Тоңларды ериткен ыссы ҳәўириң,
Қушағыңа нурлар толған қуяштан.

Теңизде балықшын жылымы майлап,
Туўлаған толқыннан ел ырысқын сүзген,
Қыр қойнында дүркин-дүркин мал айдап,
Бәҳәрде төл алар шарўаң егиздек.

Үстирт, Жаңадәрья, Елликқаласы,
Миллион жылда мийнетиңнен оянған.
Бозатаў, Қызылжар, Мамый даласы,
Бағ бенен бөленип жасыл оранған.

Узақ жолдан келди аўыр кәрўанлар,
Таў-таў табыс толды туўған жерлерге,
Қаҳарман халық, батыр туўған палўанлар,
Мың-мың алғыс ел баслаған ерлерге.

Бәҳәрде мәрт болып айтқан сөзиңе,
Бүгин жетти халқым батыр досларым,
Он үш қаҳарманың ерип изиңе,
Алға басты Қарақалпақстаным!

## ПАХТАКЕШ

Өмир ушын керек болса ҳәрдайым,
Бурқыған суў, таза ҳаўа, нур қуяш,
Сондай керек бул өмирге пахтамыз,
Пахтаны сүй, шыннан ашып кең қулаш.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Колхоздың кең даласында қулпырып,
Көзге ысық көринеди пахтамыз,
Жасыл жапырақ жамылып тур жаўдырап,
Ерке қыздай кериледи пахтамыз.

Жапырағы гәўҳәр, алтын түйнеги,
Жарқырайды Кремльдиң нурынан,
Кестеленген жердиң сулыў ернеги,
Көринеди кең даланың қырынан.

Туўысқан халық уллы дослық сабағы,
Мийнет пенен өскен ҳасыл патхамыз,
Уллы өмир—тыныщлықтың қуралы,
Бахыт ушын пахта ектик—саптамыз.

Жигер салып, мийнет етсең тер төгип,
Пахта берер бизиң ҳасыл жеримиз,
Өзбекстан базасы деп пахтаның,
Қуўанады уллы совет елимиз.

## ШАББАЗЛЫ БАҒМАН ҚЫЗҒА

Таң сәҳәр бүлбиллер ҳаўазы бизди,
Оятты наз бепен, әй бағман гөззал!
Бағында ушырастық, Сиз бенен шадлы,
Ҳәм қуўанып келдим достым Айжамал!

Ол Айжамал еди тракторшы қыз,
Сиз бағман едиңиз екеўиңиз ҳәмдам,
Жеңис тойларында даңқыңыз шыққан,
Жаңа табысларға жетесиз мудам!

Таңлайыма татлы жедим жемисиң,
Гүлзарға бөленген жүзим бағыңнан,
Мийрим қанып жедим пәшшайы торлы,
Шийрин-шекер татлы қаўынларыңнан.

—О Шаббаз қаўыны дедим мақтанып,
Ҳәм мақтадым, пүткил дослар елине,
Бул қаўын дослықтың шийрини болып,
Урқан атып өскен Шаббаз жерине.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қаўынды айттым, лийкин оннан да татлы,
Дәм таттым «қызбармақ» жүзимлериңнен,
Ырзаман бағман қыз алтын пахтаңның,
Тойлар менен толған алтын гүзинен.

Әнжир, анар, алма татлы жемиси,
Нәлшесин сен алдың бахыт бағыннан,
—Айналайын ақыллы қызсаң—бағман қыз!
Сен үйрендиң уллы рус халқынан.

Пүткил достың уллы бахыт бағманы,
Жаҳан жаннан сүйер Советлер елин,
—Коммунизм ушын деди гүрессин,
Халықлар данасы әдиўли Ленин.

Соның ушын бағман қызы Шаббаздың,
Тағы күшейт табыслардың жеңисин,
Дүньядағы пүткил дослар жеп тойсын,
Қолдан еккен бағларыңның жемисин.

Сол ўақытта бағларыңда, тойыңда,
Дослар менен қуўанайын бағман қыз.
Қушақ ашып маңлайыңнан сүйейин,
Жарқын жүзли, күндей күлип турған қыз!

*Шаббаз, 1953-жыл.*

## ЭҚСКАВАТОРШЫ ЕРИМБЕТ ДОСТЫМА

Экскаваторшы Еримбет достым,
Пүткил елге аян сениң тарийхың,
Бабаң, жарлы еди, ул-қызлары көп,
Тек паналап жүрген туўысқан халқың.

Бай қолында қулдай болды суў ушын,
Өз үйине қонбай жүрди суў ушын,
Қолында бел тынбай жүрди суў ушын,
Сениң бабаң сондай еди Еримбет.

Татлы уйқысын бөлип түнде оятып,
Жаплар қазды, таяқ жеди ес таныл,
Сонда дағы суў ишпеди бир қаныл,
Бабаң бүлип жылап өтти Еримбет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тер орнына тас төбеден шапты қан,
Ақ сақалын бояп жапқа ақты қан,
Суў орнына толтырғанда жапты қан,
Бабаң өлди сол қазыўда Ерімбет.

Бай зулымлар қулақ салмай арзына,
Суў-суў деди жаны шығар алдында,
Бирақ тамшы суў тиймеди аўзына,
Сол ушында өлди бабаң Еримбет.

Сол бабаңды көрип еди көзлерим,
Ядында тур жетим қалған гезлериң,
Ҳәзир достым айдай ашық жүзлериң,
Мийнет ери елдиң улы Еримбет.

Сөзлериңди досларыңа тыңлатып,
Экскаваторды айдап жаңлатып.
Шөлистанға канал қазып ҳарлатып,
Жерге жан да, суў да бердиң Еримбет.

Саҳра дала, шөлистанға суў бердиң,
Жер қандырып бағ-бостанға суў бердиң,
Шөллеп жатқан досларға да суў бердиң,
Мийнетиңнен алғыс алдың Еримбет.

Шөлистанда суў сыңқылдап ойнасын,
Шалғын егис бағ-бостанлар орнасын,
Жаңа жерде жаңа өмир жайнасын,
Сен де жасна, жайна достым Еримбет.

*26 сентябрь, 1956-жыл.*

## ПАХТА ГҮЛЛЕРИ

—Ашық болған яңлы интизарына,
Хош келдиңиз жигит пахтазарыма,
Жадырап жайнап кетти жаздың күнлери,
Сизге сыйлық болсын пахта гүллери!

Тартынбай айта бер қандай кәриң бар,
Машина трактор, барлығы таяр!
Мийнет сүйгиш төрт мәўсимниң күнлери,
Қушағыңа толсын пахта гүллери!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бир сүйикли ярда болса ойыңыз,
Мийнет сүйсең бирге болсын тойымыз,
Мийнетке заўық берер жаздың күнлери,
Тойда қулпы донсин пахта гүллери.

Жарасқан, жайнаған жаслық шағыма,
Бахытқа бөленген өмир бағыма,
Өмир рәўшаны жаслық күнлери,
Жайнасын жарассын пахта гүллери!

*1977-жыл.*

## БӘҲӘРИМ

Гүл қондырып бағларыма, жазыма,
Хошадәске қосқан хош ҳаўазыма,
Қырқ мың қыял-қыз балалық назыма,
Шадықуррам болып ойна бәҳәрим,

Шадлы қызбан жаҳан ишрә қыялым,
Алып ушты мени айға бәҳәрим,
Ай күннен де артық ашық жамалым,
Нур шашты eң узақ жайға бәҳәрим.

Аспан әлеминде жердиң үстинде,
Сәйир етсем таўлар қалар пәстимде.
Өмир қудирети билим дәстимде,
Салтанатлы жолды сайла бәҳәрим.

Жупар ийис бәҳәр жели еседи,
Бүлбиллер сайрасын шадлан деседи,
Жыл-жыл сайын қадди бойым өседи,
Жәўлан ур жаҳанда жаңа бәҳәрим.

*1977-жыл*

## ҚАДИРДАН ДОКТОР

Аяз тийип аўырып,
Түн бойына тынбадым,
Жүрегимниң соғыўын,
Туңғыш ирет тыңладым...
Қарадың мени,
Таныдым сени,
Қадирдан доктор!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бармағына тамырым,
Бүлк-бүлк етип тийгенде,
Көтерилди кеўилим,
Мыйық тартып күлгенде...
Көзиң жүзимде,
Дәрман сөзинде,
*Қадирдан доктор!*

Арнадың ба деймен мен,
Дәриң менен көзиңди,
Ҳеш умытқым келмейди.
Доктор жигит өзиңди
Дәриң дәрманым,
Сен қадирданым,
Меҳрибан доктор.

## НӨКИСИМ — МЕНИҢ ПАЙТАХТЫМ!

Нөкисим нурлы пайтахтым,
Өмирге бахыт пай таптым,
Күш берер Ленин ордени,
Көксиңе күндей нур тақтым.

Шалқыған Әмиў бойына,
Қанатың кеткен жайыла.
Қаланда қызыл шоқларың,
Нур шашты бахыт тойына.

Бостанға дөнди бозларың,
Жағымлы жыллы жазларың,
Бағыңда ойнап шадланды,
Ғош жигит, гөззал қызларың.

Пайтахтым ашық аспаның,
Дәрманың болды досларың.
Гүресли жыллар туўылған,
Жүректиң жыры дәстаның.

Сәўлели сулыў сәҳәрим,
Өмирдиң гүли бәҳәриң,
*Нөкисим: ай-күн, жулдызым,*
Жайнай бер сулыў шәҳәрим!

*1967-жыл. Май, Нөкис.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТУУҒАН МӘКАНЫМ

Таңларың әлемге нурлар шашқанда,
Жағымлы самалың оятты мени.
Қуяшларың ақ жүзимди сүйгенде,
Ана журтым дедим шадланып сени.

Пүткиллей дос болып езилген адам,
Алғыр қыран болды. Жаў болды тамам.
Жеңис байрақлары желбиреп мудам,
Бахыт Ўатанысаң туўған мәканым.

Сенде изи жатыр ата-анамның,
Мийнет сүйгиш перзентимен даланның,
Шырағы парлап тур Ленин бабамның,
Нурында жайнайбер туўған мәканым.

## ҲӘЎЖАР

Трактордың үстинде,
Яр келеди ҳәўжар-ай,
Бойларына бойларым,
Сай келеди ҳәўжар-ай.

Тракторшы жигиттиң,
Көзи жақсы ҳәўжар-ай.
Ҳадал жүрек ақ пейил,
Өзи жақсы ҳәўжар-ай.

Трактордың шырасы,
Жайнап кетти-ҳәўжар-ай.
Жүрегимди қытықлап,
Ойнап кетти ҳәўжар-ай.

Тракторшы жигиттиң,
Яры болсам ҳәўжар-ай.
Әрманым жоқ өзине,
Дәри болсам ҳәўжар-ай.

## УСЫ ЖЫЛДЫҢ ГҮЗИНДЕ

Шашымды азанда тарап өремен,
Айнада ярымның жүзин көремен,
Сол айнаны алып келген яр еди,
Жүзигимдей бәрҳа сақлап жүремен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Орамал кестелеп тигисин буктим,
Яр келер деп жолларына көз тиктим,
Бар ишинде ойнап-күлип журсин деп,
Нәубәхәрден қатар-қатар нәл тиктим.

Ярым шопан жигит малдың изинде,
Жан жүрегим иси менен сөзинде.
Екеўимизде ерлик пенен ўәде бир,
Той қыламыз усы жылдың гүзинде.

## ҚОСЫҚ АЙТЫП БЕР

Колхозына келдим жигит,
Көрдим бойыңды.
Мыйық тартып күлдиң жигит,
Билдим ойыңды.

Жүрек хатын оқыдым мен,
Қара көзиңнен.
Яр мени ынтық қылдың,
Туңғыш сөзиңнен..

Айдай жүзим ақ пахтаңда,
Кеўлим көзиңде.
Тарийхымның дәстаны бар,
Ышқым өзиңде.

Пахта терген машинаңның,
Сенде күши бар.
Сүйдим деўге уяламан,
Турған киси бар.

Колхозына келдим жигит,
Қосық айтып бер!
Қумарымды халық алдында,
Қосып айтып бер!

## ОЙНАП-КҮЛИП КЕТ

Таң самалы сыйпағанда жүзимди,
Ядқа аламан минезиңди, өзиңди.
Мақул тапсаң маған айтқан сөзиңди,
Сөз қумарым, көз қумарым келип кет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шайы көйлегимниң женин түрейин,
Еңсем басқан шашларымды өрейин,
Кесте тиктим егер десең көрейин,
Жипегимниң ҳәрбир талын көрип кет!

Мийнет қылсам магызына қарайман,
Көлге барсам қундызына қарайман,
Өзиң келсең жулдызына қарайман,
Жүрегимниң сизде екенин билип кет!

Толып-тасым тракторға мингенде,
Қуўанаман аўырлықты жеңгенде,
Жолың түсип бизиң жаққа келгенде,
Ярым маўқын басып ойнап-күлип кет!

## БАҒ АРАСЫНАН

Жас жүрек, жаўдыр көз, әзиз бағманым,
Нәлшеңнен бер, бағларыма тигейин,
Жадырап жайнады бул бәҳәр шағым,
Гүлиңнен бер ақ сийнеме егейин.

Ғумшалап гүллеген алмаң бар екен,
Алмаңа кеўлимде әрман бар екен,
Қыз десе күймеген қандай яр екен,
Өзиң ойланып көр басқа не дейин?

Маған қуштар болған яшлы жасыңнан,
Өтсем сен қарайсаң бағ арасынан,
Жер жасыл жамылар бәҳәр басынан,
Сен ушын гүл болып қулпы дөнейин.

*1970-жыл.*

## ЕРКИН МУҲАББАТ ҚОСЫҒЫ

Көкте күндей күлимлеп,
Жерде жүзиң жайнаған,
— Ғошшақ жигит келиң деп,
Көзиң күлип ойнаған.

Күлген көзиң жалыны
Жүрегиме ушқандай,
Мен берейин жанымды,
Шубҳа етпе ҳеш қандай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүзиң ашық жайнаған,
Жаз айының күниндей.
Сулыў сестиң сайраған,
Жас бүлбилдиң үниндей.

Бизди еркин сүйдирген,
Уллы азатлық дәўраны,
Сүйсең мәңги сүй дермен,
Қалмай көўил әрманы!

### ҚАРАМА ЖИГИТ, ҚАРАМА ОЛАЙ

Бағыңа келдим,
Сейил етпекке.
Алдымнан шығып,
Қарадың жекке.

Қарама жигит,
Қарама олай.
Жүрегиң жалын,
Көзиң қуралай.

Әнжир-анарды,
Жүзимди үзип.
Жүрип қарадың,
Көзиңди сүзип.

Қарама жигит,
Қарама олай,
Жүрегиң жалын,
Көзиң қуралай.

Бир көзиң алмада,
Жүрегиң менде.
Менде қумарман,
Көўилим сенде.

Қарама жигит,
Қарама олай.
Жүрегиң жалын,
Көзиң қуралай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТОЙҒА КЕЛ ДЕЙИН БЕ, ҚУРДАСЛАРЫМА

Кеўил жазың ыссы екен орасаң,
Қысларда да бәҳәр болып турасаң,
Ғошшақ жигит ҳақыйқатын сорасаң.
Өзиңди мақтадым жолдасларыма.

Кәмбайншы болып артты ығбалың,
Ырғалысып өсти атызда салың,
Қосылып жүректен жүрекке жалын,
Сүйген ярым деймен сырласларыма.

Қуўанысып қосық айтып дәсме-дәс,
Көзге көз қарасып болды зәбердес,
Бирге өстик аўылымыз иргелес,
Еки кеўил аян яр-досларыма!

Еки ашық бир-бирине қарасар,
Қарасам көзиңе көзим қамасар,
Тең турсам бойыңа бойым жарасар,
Тойға кел дейин бе қурдасларыма?

## САРАҒА

Көзим көрди Сара қыздың шаққанын,
Санай алмай қалдым адым атқанын,
Көрдиме екен оны туўған анасы,
Аяқ созып бир арқайын жатқанын,

Күни-түни аўырыўдың қасында,
(Тең қарайды ғарры менен жасына),
Ойнақшыған қара көзге ылайық,
Жарасып тур ақ қалпағы басына.

Қабинеттен кабинетке шабады,
Ҳәр кеселге керекли ем табады,
Кеўли ашық қолы жеңил қыз екен,
Дәри берип шанышса майдай жағады.

Ис буйырып ақыл менен сапаға,
Жазылады дәри салса жараға,
Мың-мың алғыс айтып кетти адамлар,
Қара көзли сулыў сымбат Сараға!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## САЙРА БУЛБИЛ

Келди гөззал бәҳәрим,
Сайра бүлбил шағында,
Гүллер шешек атып тур,
Аўылымның бағында.

Сайра бүлбилим мениң,
Кеўлиң күндей ашылсын,
Жаслығыма сән гүлим,
Шадлығымды асырсын!

Йошқа бөлеп бағымды,
Сайра сулыў бүлбилим,
Жырлап жаслық шағымды,
Ырғалысып тур гүлим!

Сайра-сайра бүлбилим,
Сүйген ярым келеди.
Маған бахыт бул күним,
Ярым дәўран сүреди.

## БӘҲӘР САУЛАТЫ

Бүлбил қуслар сайрайды,
Ҳәркүни таң сәҳәрде.
Көзди тартып жайнайды,
Жер қушағы бәҳәрде.

Багман жигит бағында,
Қулпы дөнип жайнар гүл.
Гүл ашылған ўағында,
Сүйгениңди сайлай бил.

Көрип сулыў гүллерди,
Бийҳуўыш болып қалмаңыз,
Хош ийис көп гүллерде,
Бирден мафтун болмаңыз.

Алма-әнжир, анар бар,
Бағман жигит бағында,
Әйпе бәҳәр шағында,
Гөззаллыққа қаранлар.

*1978-жыл, июнь.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## КУРДАСЛАРҒА

Сыры бирге сырласларға,
Жипек шаш, қыйқаш қасларға,
Москвалы қурдасларға,
Дослық сәлем алып келдик.

Әпе қурдас жүзи жақсы,
Мынаў қурдас көзи жақсы,
Барлығынан өзи жақсы,
Көрисиўге жетип келдик.

Бизде бар семиз сазанлар,
Ақ қуў менен үйрек-ғазлар,
Бүлбил қуслар хош ҳаўазлар,
Сәўбет сазды шертип келдик.

Шалқып тасқан Әмиў, Арал,
Қуслар ушқан, жүрген марал,
Мейлиң Ойнаң, мейлиң дем ал.
Сизге мирәт етип келдик!

Баўыр бастық бизлер бурын,
Қолаң шашлар, алтын бурым,
Қыз-жигитлер қалмай бирин,
Тойға келиң, айтып келдик.

*1978-жыл, июнь.*

## ҚЫЗЛАР

Тыңлаң қызлар бир купыя сөзим бар,
Жапымды алған жаўдыраған көзиң бар,
Тилсим болып тартқан айдай жүзиң бар,
Узатайын қолым ушып тарт қызлар.

Өмир қуяшымның нуры Сизлерге,
Жаслық жүрегимниң жыры Сизлерге,
Муҳаббат гилтиниң сыры Сизлерге,
Отлы көздериңнен ушқын ат қызлар.

Сүй деп тартты сүмбил шашын сийпеңнен,
Еркин сөз айтаман Сизди сүйгеннен,
Жүрек жүрек емес қызды сүймеген,
Қос жүректиң отын лаўлаттың қызлар!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖУЛДЫЗДАЙ АҚ ЖӘНИЎАР

Қайшы қулақ бедеў ат,
Ел-журтымнын жүрмели.
Өзи жорға арғымақ,
Жулдыз яқлы төбели.

Жүрегинде жалын бар,
Жулдыздай ақ жәниўар.

Қарабайыр туқымы,
Жалтыраған жалы бар,
Жол танабын қуўырған.
Жорғалайды жәниўар.

Жүрегинде жалын бар,
Жулдыздай ақ жәниўар.

Жас баладай тербелип,
Шалқаяман ырғала,
Шаршамастан шапдағы,
Бәйгилерге жорғала.

Жүрегинде жалын бар,
Жулдыздай ақ жәниўар.

*1973-жыл.*

## ДИЙҚАННЫҢ ҚЫЗЫМАН

Дийқанның қызыман, кеўлим аспандай,
Дәўирим дәрманым болды досқа-ай,
Рәҳәтке бөлеп ҳадал мийнетим,
Шадланаман көкте күнди қушқандай.

Гүл ғумша ҳәр изи дийқан бабамның,
Ақ алтын, сары алтын көрки даламның,
Ҳадал мийнет пенен барлық тапқаным,
Бәри өмир ырысқы ҳәрбир адамның.

Мийнет заўқы менен қосық айтаман,
Халықтың қуўанышын қосып айтаман,
Мийнет сүйгиш комбайншы қурдасым,
Ақ алтын қосығын йошып айтаман,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаңа жерлер ашып шөллерден, боздан,
Мийнеткеш, жапакеш, ел сүйген қызбан.
Мәңги қуяш күним — ана ўатаным,
Жарқырап жайнаған жақты жулдызбан.

## ҚЫЗЛАР — ЖАЎАНЛАР

Айдай ашық жүзли, нураный көзли,
Өмирдиң гөззалы қызлар-жаўанлар.
Ўәде ықрарлы дөнбес бир сөзли,
Тиллери мазалы қызлар-жаўанлар.

Әдеп-икрамлы, жылўалы-назлы,
Қошадәс, хош ҳаўаз ҳәм өнерпазлы,
Бәҳәри нурлантып, жайнатқан жазды,
Әзелий меҳрибан қызлар-жаўанлар.

Билимде, мийнетте бостан-бағында,
Аспан әлеминде жердиң шарында,
Дослық дәўран сүрер Сизлер барында,
Өмирдиң бәҳәри қызлар-жаўанлар.

## КУШТАРЛЫҚ ҚОСЫҒЫ

Гүлден гүлге қонған гүбелек болып,
Шақаңа қоныўға болдым интизар.
Сүйдим деп айталмай гүңелек болып,
Лалдай тил қатпаўға болдым гирифтар.

Көзим қамасқандай қарай алмай тикке,
Кеўил шәўкилдейди оралып бүкке,
Алшылаған асық түскендей шикке,
Сизге қарап қыялларым қулшынар.

Ийба еттим, әдеп-икрам өзиңнен,
Шадлықларым, шийрин-шекер сөзиңнен
Өмирим шуғласы қара көзиңнен,
Сен бир парша айсаң — мен айға куштар.

*1974-жыл.*

## ГҮЗЛЕРИҢ СЕНИҢ

Жигитлер ишинде ғошшақ екенсен,
Зейнимди ашты шадлы сөзлериң сениң,
Жанып турған бир қызыл шоқ екенсең,
Кеўлиме унады көзлериң сениң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жайнаған көзиңнен таңым атқандай,
Шайыр көрсе кетпес сени мақтамай,
Көўлиң ашық екен аппақ пахтадай,
Жүрекке жайғасты жүзлериң сениң.

Жигитлер ишинде батыр екенсең,
Жалғыз өзиң жүзге татыр екенсең
Комбайнды айдап атыр екенсең,
Шалқып, тасып турған гезлериң сениң.

Дийқан улы шын жапакеш екенсең,
Жигитлер ишинде сен беш екенсең,
Мен пахтакеш, сен салыкеш екенсең,
Табысларға толсын гүзлериң сениң.

*1975-жыл.*

## САПАРГҮЛ

Естен тандым кесел тутып жүректен,
Ҳал үстинде жаттым шаныштың билектен,
Шийрин жанға шыпа еттиң Сапаргүл,
Соннан берли жүрмен саўлық тилеп мен.

Ҳәр исти бежерлиң кетпестен өтип,
Врачтың буйрығын булжытпай етип,
Берген дәрилериң дәрман денеге,
Кеселлер жазылды, мақсетке жетип.

Қара көз, қыйқаш қас бир қыз екенсең,
Көзлериң нураний алғыс дегеннен,
Кудиретли шыпа берген қолларың,
Адам өмиринде жулдыз екенсең.

Сапаңа ылайық сымбат Сапаргүл,
Қадирингди билгенге қымбат Сапаргүл,
Кир басқан кеўилди ашасаң күндей,
Саўлатлы елде салтанатлы сапа сүр!

*1964-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

### ЖАНАН

Аспан әлеминен көз таслап жерге,
Суў сүзген сазандай сайранлап өрге,
Самолетте келдик Ташкенттен бирге,
Айдай жамалынды гөзледим жанан.

Машинаға минип кеттиң зымырап,
Мен қалдым лал болып кейниңнен қарап.
Мәнзил-мәқанынды алмаппан сорап,
Нешше жыл, неше ай изледим жанан.

«Излеген табады» деген нақыл бар,
Тапсаң сүйгениңе дейди жақын бар,
Мийнет сүйгиш қызсаң сенде ақыл бар,
Түсип гүдеримди үзбедим жанан.

### БОЛАР МА

Атызлардан ақ алтынлар терген яр,
Алтын лыпасларын кийсем болар ма?
Корабль үстинде көзи күлген яр,
Ҳүрметлеп басымды ийсем болар ма?

*Ерлик еттиң елге алтынлар тарттың,*
Мен ушын шөллерге бағлар орнаттың.
Ақыл-ҳуўшын, минезиңди унаттым,
Сәўер яр деп сени сүйсем болар ма?

Көўлиң ашық екен аспанымыздай,
Сөзиң шийрин екен дәстанымыздай.
Ҳәмме тилек тилер досларымыздай,
Сен менен шадлықта күлсем болар ма?
Сен менен дәўранлар сүрсем болар ма?!

### САПА КЕЛИПСЕҢ

Есигимиз ашық ел миймаҳына,
Ақ дастурхан толы мийнет наңына,
Әмиў бойындағы гүлистаныма,
Сүйикли сәўәр яр сапа келипсең,

Әмиў бойы менен Арал жағасы,
Нур жамылған түсип күнниң шуғласы,
Ғошшақ жигит, гөззал қызлар ағласы,
Хызметиңе таяр сапа келипсең.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пахташылық, салы қулпырған бағлар,
Майлы шөрек, татлы қаўын-ғарбызлар,
Той-тамаша, ойын, қошадәс сазлар,
Мениң елимде бар сапа келипсен.

Әмиўдиң суўынан бир жутқан адам,
Бир мәртебе емес, мың келер мудам,
Жолыңа нур шашып жанады шырам,
Келсең ел шадланар сапа келипсен!

## ШЫМБАЙ ГӨЗЗАЛЫ

*Ай десе ай жүзли, күн десе көзли,*
Қыйқаш қас, қара көз, қайтпас мәрт сөзли.
Әдеп-икрамлы, ҳадал лебизли,
Шадлықта шарқ урған Шымбай гөззалы.

Бәҳәрде бағ бенен жерге еккен шигит,
Мал баққан жайлаўға ақ отаў тигип,
Жамалыңа ашық болған ҳәр жигит,
Мийнетке тақ турған Шымбай гөззалы.

Сәрўидей салланған сулыўлық бойда,
*Шәнли-шәўкет пенен жарасқан тойға,*
Көргенлерди салған мың бир қыялға,
Ашықпан ҳәр заман Шымбай гөззалы.

## АЙТАЙЫҚ

Ай жүзиңди көрген сайын ҳәр сапар,
Күйгелек көзиңе болыппан қумар,
Хош ҳаўазлы болсаң қоша дәстим бар,
Қумар болсаң бирге қосық айтайық!

Нурлы қуяш шашқан күним өзиңсең,
Бәҳәрде ашылған гүлим өзиңсең,
Талўас еткен таң бүлбилим өзиңсең,
Қос жүректиң сырын қосып айтайық.

Дәртке даўа берди жилўалы назың,
Кеўилге йош берди шадлы ҳаўазың,
Сен менен бөленсин бахытқа жазым,
Кеўил ашып кел гөззал йошып айтайық,
Жүрек дәстанларын қосып айтайық!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЯР-ЯР АЙТАЙЫН

Көк гүмбезин бойлап дизилген ғазлар,
Зейниңди ашар ғаңқылдасқан ҳаўазлар,
Гөззал бәҳәримнен әкелдиң хабар,
Жылўа назым менен яр-яр айтайын,

Қулдыраған қызыл суўлы толқынлар,
Нәўбәҳәрден шөлге жоллар тартыңлар.
Яр елине мәўиж урып бурқыңлар,
Сәўер ярым менен яр-яр айтайын.

Муҳаббат қыялы жүректе хатлар,
Жаслықтың жүреги шарық урып шағлар,
Қулпырсын-гүллесин яр жүрген бағлар,
Хош ҳаўазым менен яр-яр айтайын.

Дослық-бирлик муҳаббаттың кәмалы,
Меҳирбанлық миллионлардың мәдары,
Жаҳанға нурлы таң жаслық — самалы,
Шадлы сазым менен яр-яр айтайын.

*1974-жыл.*

## САҒЫНДЫМ

Қара көзли қыйқаш қаслы сәўер яр,
Алтын жүзик салдың, сырға тағындың,
Күйгелек көзиңе мен болып қумар,
Жолларыңа шәшме болып ағылдым.

Сенсиз атыра алмай узақ таңымды.
Сенсиз саяламай бағлы талымды,
Сениң ушын пидә етип жаңымды,
Айтқан жерде қазық болып қағылдым.

Жан-тәннен сүйдим деп турсам да саған,
Ҳешбир сөз қатпассаң жананым маған
Бул жүрек жулыныи үзгеннен жаман,
Гүбелектей отқа күйип жағылдым.

Күндиз жүрсем сизиң жайға қарайман,
Түнде жатсам ақшам айға қарайман,
Муҳаббат мөлдир суў сени ойлайман,
Сүйген ярым сени жаннан сағындым.

*1977-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЗӘБЕРДЕС ҚЫЗ ЗЕМФИРА

Бүгин байрам, бүгин той,
Тойлар тойға уласcын.
Бир қыз көрдим сол тойда,
Бағқа гүлдей жарасқан.

Зәбердес қыз Земфира,
Маған жулдыз — Зуҳра.
Көўлим кетти көриўден,
Оның зыя зулпына.

Қыйқаш қасы қыйылып,
Қара көзи ойнаған,
Ақыл-ҳуўшым жыйылып,
Тек сол қызды ойлаған.

Қара шашлы Земфира,
Қыйқаш қаслы Земфира,
Сендей қызды көрмедим,
Қыз көрсем де гейпара.

Нур бар екен жүзинде,
Интизарман изинде.
Тағы тойлар уласcын,
Усы жылдың гүзинде.

Сен пахтакеш екенсең,
Мен салыкеш Земфира,
Жүрегимниң жумбағын
Тезирек шеш Земфира.

*1978-жыл.*

## АЙЖАМАЛ

Ақшамыма ай болған,
Күндизиме күн болған.
Қосық айтсам қуўанып,
Хош ҳаўазға үн болған.

Ақылы дана бир қызсаң,
Күндей күлген Айжамал.
Жүрегиме жулдызсаң,
Жаным сүйген Айжамал.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақ пахтамдай ашылған,
Сары алтындай шашылған,
Мийнет сүйгиш минезиң,
Қумарымды асырған.

Ақылы дана бир қызсаң,
Күндей күлген Айжамал,
Жүрегиме жулдызсаң,
Жаным сүйген Айжамал.

Маңлай териң ақланған,
Батыр болдың мақталған.
Халқың сүйген қыз болдың,
Ел байлығы пахтаңнан!

Ақылы дана бир қызсаң,
Күндей күлген Айжамал,
Жүрегиме жулдызсаң,
Жаным сүйген Айжамал.

*1977-жыл, 24-сентябрь.*

## БОСТАНЫМНАН СҮЙГЕН ЯРЫМ ӨТТИ МЕ?

Жеңгежан-жеңгежан жүзиңиз жарқын,
Жүректен жүрекке жалын өтти ме?
Мен билмекши едим шадлығың парқын,
Жаслық шырақлары жанып өтти ме?

Жеңгежан-жеңгежан сөйлей ғой тезден,
Гәўҳарлар өнип тур бул гүмис гүзден,
Бийкешиң айлансын бир қара көзден,
Тезирек айт арысланым өтти ме?

Дәстан болған дослығымда дәрман бар
Дослыққа шертилди жүректе қос тар,
Айт жеңгежан тарқатайын мен қумар,
Бостанымнан сүйген ярым өтти ме?!

*1975-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЕГИЗ ҚЫЗ

(ҳәзил)

Жалғыз үйде жалт-жулт еткен сегиз қыз,
Бәри сулыў гүл өмирге көрик қыз,
Барлығын да жаннан жақсы көремен,
Ең сүйгеним Гулхан-Айхан егиз қыз.

Екеўи де қуйып қойған қалиптей,
Қара көзли, қадди бойы әлиптей,
Айхан қыздың ай жүзине ашықпан,
Тынбай жүрмен муҳаббатты тәрийплей.

Айлар бойы ашық болсам Айханға,
Ушырасаман айыра алмай Гулханға.
Гүлхан қайсы, Айхан қайсы билмеймен,
Екеўи де усар атқан шолпанға.
Жаңылысып жүрсем жыллар өтипти,
Еки қыз да кәмалына жетипти,
Ақырында пәнт жеп қалдым поңкийип,
Пиржан, Нуржан алып қашып кетипти.

*1977-жыл, 24-август.*

## КЕЛ ЖИГИТ

Келмейсең, күлмейсең,
Сағынаман мен.
Бағларда жүрмейсең,
Не қыламан мен?

Бир мәртебе көрип,
Болғанман қуштар.
Сағындым келмейсең,
Ҳақым жоқ қыстар.

Бир дәсте гүл алып,
Қолларыңызға.
Келер деп қарайман,
Жолларыңызға!

Пахта байрамында,
Көргенде сени.
Деп өзим ойладым,
Жоқ екен теңи.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мейли бәҳәрде кел,
Егейик шигит,
Мейли сәҳәрде кел,
Тезден кел жигит!

### ИЗЛЕМЕ

(ҳәзил)

Өзиңниң ярың турғанда,
Басқа жерден яр излеме.
Қара көзли сәўдигиң бар,
Көзлери қуңқар излеме.

Ышқы дәрти қабат-қабат,
Бири ҳақыйқат, басқасы жат.
Өмир гилти шын муҳаббат,
Ғалаўыт хабар излеме.

Дүньяда айдай жүзли көп,
Сөйлессең шийрин сөзли көп,
Солар ышқында жандым мен,
Бийорын қарар излеме.

Шөлистанды бостан еттиң,
Мийнетиңди дәстан еттиң,
Яр сүйдиң мақсетке жеттиң
Басқа бир қумар излеме,
Яр үстине яр излеме.

### ҚОСЖАҚПАС ЖИГИТ ПЕНЕН ДЫЙҚАН ҚЫЗ

ЖИГИТ — Сапар шеккен кәрўаншы қыз жол болсын,
Бир аўыз саўалға қолай екен жер.
Тағы-тағы байлығыңыз мол болсын,
Ақ алтын жүгиңниң бир мысқалын бер.

ҚЫЗ — Жол болсынға әлей болсын жигитим,
Сорағанға бериле бермес ҳәрбир зат,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нәўбәҳәрде сепкен гәўҳар
шигитим,
Мийнет пенен енди сатылмас,
қымбат.

ЖИГИТ — Қурдас болғаннан соң келди
дегишким,
Көптен берли келиспеди
егисим,
Мол-молақай екен шийрин
жемисиң,
Соннан бир яшигин берсең не
болды?

ҚЫЗ — Көптен берли келиспесе егисиң,
Кем усайды маңлайдан тер
төгисиң,
Шынтлап мийнет етиў сениң
кемисиң,
Жерлер көп, бағларды ексең не
болды?

ЖИГИТ — Бәҳәрде ышқы етип көктеги
ғазға,
Суўға жарымадық өткен жыл
жазда,
Мүтәжбиз помидор,
гешир-пиязға,
Оннан да азырақ берсең не
болды?

ҚЫЗ — Онеки мүшең бар, емессең
майып,
Тиленшидей турсаң қолыңды
жайып,
Билсең жигит — бул ислериң
дым айып,
Мийнет етип жемис жесең не
болды?



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АҚ БУЛАҚ

Таўдың жырасынан аққан ақ булақ,
Ҳәр тамшың көргеннин көзине унап,
Соған ышқы етип болғандай қонақ,
Қумар етип қарап турған яр ма еди?

Тулған тас аспанда турсаң да бийик,
Булақлар бурқыттың баўырың ийип,
Мен бир мерген едим, излеген кийик,
Кийик десем турған назлы ярма един?

Ақ булақ сыңқылдап тамшылар шашып,
Бир тамшысы қуўып, бир тамшы қашып,
Мениң гөззалымның зейинин ашып,
Сениң де мениндей ышқың барма еди?

Ашылған ақ булақ салтанат сәним,
Бурқып ағып тасқан өмир булағым,
Ақ булақтың басындағы жананым,
Жүзиң күн, қасың ай, сөзиң пал ма еди?

*1972-жыл.*

## ШЫМБАЙЫМ

Шымбай десем көкти гөзлеп кеўилим,
Көркемленип күндей болып көриндиң,
Ең сүйикли еркесиндей елимниң,
Дәрман алдың пүткил достан Шымбайым.

АрқанАрал, үйрек, аққуў-ғазларың,
Көктен шертип келер бәҳәр сазларын.
Бедеўлерин байлап шабандозларың,
Бәҳәрде мың дөнер бостан Шымбайым.

Ғошшақ жигитлериң, гөззал қызларың,
Мийнеттежанлатты қысы-жазларың,
Жаңлаған сазларың, хош ҳаўазларың,
Тарийхларда дәстан болды Шымбайым.

Төрт түликли елсең, саўлат сөзиң бар,
Ақ алтының, сары гүмис салың бар,
Қусқана, Кегейли — тоғай кәниң бар,
Еркин елим, гүл гүлистан Шымбайым.

*1976-жыл, 4-август.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТЫРНАЛАР

Тырналар-тырналар, ушқан тырналар,
Бәҳәрди яр қусап қушқан тырналар,
Әл аспанды бөлеп сулыў сеслерге ,
Даўысты даўысқа қосқан тырналар,

Таңнан ушып талўас еткен тырналар,
Шөллерден, таўлардан өткен тырналар,
Бәҳәримди бөлеп жилўа-назларға,
Арал айдынына жеткен тырналар.

Сес қостыңыз сазларыма тырналар,
Йош бердиңиз ҳаўазыма тырналар,
Жадырап жайнап келди мениң бәҳәрим,
Қосылыңыз пәрўазыма тырналар.

## ШОФЕРЛАР

Турмыс толқынында тыным таппастан,
Таң шуғласы менен жүрер шоферлар!
Түнниң қушағында кирдик қақпастан,
Сайран етип өмир сүрер шоферлар!

Ғалле, жемис, салы, пахта тасыған,
Темир-терсек, ағаш, тахта тасыған,
Барлық жукти тынбай пухта тасыған,
Гүлләп қыйынлықты жеңер шоферлар.

## ХАЛҚАБАД

Әсирлер гүўасы халқың қаҳарман,
Гүресиң нур алдың азатлық таңнан ,
Мәңгиге орнаттың бахытлы заман,
Тарийхлардан орын алдың Халқабад.

Нақыраты: Өмирдиң кәни Халқабад,
Сүйемен сени Халқабад,
Жерлериң ҳасыл, елиң бай,
Үлкемниң сәни Халқабад

Миллионға пал болды мийнет қылғаның,
Бағ бенен бөленди ойы-қырларың,
Қызыллап тасып тур ««алтын» қырманың,
«Ақ алтынға» мәкан болдың Халқабад.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нақыраты:
Дослық-туўысқанлық күшин жыйнадың,
Ильыч нуры менен жақты жайларың,
Жаңа заман жулдызындай жайнадың,
Жайна жасна күшке толдың Халқабад.

Нақыраты:

## КӨРИНДИ

*(1934-жылы Аяпберген ағаны излеп ушыраса алмаған едим. Жақынды қол жазбаларымды қарасам мына қосықты да Аяпберген ағаға жазыппан)*

Шақаманнан шығып миндик кемеге,
Ҳүрмет пенен сөзди баслап Дәмеге,
Мен ҳақылы болдым жолдас демеге,
Арал теңиз көз ушында көринди.

Таллық пенен Мәделиниң бойында,
Аяпберген аға түсти ойыма,
Қосық жаздымкеўилимди қойдым да,
Сүйген кеўил сол сөзимде көринди.

Дийқаннан питеди барлық жер иси,
Тоқтамайды арғымақтың желиси,
Аяпберген ағаның ҳасыл жемиси,
Татлы болып жер жүзинде көринди.

Аяпберген аға төрт мәўсим толғап,
Ақыллылық пенен сөз айтты болжап,
Ҳәрбир сөзи жүрегиме тур унап,
Күн нурындай халық жүзинде көринди.

Мойнақ, Таллық, Қоңырат, Соркөл жеринде,
Орны таяр ҳәрбир үйдиң төринде,
Туўысқан ел менен рус тилинде,
Қосығындай тап өзи де көринди.

Қарыў берип ата менен анаға
Ақыл айтып сиңип кеткен санаға,
Бирдей болып аўыл менен қалаға,
Шийрин сөзи халыққа маржан көринди.

## НИНАҒА

*(Жигитлер тилинен)*

Көзди тартқан ақ гүлиндей бағымның,
Ай нурындай жүзге түскен сағымның,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Толқыны бол ышқы дәрья ағымының,
Сүйдир сулыў я болмаса сүйсенши,
Қуяшым бол шафағымдай шашыра,
Көз жанарың фонтан болып шәшыра,
Өрге жүзген үйрегиндей өзектиң,
Шоласайын алтын-гүмис шашыңа.

Қумартқанда қорғанлы жай бол маған,
Түн ишинде аспанда ай бол маған.
Күндизлери жарқыраған күн бол да
Түнлеринде жулдызымдай бол маған.

Сақый болсаң, кеўилден суў сыйла жан,
Көнсейин мен кеўлиң алса қыйна жан,
Сени көрип айрылмайын есимнен,
Бир поса бер болсын ести жыйнаған.

Мәй, шарабы шампан яңлы суўымсаң,
Аралымда еркин өскен қуўымсаң,
Еркинликте сайран етип жүргенде,
Жүрек йошын желбиреткен туўымсаң.

## АҚ СҮТ БЕРГЕН АНАҢДЫ

Ақ сүт берип емизди,
Түн уйқысын төрт бөлип,
Кәмалыңа келтирди,
Енгизип сезим-санаңды.
Уйықласаң барып қасыңа,
Бир келгенде төрт келип,
Қымтап қойды көрпеңди,
Көрип жатақ хананды.
Қара боран қысларда,
Дүбелей даўыл боранда,
Сақлады сени суўықтан,
Умытпа ҳасла пананды.
Сениң ушын қан төгип,
Сениң ушын жан берип,
Ул бахытлы болсын деп,
Қыз бахытлы болсын деп,
Берди айдай жамалды.
Қандай азап болса да,
Қандай қыйын болса да,
Ҳеш ўақта қапа қылмағыл,
Ақ сүт берген анаңды!

*1979-жыл, 8-март.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖИГИТЛЕР

— Неге қалдың қарағым-аў үнилип,
Қапамысаң, қараўытқан жүзлериң?
— Қайттың ба бир нәмәрттен түңилип,
Ашыў кернеп турыпты ғой көзлериң.

Сөйле!
Айтшы!
Дебдиўиңди шығаршы!
Сандықта сыр сақламастан ашагөр,
Қапалықтың ат арбасын туўаршы,
Сөйле жаным кеўилиңди басагөр!

Жалынсам да үндемеди қара көз,
Бир жаман ис болған шығар жарамас.
Арзыўлы қыз айтпаса да жалғыз сөз,
Қара көзден тамып кетти моншақ жас.

Айтпаса да тамып кеткен моншақ жас,
Сыр ашып тур. Неге керек үгитлер.
Сениң менен қызлар мәңги заманлас,
Барлық қызды ҳүрмет етиң жигитлер .

*1979-жыл, Март.*

## ГҮЛ ЖАЙНАҒАН ЖАЙДАМАН

Гүллер, гүллер, қулпы дөнген жас гүллер,
Ҳәмме ашық. Мен де ашықпан — шайдаман.
Маған усап гүл шайдасы бүлбиллер,
Бүлбил менен гүл жайнаған жайдаман.

Сайра бүлбил, сайра бүлбил таңла да,
Келди ҳәўесим, мийрим қансын, жаңадан.
Сен сайрамай ким сайрайды бағларда,
Ел жаңарған ,жер жаңарған — жаңарған.

Гүллер, гүллер — қызыл гүллер, сары гүл,
Шатыраш гүллер, гулпы дөнген, ашылған.
Жанға жан қос! Сайрадағы жас бүлбил,
Бәҳәр келди липас кийген жасылдан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүл жасарсын, жасарт мени тағы да,
Қартаймасын жаслық мәнги жайнасын,
Сансыз бүлбил сайрай берсин бағымда,
Қаҳарманлық жаслық қарыў қайнасын.

Гүллер, гүллер — қулпы дөнген жас гүллер,
Ҳәмме ашық. Менде ашықпан — шайдаман.
Маған усап гүл шайдасы бүлбиллер,
Бүлбил менен гүл жайнаған жайдаман.

*1979-жыл. Ташкент.*

## БИР САПАР

Есигиң алдынан талай өтсем де,
Төзимим таўсылып сени күтсем де,
Сәти түсип ушыраса кетсем де,
Иллә деп сөз айта алмадым бир сапар.

Есигиң алдында турған терегиң,
Талай түнлер тыңлады урса жүрегим,
Бул дүньяда өзиң един керегим,
Сырлы сөзди айта алмадым бир сапар.

Ўәде бердим, жеттим, бәрин үлгердим,
Бағларымнан сараң гүлдәсте тердим,
Сени көрсем айды көрдим, күн көрдим,
Дәртлеримди айта алмадым бир сапар.

Сен өзиң болсаңда өзиме мәдар,
Мен қара көзиңе болсам да қумар,
Муҳаббаттың қарыў-ғайрат күши бар,
Мени дилгир етпе қара бир сапар.

## ТАҢ АТЫПТЫ

Күндиз гүўа болды көкте күлген күн,
Түнде гүўа болды аспандағы ай,
Жайнап-жаспап турды көзиң қуралай,
Есимде жулдызлар жайнаған сол түн..!

Бағыңның ишиндеги шынарың гүўа,
Сүйенип турғанда салғыл ядыңа,
Аўзыңа бир басқан орамалыңа,
Көзим талған еди жалтақлап қарай.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көкте жулдыз жымыныңласып ойнасып,
Турған яңлы бизиң менен ойласып,
Шуғлалы таңда бүлбил сайрасып,
Маўқымызды бастық шадланып ойнай.

Көз көзге түскенде жумылып кетти,
Жүрек жүрек пенен жуўылып кетти,
Жаңбыр жапты самал суўырып кетти,
Таң атыпты бизлер қалдық аңламай...

## РУХСАТ ӘЙЛЕ

Сағынып, сарғайып келдим сәўер яр,
Бағыңа кириўге рухсат әйле.
Сонша ўақ көрместен болыппан қумар,
Бағыңа кириўге рухсат әйле.

Тилегим тағдирге болып мүнәсип,
Дийдарласып турман толқынлап тасып,
Бир дәсте гүл киби баўырыма басып,
Аймалайын гөззал рухсат әйле.

Қара көзлериңнен, сүмбил, шашыңнан,
Оймақтай аўзыңнан, қыйқаш қасыңнан,
Интизарым един мениң, жасымнан,
Шадланайын гөззал рухсат әйле.

Дүньяда не татлы мийнеттен артық,
Дүньяда не қымбат ҳүрметтен артық,
Бағларыңның иши жәннеттен артық,
Шарық урайын гөззал рухсат әйле.

## РОЗА

Айдан дөрегендей айға мегзейсең,
Күннен дөрегендей күлгениң жақсы.
Нур сәўлесин шашқан таңға мегзейсең,
Тотыдай доланып жүргениң жақсы.

Сулыўлардан асқан сулыў екенсең,
Сөз таба алмай қалдым кеўилди гизлеп,
Ҳүрмет-иззетлерден рәҳәт көрген соң,
Турсаң айдындағы ақ қуўға мегзеп.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүллердиң сәрдары Роза атың,
Атыңды етермен ҳәр күн тәкирар.
Бир аўыз сөзинди еситкен ырза,
Ҳүсни-жамалыңа болыппан қумар.

## БИР ЗАМАН

Пәрўаз етсеңдағы ышқы аспаның,
Талўас еттим жанан тоқтаң бир заман.
Мийри-муҳаббатың, дослық дәстаның,
Жанға ләззет берди жанан бир заман.

Арзы-ҳалым айтып сеннен сорайын,
Өзиң түсинерсең ойлар орайын.
Жаўдыр ала көзлериңе қарайын,
Тоқтаң күйдирместен жанан бир заман.

Өзиң кетип қалсаң кимнен сорарман,
Сенсиз бул дүньяда қалай турарман,
Сенсиз дәртлер шегип, аҳ урарман,
Тоқтаң интизарым жанан бир заман.

Дәўир дәрман берер жақты дүнья кең,
Кетип қаламан деп мени өртемең,
Бир заман тоқтасаң бир әсирге тең,
Мийрим қансын маҳитабан бир заман.

## ҚАРА ТАЛ

Есигимниң алдындағы қара тал,
Бәҳәрде бөртеди жазда жапырақлап,
Сылдыр-сылдыр етер сеске қулақ сал,
Тербелер, шайқалар сулыўлық сақлап.

Гүмис жапырақлары сылдырлағанда,
Сулыў сөз айтқандай болып маған да,
Сулыўлар сүйсинип сайран еткенде ,
Сес еситилер қызлар сыбырлағандай.

Жазда жапырықларың жасыл дөнеди,
Саяласам маған қуўат енеди,
Бабам тигип кеткен екен нәлинди,
Тамырыңнан мың-мың шақа өнеди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Керекли жеринде жарасығымсаң,
Бабамның көзиниң қарашығысаң,
Өс, өркенле, тамырды жай тереңнен,
Сенде бир өмирдиң жарасығысаң.

## АЙРЫЛМАСЫН

Ғумшалардан гүллер өнип, бағы-бостанға
жарасқан,
Бағы қуўрап шөлде қалып ғумша гүлден
айрылмасын.
Шайырлардан шийрин сөзлер, сулыў дәстанға
жарасқан,
Дәстан сөзи мүлтик болып шийрин тилден
айрылмасын.

Саҳра шөллер қарап болар, уртлам суўларға
зар болып,
Жасыл дөнген көклер солар, бир тамшы сууға
зар болып,
Ышқы оты жанған яңлы шөллер көлге қумар
болып,
Бир-бирине жәрдем берип шөллер көлден
айрылмасын.

Адам улы өмир бойы ҳәмийше шын жолдас
болып,
Дийқан баба мийнетиниң рәҳәтин көрип
мәс болып,
Дәўирине дәрман берген дийқан жерден
айрылмасын.

Жас қыранлар, жас жүреклер, жаңа дәўирдиң
ийеси,
Шадықуррам, шадлы өскен, ҳеш бириниң
жоқ гийнеси,
Жулдыз ҳәм орден толған жарқырап турған
сийнеси,
Билим мийнет, техникалы жаслар кәрден
айрылмасын.

Уллы аўқам алтын үлке, өз мәканы —
өз Уатаны,
Уатан ушын, азаматтың аялмайды шийрин
жаны,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ана-ўатанды шын сүйген ерлер халықтың хәл
қуўаты,
Ар-намыслы азаматлар туўған елден
айрылмасын!

Дүньядағы ең қымбатлы, ең шыдамлы
күш-қуўат,
Соншелли кең аспан, жерди тиреп турған
адамзат,
Өмир, бахыт, дослық күшке ийе болған
азамат,
Жолмурзаның тилеги сол: еллер ерден
айрылмасын!

## ҚЫЗЛАР ТИЛЕГИ

Дәрьяның дегиши қулап баратыр,
Кеўлиме бир жигит унап баратыр...

Дәрьяның кәнары көзге көринбес,
Мениң ярым жүрген изи билинбес.

Дәрьяның толқыны шалқып урады,
Яр сүйген жүрегим балқып турады,

Дәрьяның суўынан алдым бир қабақ,
Қабағымда ойнап кетти бир шабақ.

Дәрья толқынындай әрман келеди,
Ярымның хәр сөзи дәрман береди.

Дәрья суўы жерди жайласын турсын,
Ярым мениң менен ойнасын-күлсин!

Дәрья суўы шөл мийирин қандырсын,
Душпанның жүрегин өртеп жандырсын.

Яр деп мийрим қансын дәрья суўына,
Бөленсйин ярдың қызыл туўына.

Дәрья суўы жағар еккен бағыма,
Бағда ушырасқайман ярға тағыда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАБАНИЯЗҒА СӘЛЕМНАМА

Сен бир зор жигитсең атың Бабанияз,
Өзиң ҳасыл улсаң затың Бабанияз,
Саған жазған сәлем ҳатым Бабанияз,
Ҳеш ўақ қапа-дәртти көрме Бабанияз.

Бахыт туўын тигип мәканымызға,
Жақсы ақыл қостық жанынымызға,
Ўақтында қал қойдық заманымызға,
Ҳүрмет пенен шықтық төрге Бабанияз.

Алпыс, жетпис, жасап сениң менен биз,
Халыққа бас ийип сәлем бердик биз,
Мың қатли шүкирмиз ул-қыз көрдик биз,
Шадлан, қапалықта жүрме Бабанияз.

Ҳақыйқатлық пәк көрпесин жамыл да,
Уәде берсең айтқан сөзден табылда,
Бизден сәлем айтып қойғыл Жаңылға,
Жаңылын яўқылдап жүр ме Бабанияз.

Сиз бенен биз жедик ул-қыздың ғамын,
Ығбал-бахыт тойға жарассын тамың,
Бәрҳа жамылғайсаң бахыттың таңын,
Ҳасла кейин кетпей өрле Бабанияз.

Сен менен жетпис жыл өмирлер қостым
Нөкис. шәҳәринде жатырман достым,
Ҳәр күн келерме деп жолыңды тостым,
Жолың түсип келсең төрле Бабанияз.

Ҳәмме ўақ саў болсын, халық-халайық,
Халық пенен бирге алға барайық,
Бизлер де жаслардай ғайрат салайық,
Өмирдиң кәрўанын сүйре Бабанияз.

## АЙ МЕНЕН ӘҢГИМЕ

Аспан ашық, жағымлы жел, тынық түн,
Толғанаман, тумлы-тусқа ой тарап.
Ел уйқыда. Түн ишинде тыныш түн,
Мен отырман әйнегимнен ай қарап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сәлем бердим нур сулыўы аспанның,
Деп тил қаттым арыўымдай айға да.
Деп мен уштым сен гөззалы аспанның,
Айға жақын орбитада айлана.

Қуры ушыў, босқа пәрўаз емес бул,
Нурлы қуяш, ақ алтындай төс көрдим.
Озалдан-ақ ай гөззалым екен тул,
Билим менен төрт тәрепин тексердим.

Әсирлерше ашық едим жүзиңе,
Жүз мың жыллар жымың қақтың жанапым,
Күлип қарап кеўил ашқан көзиме,
Жүрегиме жалын берди жамалың.

Дегенимде гөззал айым тил қатты,
Азаматы уллы совет елиниң.
Туңғыш ирет келип мени оятты,
Кеўлим сүйди мен болайын келиниң.

Тыңла шайыр, түрим сулыў, төрим кең,
Ашып жибер театрын тарийхтың.
Сүйсинейин сизлер менен болып тең,
Қолын қысып қуўанайын халықтың.

Билимли ел қолынды соз, кел маған,
Ашырымсаң аймалайын, қушайын,
Кеўлимди аштың күндей болып күл маған,
Күниңе хәм түниңе нур шашайын.

Дедидағы маған қарап сулыў ай,
Жарқырады, жайнатып бир нур төкти,
Қуўанышым қушағыма сыя алмай,
Елжиретти, йошландырды жүректи.

Билим менен таў менен шөл, шың асып,
Сазлап бердим жер менен ай жолларын.
Жаңа дәўир тур сизлерге жол ашып,
Айға, ушың, жан улларым-қызларым!

## МОЙЫНЛАУ

Көрдим мен қансыраған қара түнди,
Еситтим еңирескен зарлы үнди,
Әсирлер әрманының сырын ашқан,
Көргенмен атқан таңнан шыққан күнди.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көргенмен көз жиберип жер жаҳанды,
Көре-көре жүректиң мийри қанды,
Қуўанышым қойныма сыймап еди,
Көргенде Октябрьден атқан таңды.

Еситип, оқып, билип дана сөзин,
Ашылды жумылыўдан еки көзим
Бахыттың бесигине бөлеп қойып,
Ленинниң өзи өсирди айтар сөзим.

Көргенмен аққан суўдың өрин-ығын,
Көргенмен ел қайғысын ҳәм шадлығын,
Гүресте миллионлардың бири болып,
*Бергенмен өмиримниң бар жаслығын.*

Көргенмен кең даланың көсилгенин,
Өмир ушын арқаўдай есилгенин,
Мийнет, ақыл, билимниң қудиретин,
Жүректиң жумбақлары шешилгенин.

## ХАЛҚАБАДТЫҢ ҚЫЗЛАРЫ

Халқабадтың қубласында қара тал,
Сәўирдиң самалы менен ырғалған.
Қушағында менде өсип болдым шал,
Меннен бурын бабамнан да из қалған.

Сол излерге шыққан алтын пахтасын, —
Жазыўшылар дәстан етип мақтасын,
Маңлай тердиң маржаны бул пахтаны,
Көз нурындай етип елим сақласын.

Ильич нуры жайнаттырса қаласын,
Дүркин-дүркин мал жайлаған даласын,
Халқабадтың барлық халқы қаҳарман,
Ким билмейди Балтанийаздың баласын.

*Ҳәмме билер ҳәрбир елде қыз барын,*
Қыз бар жерде жылўа менен наз барын,
Мийнет майданында бәри қаҳарман,
Ҳүрметлейди Халқабадтың қызларын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бәри бирдей кең қушақлы, ай жүзли,
Қыйқаш қас, сүмбил шаш ҳәм қара көзли,
Ис буйырсаң орынлаймыз деп айтса,
Уәдесинен таймайтуғын мәрт сөзли.

## ҚЫС ПЕНЕН ХОШЛАСЫУ

Жылнамасы төрт мәўсимге бөлинип,
Қыс бәҳәрге, жаз гүз бенен алмасар,
Ҳәр мәўсимде өзгешелик билинип,
Өмир өткеллери болып жалғасар.

Төрт мәўсимниң бири қалың қыс болар,
Аспан базда ашық, базларда жабық.
Тереклердиң шақасына қус қонар,
Жер жамылып аппақ қардан ақ мамық.

Гүжимлер кийгендей қардан ақ телпек,
Терек шақалары салланар қыздай.
Қалың бүк көринер мысалы шертек,
Жердиң жүзи жалт-жулт етер жулдыздай.

Қоянлар ининде, қырғаўыл бүкте,
Ақ атлас кийгендей мүлгип тур тоғай,
Шағырайып көринер жулдызлар көкте,
Қамаўдан шыққандай дүрлейди торғай.

Жасыл жер өзгерип болған ақ шағыр,
Үстине кийгендей мелле шапанлар,
Қалың қарды қыршып қурып ақ шатыр,
Қыр қойнында қойын баққан шопанлар,

Қумның аржағында узақ жерлерде,
Қасқырлар, улыған, шуўлаған шағал,
Тебиренгендей тыным таппай түнлерде,
Кеўилге жағымсыз еседи самал.

Қыс қамалын қопарғандай нур қуяш,
Жерге жағып, жадырап жайнай баслады.
Қар кетип жазық жер жайғандай қулаш,
Қыстың қалың тонын шешип таслады.

Қақаман суўық, ысырап боран, аязды,
Қуўып салып, атты қуяшлы бәҳәр,
Ғаз киятыр ғаңқылдасып ҳаўазы,
Қыс пенен хошластық кирген соң бәҳәр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ҚҮНДЕЙ ЖАРҚЫРАП

Ғошшақ жигит пенен,
Гөззал қыз келди,
Жайнаған,
Жалынлы,
Жыллы жүз бенен.
Қыздың қуўанышы,
Қойнына сыймай,
Наэлана қарады,
Жаўдыр көз бенен.
Жигиттиң жүреги,
Қыздың жамалы,
Ҳүрмет,
ләззет пенен тутты жолымды.
— Мынаў китабыңызды,
— Естелик етиң!
Түсиндим,
Сөз жаздым,
Койдым қолымды.
Ҳүрметли еки жас,
Алып китапты,
Қолларымды қысты,
Жүзиме қарап,
Сол ўақта,
Мениң де,
Жаслық шағларым,
Көзге елеследи,
Күндей жарқырап.

## УЛЫМ МЕНЕН ҚЫЗЫМА

Бердим китабымды естелик жазып,
Биреўиң қызымсыз, биреўиң улым,
Талай түнлер тебиренгенмен ойланып,
Ақ қағазға төгип көзимниң нурын.

Китабымда ақ сүт берген ананың,
Өткен өмириниң зары жазылған.
Ойда диййқан,
Қырда шаруа,
Балықшы —
Болған адамлардың бәри жазылған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Китабымда қойған ҳәрбир ноқаттың,
Сыясында мийнеткештиң тери бар,
Ҳәрбир қағазында,
    Ҳәрбир бетинде,
Туўып өскен елдиң гөззал жери бар.
Китабымда сиздей жайнаған жастың,
Ышқы-муҳаббаты айтылған дастан.
Шын жүректен сүйиў, ҳүрметли жасаў,
Жүректиң жалыны тийкарғы дәстан.

Оқы қызым,
    Оқы улым жалықпа,
Китапта бар өмириңниң бәҳәри,
Билесиз ғой билим менен нурланды,
Бахтыңызға атқан таңның сәҳәри.

Шөшмеси ол саңа сезим, ақылдың,
Дал-дал еткен наданлықтың ордасын.
Суў,
    Күн,
        Ҳаўа,
Керек болса өмирге,
Китап сениң жандай сүйер жолдасың.

## КҮТТИМ СЕНИ

*(Қ. М. Симоновқа)*

Мени күт деп қосық жаздың сен шайыр,
Ҳәрбир сөзиң жүрегиме орнады.
Күтиў қандай билесең ғой өзиң де,
Сондай сүйдим күтпесиме болмады.

Ысыран суўық: мийтиндей муз үстинде,
Дүбелей даўыл күнлерде де күткенмен,
Сени ойлап, татлы уйқымды төрт бөлип,
Түнерген булт түнлерде де күткенмен.

Қан майданнан қайтқан сорап солдаттан,
Көкте ушқан ғазларға да көз салдым,
Ерте ашылған ҳәрбир гүлди ийискеп,
Йошланғаннан сазларға да сөз салдым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жайнап-жаснап жазда мийнет еткенде,
Кут деген сөз күндей ашты кеўлимди,
Ақ алтынды жүргенимде аралап,
Турқын-түсиң көз алдымда көринди.

Қосығыңды қуўат етип қасына, —
Қосып қойды жүрегиме жас жаным,
Қуттим сени ақырында гүз келди,
Аппақ таўдай үйилди алтын қырманым.

Келдиң шайыр, қушақладым қуўанып,
Бар екенмен мен де сениң ойында.
Миллионлаған курдаслардың биримен,
Еркин өскен Әмиўдәрья бойында.

Көрдим сени қумарымды тарқаттым,
Саў бол шайыр туўысқан халық бахтына.
Әрманым жоқ егер енди еситсем.
Дәстан жазсаң күткенлигим ҳаққында.

### ҚУРБАНБАЙ АҒАҒА

Кеўлиңде йош қайнап Қурбанбай аға,
Өсип шықтың қарақалпақ елинен.
Қайтадан жасарып, нурға бөлендиң,
Ленин сүйген Октябрьдиң күнинен.

Әййемги заманда әсирлер бойы,
Дөрелген дәўирден уллар менен қыз,
Халық қайғысына қара түнлерде,
Жанлап қосқан еди даўысын қобыз.

Сол қобыз қолыңда халық пенен болдың,
Халық пенен қайғы шектиң ыңрандың,
Халық қуўатынан қуўатлар алып,
Рәҳәтин көрдиң бахытлы таңның.

Дәрьялар теңизге қуйған сыяқлы,
Халық ғазнасына сөз дүрин қостың,
Тарийхый дәстанды гәўҳардай үйип,
Ел ишинде еркин шадланып өстиң.

Сениң қобызыңның ҳәрбир намасы,
Халық дәстанының тасқын булағы,
Сениң жырларыңнан шашқанда дүрлер,
Тәсирленер тарийхшылар мудамы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қурбанбай қуўаныш қойнында сайрап,
Шадлық дәўиринде қобызынды шал,
Мудам гөззаллықты мәртликти жырлап,
Халқың ушын исле ғайратыңды сал!

Қобызың жаңласын йошсын кеўилиң,
Саған ғамқор партия ҳәм ҳүр Уатан,
Халық пенен қуўанып Қурбанбай аға,
Жырлай бер ҳәм узақ жыллар бол аман.

ШАЙЫРҒА

Уақытсыз уйықлама,
Уақытсыз ҳәргиз,
Уйықлаўдың орны бар, ўақтында уйықла!
Биз ушын ҳәмме ўақ халқымыз негиз, —
Халық ушын қосық жаз — халық ушын жырла.

Қарақум ишинде киятырмыз биз,
Халық қуўатынан салынған бул жол,
Қум ишинде жатыр, халық басқан из,
Уйқыға берилме ҳәрўақ шаққан бол!

Қара, Қарақумның сулыў пейзажын,
Қуйынға ушқан қаңбақлардан дәрск жоқ,
Қара, Қарақумның жайнаған жазын,
Қулпырып көк өскен болып шоқ-шоқ.

Қарақумның көргил жаңа дәўранын,
Ул сүйген анадай өзине тартар,
Көргил коммунизм уллы кәрўанын,
Шайырсаң сөзлер тап қумарың артар.

Бабаңның табанын тескен таў-таслар,
Анаңның маңлайын күйдирген алтап,
Ҳәммеси бас ийди — бағынды саҳралар,
Тәбият бағынды. Жазғыл кәмал тап!

Вагонда биз бенен киятыр дослар,
Усы жолды салған. Дарақлар еккен,
Рабочий, инженер, техник, усталар,
Ҳадал мийнет еткен, маңлай тер төккен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Олар тапып көрсетеди қол менен,
Ең биринши егип, өскен дарағын.
Уйықлама киятырсаң айдын жол менен
Жырла!
    Көтер —
        Коммунизм байрағын!

*Чаржоў—Қоңырат темир жолы.*

## АБАТҚА

Қандай бахытлысаң улым Абатжан,
Мектепте оқыдың, онбирге толдың.
Өмирине нурлар шашты бул заман,
Дос пенен той көрдиң, азамат болдың!

Ағаң онбир жаста еди басы таз,
Шопан еди, бир пада мал алдында,
Таз басында шыбын быжнап болса жаз,
Алдыра алмай жүрер еди шашын да.

Белинде зағара, қолында таяқ,
Жетимлик дәртинен жасы болып сел.
Шекийне қалталы ҳәм жалаң аяқ,
Болса да сақлады ғамқор болып ел.

Мине сен ҳәзирде ондай емессең,
Самолетта уштың, поезда жүрдиң,
Ағаң киби ҳасла қорлық көрмейсең,
Халық пенен бирге дәўранлар сүрдиң.

Ильич илимине қанғыл перзентим,
Дана Ленин атаң, жүректе сақла!
Дослық, бахыт ушын болсын хызметиң,
Уатанның-халқыңның исенимин ақла!

*Чаржоў—Қоңырат темир жолы.*

## НУРЗАДАҒА

Бул уллы Уатанның қойнында өстиң,
Жүзлеринде дана Ильич нуры бар,
Ильич шырағынан ашылып көзиң,
Бахытлы заманың болды мәдәткар!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғамқор мәрданамыз ана Уатаның
Сениң жүрегиңе мәңги қан берди,
Қойды алдыңа уллы билим булағын
— Қан да таңы — деди халықты, елди.

Уатанға садық бол! Досқа қуўат бол!
Туўысқан халық айтсын
— Жайна жулдызым!
Данамыз Лениниң билими ушын!
Ақыл-ҳуўшыңды бер, шаршама қызым!

*1952-жыл.*

## ШАШЫМ ҲАҚҚЫНДА

(Соңғы жылларда таң усындай көп ғана қосықлар, хатлар аламан. Жыллы ҳәзил сөзлер еситемен. Бул маған күш-қуўат, йош береди. Сол ушын мына төмендеги қосықларымды жаздым).

## БАХЫТ БАҒЫНАН

Қара көзлер қорықпаңыз,
Шашым ағынан,
Бул ақ емес, — гүл тақтым,
Бахыт бағынан.

## МИЙНЕТТИ ЕГЕР...

Қараманыз тигилип,
Көзиңиз тийер,
Қарамай кетсеңиз,
Жүрегим күйер,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деп албырап жүрме,
Өзиң бол шебер.
Шашың ағарса да
Узақ жасайсаң.
Анықлап сүйсеңиз,
Мийнетти егер.

## ҚАДИРИН БИЛДИМ ҚАТАРДЫҢ

Жигирма жыл илгери,
Сал жигит деп атандым.
Еллиниң ашып есигин,
Ақ шаш деген ат алдым.
— Қутлы болсын «ақ шашың»!
Деген достан хат алдым,
Мийнетимди сыйлаған
Қадирин билдим қатардың.

## ТИЛЕГИМ

Дурыс шашым ағарды,
Жастай еле жүрегим.
Балға-орақтай қосылған,
Ақылым менен билегим.

## ОРНАТТЫ

Өмир гүрес, өмир тартыс, ҳәм қызық,
Мийнет ақыл — алдағыны ойлатты.
Жарыс пенен жәзийрадан жол сызып,
Тәбияттың түн уйқысын оятты.

Миллион жаслар машинаны меңгерип,
Кең далада тулпар етип ойнатты.
Қаратауды қақ айырып жол ашып,
Ерлик пенен ел тилегин орнатты.

*Қаратау—Нокис. Декабрь 1969-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МАРҲУМ ӘМЕТ ШАМУРАТОВТЫҢ ЕЛЛИ ЖАСЫНА

Әмет достым бүгин елиў бәҳәриң,
Ел ишинде — ер исинде жайнап тур.
Әмиўимниң еки бойын қулпыртып,
Жүрегиңнен шыққан жырлар жайлап тур.

Қырық бәҳәрин көргенинде өмирдиң,
Көзди жумдың, көк аспанның астында,
Он жыл бойы үлесиң тур жүректе,
Барлық исиң, жан жүрегиң достың да.

Сол досларың, жүрегиңниң дәрманы,
Сол досларың партияны жырлаған.
Сол досларың, әсирлерден әсирге,
Ел исине, ел бахтына тақ турған.

Мезгил жетпей аўзын ашқан сум әжел,
Алып кетти бир шақасын гүлимниң,
Қара матам менен болды жаппақшы,
Миллионнан бир шуғласын күнимниң.

Сен от един, жалынлаған алаўдай,
Дөреп турған миллионлаған ушқыннан,
Тамырыңнан жаўдыраған жаўҳардай,
Жаслар шықты, ҳадал жүрек ышқыңнан.

Сен достымсаң,
Жигеримсең,
Қалемлес,
Сақланасаң жүрегимде, жанымда.
Егер өлсем сениң дослық атыңды,
Қалдыраман ул-қыз әўладларымда.

Сен булқыйсаң,
Таўсылмастай сағаң бар,
Сен булқыйсаң,
Булағында елимниң.
Сениң қосықларың,
Сениң сөзлериң,
Тынбай ағар,
Фонтаныңдай жеримниң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сениң атың,
Өшпейтуғын жулдыздай,
Жайнап турар,
Күндиз бенен кешинде,
Ҳадал мийнет пенен,
Атың сақланар,
Коммунизм,
Бағларының ишинде.

## КЕТТИҢ ШАЙЫР

*(Хожамурат Турымбетовтың өлимине)*

Бир талшыбық един нәўбәўәр сүйген,
Жаслай қазан урып солдың да кеттиң!
Тамырың жерде, төбең аспанға тийген,
Ҳәр изиңе нәлше салдың да кеттиң.

Туўылған ер един еллерге ашық,
Ақылы зийрек един тиллерге ашық,
Ғошшақ жигит един гүллерге ашық,
Жаңа таң атқанда талдың да кеттиң!

Әдеп—икрамлылық пенен бас ийип,
Бир гиддиман един қатардан бийик,
Жазған қосығыңды оқыйман сүйип,
Дослық муҳаббатым алдында кеттиң!

Жақсылар дүньяға сыйып болар ма,
Ерди сум әжелге қыйып болар ма,
Көл болған көз жасты тыйып болар ма,
Өз сазыңды қысқа шалдың да кеттиң.

Таңнан талўас етип ерте қозғалған,
Поэзия булағына мийири қанған,
Тынышлық кептери ийнине қонған,
Бир азамат болып толдың да кеттиң!

Кеттиң шайыр — изимизде биргесең,
Бәҳәр, қыс жаз — гүзимизде биргесең,
Жүрек тербер сөзимизде биргесең,
Бизиң есимизде қалдың да кеттиң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БЕРДАҚТЫҢ ЕСТЕЛИГИНЕ

Баба шайыр, ойшыл дана — мәрт перзент,
Бүгин туўысқан халық жыйналды саған.
Бүгин орынланды сен айтқан тилек,
Бүгин пүткил елден келип тур мийман.

Арзыў-әрман еттиң, дослар изледиң,
Түнекте жүректен жағып шамшырақ,
Бүгин алтын болып басқан излериң,
Бүгин тойға келди баўырман урпақ.

Сен уллы шайырсаң, қайта туўылған,
Отырыпсаң алтын дәўран төринде,
Пүткил совет халқы болып туўысқан,
Сени сүйип оқыр ана тилинде.

Қадиримди халық билер деп един,
Даналығың ҳеш қалмады ескирип.
Мәңги сақлаў мақсетинде жүректе,
Өз қолынан халқың қойды естелик.

## ШАЙЫР ҲАЎАЗЫ

Йошлы кеўлим! Сайра мениң зибаным,
Әмиў бойларында жаңласын ҳаўаз!
Бир тарқады қурышланып қумарың,
Таңның нуры менен көкке ет пәрўаз.

Сөйле бүгин, ақтар алтын қабыңды,
Ел ғазийнеси болып шашылсын гәўҳар,
Жүрек жыры нәўпир ет сен жабыңды,
Бүгин сайрайтуғын келип тур шағлар.

Қайта қуўат кирип ғарры тамырға,
Бүгин урқан атты қартайған бағым.
Бүгин қайта келди бөленип нурға,
Ғыршылдаған жигирма бестеги шағым!

Күш ҳәм қуўат берип баба дийқаным,
Таў-таў етип алтын үйди алдыма,
Рәҳәтке бөленди жасарып жаным,
Мен алғыс айтаман батыр халқыма!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақ алтын ақ пахта, сары алтын салы,
Ырғалтқан бул халқым батыр әййемнен
Ана журтым ашық айдай жамалы,
Ҳеш ўақ аямайман жанымды сеннен.

Узақ жолдан келди аўыр кәрўанлар,
Таў-таў табыс толып, туўған жерлерге,
Қаҳарман халық, батыр туўған палўанлар,
Ҳүрмет-алғыс ел баслаған ерлерге!

Бәҳәрде мәрт болып айтқан сөзине,
Бүгин жетти халқым, батыр досларым!
Онбир баҳадырын ертип изине,
Алға басты Қарақалпақстаным!

Төрт жүз мың тонна тур нәзеримизде,
Гүреслер қызбақта нурланған таңда,
Барлық табысымыз быйылғы гүзде,
Уллы сыйлық болды партиямызға.

*1975-жыл, 1-октябрь.*

## АЛҒЫСЛАР АЙТАР

Жарасар көкке күн, ҳасыл жерге гүл,
Өмирге он еки перде жүрек бул,
Адам саўлығының тиреги доктор,
Сол доктор қыз екен бизиң Пердегүл!

Тамам етип келгеннен соң САМИ ди,
Доктор болып көрип шықты сан үйди,
Бийтап болып барағойсаң алдына,
Түр-түсиңнен кеселиңди таныйды.

Киши пейил жатық екен минези,
Жыллы жүзи, майдай жағады сөзи,
Бийтапларды баласындай әлпешлеп,
Түнниң жарпында да жүрер бир өзи.

Мәҳәллери жетип өшсе де шырақ,
Таңның шуғласында жүзи жарқырап,
Пердегүл жүр түн уйқысын төрт бөлип,
Барлық кеселлердиң аўҳалын сорап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Барлық ауырыуға болып мәдаткар,
Қараса кеселдиң қаҳәри қайтар,
Ессиз келген есин жыйнап, сауалып,
Ауырған жазылып алғыслар айтар.

## ТАРАС АРАЛ ТЕҢИЗИНДЕ

### 1

Қурдай қаплап,
Кулаш жайды қара түн.
Ен далада —
Ериксизден жатты ел.
Үрдис етип,
Үңгирлерден шығып үн,
Жарты түнде,
Жағымсызлау ести жел.
Меңиреу болып —
Мүлгип жатқан майданды,
Өмир ушын,
Оятқандай болды ел.
Тау тебиренди,
Тоғай киби, түн тонын,
Куштар болды,
Қолтығына қысып қол.
Сыбыр-сыбыр...
Сылдырласып суулары,
Ақ сақаллы —
Арал көзин аша алмай,
Қараңғыда,
Қанат жаймай қуулары,
Бүлинди де жатты,
Бауырын баса аламай.
Дәрт жаудырып,
Дәрман бермей дүньяға,
Қанлы заман, салды,
Қара қурсауын.
Ғамлы сесте,
Ғаңқылдасты ғазлар да,
Ғырра шетте көрди,
Ғаплет ғау-ғауын.
Ыссы түнниң, —
Ыңранысқан ишинде,
Илгериге,
Ысыра алмай «Степан»
Көз жиберип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кең даланың көксине,
Ақырында орын алды,
Аралдан.
Тунжырады,
Түнерген түн толқыны,
Түнекти ашып,
Төңкерилип туўды ай,
Көрип турып,
Кең теңиздиң толқыўын,
Тарас турды,
Түнниң ишин сығалай.
Елди-көрип,
Ерди көрип,
Еңиреди,
Мөлтилдеген көзден ақты,
Моншақ жас.
Қағазында —
Халықтың ақ кеўили,
Алпарысқан толқын,
Аңын ала алмас,
Қосық жазды,
Қуў далада,
Халық ушын,
Қарап көрип,
Қос Аралдың қырларын.
Дәрман берип,
Жәзийраға жыр менен,
Сүўрет салды,
Сырдың ашып сырларын.

## II

Көп жыл болды,
Көк Аралдан кеткели,
(Жүз он жылдай,
Ўақыт өтти арадан).
Таң да атты,
Орнап Тарас тилеги,
Ильич нуры,
Орын алды Аралдан.
Атың менен,
Даңқың қалды Аралда.
Комбинаттың көксинде тур,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Күн болып.
Аты шыққан,
Ақ сақаллы Аралдың,
Төсинде тур,
Туўысқанлық үн болып.
Қос Аралдың,
Қырларына халық келди,
Жәзийра емес,
Жаңа жерлер — жайлаўлар,
Шарўалардың,
Кеўлин шадлы көтерди,
Шуўдаларын,
Шаң баспаған боталар.
Комбинаттың консервасы,
Күш берер,
Балықшылар,
Туўысқандай тойынды,
Украинаның —
Ҳасыл бийдай—нанына.
Комбинаттың
Ислеп шыққан балығын,
Жеди Бирма,
Индистанның ерлери.
Көзге түскен,
Ең кишкентай Аралды
Билди Корей
Уллы дослық ерлери.
Бул алтыншы—Бес жыллықтың планы,
Ғарры Аралды,
Тағы қайта жасартпақ.
Алтын балық,
Қос Аралдың қойнында,
Тағы-тағы
Комбинатлар жасатпақ.
Балықшылар бийлеп,
Беккем күшлерди,
Балық сүзбек,
Күши менен атомның,
Мың-мың тонна,
Балық алып Аралдан,
Деп айтады:
— Пайы Тарас атамның.
Миллион-миллион



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жулдыз жанып Мойнақта,
Жақты етпек,
Әтирапын Аралдың.
Көлдиң иши,
Комбинаттан күш алып,
Суўдан сүйреп,
Алар көбин аўлардың.
Жырлап елдиң,
Туўысқан халық тилегин.
Мине бүгин,
Орынланды сол тилек,
Туўысқанлық дослық,
Бахытлы өмирге,
Жер жүзинде,
Бирге соқсын бул жүрек.
— Тарас келди,
Тарас бизиң Аралда.
Деп айтамыз:
Пүткил дүнья халқына:
Ат ҳәм даңқың,
Халық ишинде өшпейди,
Мойнақ ушын
Күш берип тур Москва!

*Москва—Нөкис*

## ҚАР

Жалпақ жер,
Ақ мамыққа қушақ ашып,
Қарсы алды, қар кетпеди көкке қашып,
Жер қарға қумарлығын билдиргендей,
Жиберди сақыйлықтың нурын шашып.

Сулыў жер сийнесине сәўле салды,
Ақ түйедей аппақ қар шөгип қалды,
Таў төсин, тумлы-тусты аққа бөлеп,
Жырасы тик көтерди аппақ жалды.

Көк жийеги турғандай жерге тийип,
Жер бети ақ жипектен липас кийип,
Жаннан сүйген қыз бенен жигит усар,
Екеўи қушақласты беттен сүйип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мергенлер қарды мақтар ҳасылындай,
Қуўаныш услар «алтын» асығындай,
Қар жатты кең даланың қушағында,
Көп ўақыт көриспеген ашығындай.

Бәҳәр жазға, гүз қысқа жанасады,
Сыйырдай ҳәўкелерин жаласады,
Ерке туўған егиздей бүгинги қар,
Жердиң бетин жайнатып жарасады.

Аппақ қар алтын шашты айналаға,
—Деп шақырып турғандай,—кел далаға,
Қар атып қуўанысып қыз-жигитлер,
Күлисип ойнап кетти кең далаға,

Кең дала қандай көркем көзди тартқан,
Көрген сайын жадырап ықлас артқан,
Жаслығым көз алдымда жайнап кетти,
Қызларға қумар болып қарлар атқан.

## ҚАЎЕНДЕР БЕРДИМУРАТОВҚА!

Түнниң иши, отыр жигит ойланып,
Көз алдында елеслейди кең дала...
Аспанда ай, көкте жулдыз, жумсақ жел,
Тынық ҳаўа. Тынышлықта айнала.

—Бул ким өзи, түн ишинде тебренип,
Базда отырған гүбирленип тил қатып,
Космонавттай көкти шолып кеўили,
Не қылып отыр келиншектей толғатып.

Бул отырған бизиң елдиң жигити,
Сүйсинерсең сымбатына салсаң сер,
Өрлеп басып ортақ болған өмирге,
Жақын жолдас жас художник Қаўендер.

Көз алдында өткен өмир көриниси,
Сымбаты тур әжем менен бабамның.
Қайнаўытлап бүгин бахыт булағы,
Көз алдында жыллы жүзи дәнамның.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қалың тоғай, Әмиў, Арал, Қаратаў,
Елеслейди жатқан Үстирт ояныи,
Талантына Ильич нуры йош берип,
Отыр жигит өмирлик ис ойланып.

## СОҚЫР СОЛДАТҚА

Ассалаўма әлейкүм деп бас ладым,
Қолыңды алып ең биринши сөзимди,
Даўысымнан таныи алдың жан достым,
Көзиң менен көрмесең де жүзимди.

Таныдың да қушақладың айқара,
Баўыр басқан дослық мийриң елжиреп.
Алп туўған аяныўлы кеўилим,
Шыдамады жасты төкти еңиреп.

Төккен жасым ақ жүзиңе тамғанда,
Жалынланды жүрегимнен ыссы леп,
Қосық жаздым қарсы алдында отырып,
Жәмийетке жәриялап достым деп.

Ана Ўатан, туўған халық, ел ушын,
Мәртлик пенен сен айрылдың көзиңнен.
Уллы жеңис жайнап келди ел ушын,
Миллион ерге күш қосылып өзиңнен.

Улы-қызың бар, жулдызың бар, бахтың бар,
Жас қырандай жетилискен изиңде.
Жас әўладың келешекте—өмириң —
Нурлар шашпақ көрмей қалған көзиңе!

## МЕН СОЛДАТПАН

Мен солдатпан гүреслерде шыныққан,
Мен солдатпан бәрха еки майданда,
Жер жүзине жеңис туўын орнатқан,
Мен солдатпан қорған болған миллионға.

Тыным таппай күндиз бенен кешинде,
Қара түнде қанлы майдан ишинде,
Туўған жердиң жаўын жексен еткеним,
Сақланады тарийхларда, есимде.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен солдатпан, алп туўған анадан,
Жаўызларды қуўып шыққан арадан,
Желбиретип байрақ тиккен Берлинге,
Шийрин жанын567 дослар ушын арнаған.

Мен солдатпан тоғызыншы Май куни,
Жаўды жеңип, жеңис туўын жайнатқан,
Сәлем Сизге туўысқанлар досларым,
Жеңис куни жаўынгер дос-солдаттан!

*1966-жыл, 9-май.*

## Жумек Орынбаевқа

*(60 жасқа толыўына қутлықлаў телеграмма)*

Молния —
Нөкис,
Калининниң көшеси,
Сексен бир жай — Орынбаев Жумекке,
Алпысбай деп атақ алған кешеси,
Жайнай берсин жаслығы тур жүректе.

Алпыс жасың-алпыс асыў өмириң—
Ол өзиңди бөлеп қойды зийнетке,
Алпысбайға ашқан аппақ өңирин,
Қутлы болсын қыз минезли Зийнепке!

Документиң жасың алпыс болса да,
Жүзиң қызыл, қыршылдаған қырық жаста,
Әтирапыңа қырық қыз келип толса да,
Деймен көзиң қарай-қарай тоймас па?

Кеўлиң көкте; бойларың тик палўандай,
Кетилген жоқ мүсиниңниң мүйеши,
Көзиң илгир, йош баслаған қәрўандай,
Өзиң болдың халық тойының ийеси!

Ақыл-ҳуўшың гүрес пенен қатайған,
Ақ жүзиңде дөнген гүлдиң шоқ түри,
Муғаллимлер атасы деп атайман,
Сол билимниң болдың туңғыш докторы!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мың-мың десем шәкиртиңниң шәкирти,
Ҳеш бир адам бул сөзимди етпес лап,
Билимимниң булағының бир гилти,
Өзиң болдың Жумек аға кәмал тап!

Көзлериңде бабаларым тилеги,
Жүзлериңде бир әсирдиң нуры бар,
Халық мүғаллими — елдиң Жумеги,
Миллион жастың жүрегиниң жыры бар.

«Мектеп кеме — билим теңиз»—бул нақыл,
Сол кемеге өзиң болдың капитан,
Ленин данам өмир берди, берди ақыл,
Қушағыңда Маркс берген Капитал!

Жумек аға! Алпысбайлар кәрўаның —
Алдыға тарт! Жүз елиўге ет пәрўаз,
Жүз елиўде көр Зийнептиң жәўланын —
Заманымыз сол өмирге болды саз!

Доктор достым!
Ақсақалым,
Жан ағам!
Партиямыз нур жайнатты жүзиңе!
Жумек аға!
Сен баслаўшы жулдызсаң,
Жолмурза да жетсе ырза изиңе.

*1967-жыл, 23-сентябрь.*

## ГҮЛИСТАН ҚЫЗЫМ

*(1975 жылы 31-январь күни 1-февральда Карл Маркс атындағы орта мектептиң оқыўшылары менен болатуғын ушырасыў кешесине шақырып келди. Мен оларға ырза болыў менен естелик ушын нәсият қосығын жаздым).*

«Өмир мектеп, халық мүғаллим!» деген бар,
Усыған кеўил бөл сен жастан қызым!
Мийнеттен, билимнен паллар жеген бар,
Ақыл-ҳуўшыңды бер сен жастан қызым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халқының қадирин билген ер болар,
Ана—Ўатаның туўып өскен жер болар,
Ҳадал инсан болсаң орның төр болар,
Бәрҳама дәрман ал сен достан қызым!

Зейниң зийрек болсын узақты гөзле,
Узақ жолға кәрўан тартып дос изле,
Доктор болып жеткер ҳәммени жүзге,
Сонда шайырларға сен дәстан қызым.

Муғаллимиң ата-анаңдай меҳрибан,
Сен оннан күш алдың бас ийер жаҳан,
Өзиңди бахытқа бөлеп тур заман,
Масайрайсаң жериң бағ-бостан қызым!

Қадирин бил нурлы атқан бул таңның,
Сүйикли перзенти болғыл Ўатанның,
Нәсийҳаты берген шайыр атаңның,
Саў-саламат өскил Гүлистан қызым!

*1975-жыл, 31-январь.*

## ҚУТЛЫ БОЛСЫН ҚЫРЫҚ ЖЫЛЛЫҚ ТОЙЫҢ КОМСОМОЛ!

Жайнаған жаслықтың ҳүрмети өзиң,
Сүйикли Ўатанның хызмети өзиң,
Дүнья жасларының досты комсомол,
Данамыз Ильичтиң перзенти өзиң!

Пүткил халық бахтының тилеги өзиң,
Келешек турмыстың тиреги өзиң,
Партияның салтанаты, солдаты,
Данамыз Лениnниң әўлады өзиң.

Гүреслерде жаўдың үнин өширдиң,
Пүткил жасқа аштың өмир есигин,
Қутлы болсын қырық жыл тойың комсомол,
Тербетиўши коммунизм бесигин!

Жайнаған жигерли,
Ерсең комсомол!
Ильичтиң әўлады,
Сенсең комсомол!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## МЕН — КОМСОМОЛ

Қансыраған, қабақ үйген, қара түн,
Аш қасқырдай дүбелей дауыл ышқырған.
Шағал шуўлап, шөлистаннан шығып үн,
Әжел сумлық сур жыландай ысқырған.

Таслар ерип, таў-тоғайлар өртенип,
Жылдырымдай жалт-жулт етип жаўды оқ.
Өмир көрки—жазлаў, қыслаў өртелип,
Жалын лаўлап әтирапта қызыл шоқ.

От ишинде қалды аўыл ҳәм қалам,
От ишинде—ини ҳәм де қарындас.
От ишинде—туўып өскен кең далам
От ишинде—дос-туўысқан, жан жолдас.

Кек қайнады. Масаладай жанды көз,
Шалтлық пенен әтирапыма қарадым.
— Қан ушын қан, жан ушын жан! — деген сөз.
Жаңлап кетти. Жарқ-журқ етти қуралым.

От артынан аш қасқырдай антолап,
Келип қалды турған зулым аңлыған.
Фашист жаўыз қылышынан қан жалап,
Айқасқанда асқар таўдан атты таң.

Оқлар аттым, қылыш урдым, айқастым,
Катюшалар жылдырымдай жайнады.
Қурал еттим ҳәр бөлегин таў-тастың,
Ўатан ушын ызалы кек қайнады.

Мен комсомол едим қанлы күнлерде,
Қопарылмас қорған болдым елиме,
Қанлар жаўған, қара думан түнлерде,
Дана Ленин қуўат берди белиме.

Мен комсомол гүреслерде шыныққан,
Қорғадым мен ата-ана баламды.
Шөлистанға бағ орнаттым шыбықтан,
Ушластырдым аўыл менен қаламды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен комсомол қан майданда қайтпаған,
Гүреслерде ең биринши орында.
Ғамқорым бар, партия бар баслаған,
Мен жасайман коммунизм нурында!

## НАУРЫЗ ЖАПАҚОВҚА

Ақылыңды асқар шыңда ойнатып,
Өмирине билим, туўын орнатып,
Доктор болдың қутлықлайман жан иним,
Жүрегимниң сахнасын жайнатып.

Саған деген муҳаббатым озалдан,
Басланыпты туўылған күн азаннан,
Жаслықтағы бөлип жеген бөкпенниң,
Дәми кетпес кеўил деген қазаннан.

Жаслайымнан жүрек қосқан жаршыман,
Күнге күнмен, қара бултқа қарсыман,
Өзиң менен өткеллерден өткенде,
Қасқырларды қоймай қырған қаршығам.

Бағқа бағман, шөлистанды жайлаған,
Гүлге гүлмен, усы бағдан жай алған,
Досқа жайған дастурханың ишинде,
Жемисиңмен жүрегиңдей жайнаған.

Жетимликтен журттан журтқа көшкеним,
Жүректе жыр, қанлы суўдан кешкеним,
Барлығы да белгили ғой баўырым,
Омар Ҳайям болып шарап ишкеним...

Күндиз кеўил кең далаға ушқанда,
Кеште қыял қызыл жулдыз қушқанда,
Жастан жүрек, бастан ақыл қосылып,
Дослар менен дәкқи бердик душпанға.

Гүреслерде әжел келип атты тас,
Шыдам берди, шытнамастан жалғыз бас,
Кәрўан тартып қатарымды санасам,
Көринбеди талай-талай қыршын жас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ерди сүйер, пүткил дунья әлеми,
Өйткени олар халық сүйиўди қаледи,
Жаңа дәўир жүрегинде жайнап тур,
Не ойласақ айтқанымыз келеди.

## КУРЫЛЫСШЫЛАР ҚОСЫҒЫ

Тозған диййўал, ширик ағаш, изей жай,
Жүрген болса усы күнге жарамай,
Бульдозерге буздырамыз тегислеп,
Жойбарлаймыз жайдың орнын жаңалай.

Курылысшымыз мийнет сүйгиш қаҳарман,
Сулыў етип жаңа жайлар саламыз,
Азада жай, өмиримиз абадан,
Рәҳәт турмыста жасар баламыз!

Кеше жатқан қурғақ дала дүздеги,
Бүгин маржан яңлы жайлар дизбеги,
Төрт тәрепи жақты Ильич нурындай,
Бийик жайлар көкте жулдыз гөзледи.

Билим берди тәрбиялап туўған жер,
Шебер уста, архитектор, инженер,
Шөлистанды қала етемиз қулпыртып,
Курылысшы мийнет сүйгиш батыр ер.

*1966-жыл, 5-март*

## ҚЫЗ БЕНЕН ХУДОЖНИК

*(Бердақ атындағы сайлықтың лауреаты Жолдасбек Кутлымуратовқа)*

Кеўил жазың ыссы болды орасан,
Қыслардада бәҳәр болып турасаң,
Қырық айырып, қара тасты, ағашты,
Шебер қолдан тынбай шөккиш урасаң.

Жақсылық бар жалт-жулт еткен жүзинде,
Мейтин тасқа мөлт-мөлт ағар тамшы тер,
— Шаршағанда дем ал, келип жүзим же,
— Жумыры таўдың етегинде бизиң ел.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деген қыздың қуўанышлы мирәти,
Кеўилге унап көркемлетти келбетин.
Ой тербетиў художниктиң әдети,
Мраморға ойды қыздың сүўретин.

## ТҮЙЕМОЙЫН

Күн астында көкке қарап сүзилип,
Мүлгип жаттың миллион жыллар дизилип,
Әмиўдәрья ҳаллас урып аққанда,
Кетпек болдың түйе мойның үзилип.

Миллион жыллар мүлгип жаттың шыдадың,
Зар еситип муздай қаттың шыдадың,
Хийўа ханы үстиңнен қан қуйғанда,
Суў орнына зәҳәр таттың шыдадың.

Тәбияттың тарпыўына тарылдың,
Сары уўайым сеси болды сарылдың,
Иймекленип Түйемойын атаның,
Зарлы өмирдиң зардабынан жарылдың.

Тар заманда талай-талай түр көрдиң,
Көрдиң талай үңилгенин үркердиң,
Талўас етип тилек еткен күн келип,
Түйемойын мине бүгин түргелдиң.

Белин буўып күш-қуралын жыйнаған,
Адам келди өмириңди ойлаған,
Гидроузел қурып сениң қойныңа,
Ел болмақшы төрт тәрепин жайлаған,

Қанигелер қыр-ойынды шолыпты,
Әтирапың күш-қуўатқа толыпты,
Қала орнап Қызылқумның қойнына,
Бул күнлери жаңа мәкан болыпты.

Отаў тигип қарақалпақ, өзбекке,
Аз қалып тур барлық исиң питпекке,
Еки-үш жылда қала есиги ашылып,
Әлўан-әлўан жай орнапты Питнекке.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әмиў сүтли сыйыр биз турмыз саўып,
Шөллерге суў берер шарқ урып шаўып,
Қарақалпақ, Хорезмниң жерине,
Жарқырап тур бахыт пенен нур жаўып.

Хан заманы қанлар төгип қойынға,
Мәкан болып жатқан шөлге, қуйынға,
Батырлары бизиң заманымыздың,
Жаңа өмир орнатты Түйемойынға.

*Ташкент, 1974-жыл.*

## ШЫНАР

Әмиў жағасында Түйемойында,
Әсир гүўасындай турыпсаң шынар,
Ана—жерде, Қызыл қумның қойнында,
Тамырыңды тереҳ урыпсаң шынар.
Қыздай сыңқ-сыңқ күлип суўлар ағады,
Жулдызлар сағымы толқындай жайнап,
Жасыл гүллер бөлеп еки жағаны,
Көкте ай көринер көзге жадырап.

Жаздың жипек жели жүзиңди сыйпап,
Желпигендей желбиретер шашыңды,
Қыял кетер қозылардай жамырап,
Тапқан яңлы етип жубайласыңды.

Шәнли-шәўкет тутқан яңлы турыпсаң,
Шар тәрепке жайып шақаларыңды,
Ҳәр күн мийман келип маза қылыпсаң,
Сыйлық етип салқын саяларыңды.

Талай гөззаллардың қуштары болып,
Саяңда сал жигит ышқыда жанған,
Қушағын муҳаббат қостары болып,
Яки қыршын кеткен, я мийри қанған.

Малын баққан шопан зәңги бабасы,
Таяғын ийт ғайзап дәрт пенен жатқан,
Ғаў-ғаў урыс болып елдиң арасы,
Саған қарап залым жаўыз оқ атқан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саянда қыялдың салына минип,
Йошқа пәрўаз еткен шайырлар шығар,
Жасыл жапырақларың көз тартар дөнип,
Дарақлар патшасы өзиңсең шынар.

Неше жүз жыл өмир сүрип өстиң сең,
Қан аққан заманда көндин қыйынға,
Бүгин сәўлатыңды сулыў көрдим мен,
Мардыйып турыпсаң Түйемойында.

## ТҮЙЕМОЙЫН АҚШАМЫ

Талўас етип келсем Түйемойынға,
Жайнап, жарқырап тур миллион шамшырақ,
Ақшамы бөленген зәрбаплы тонға,
Жаңа жайлар бир-биринен жақсырақ.

Жаннан қушағыңа кирдим шадланып,
Кеўил ашып шарқ урдым шадланып,
Қулпы дөнип мунарланған гүл-ғунша,
Жәўлан урып жастай жүрдим шадланып.

Сулыўдан сулыўдың көп болар парқы,
Түйемойын қурылысы жайылған даңқы,
Бас қосып баўырман болып жасаған,
Шөлге мәкан басып туўысқан халқы.

Ақ сарайлы әлўан-әлўан көшеси,
Мийнет сүйгиш-халықларының пешеси,
Күндиз күн жарқырап сәўлесин шашса,
Түнде нурға бөленеди кешеси!

Салқын сарай көк тиреген пақшаны,
Жарасып тур күнниң қуяш шашқаны,
Қызғын қурылыс — мийнет түби рәҳәт,
Жайнап өскен Түйемойын ақшамы.

## ДИЛБАР МЕНЕН АЙЖАМАЛ

Бири өзбек қызы исми Дилбар,
Бири қарақалпақ аты Айжамал.
Екеўине туўған ели мәдаткар,
Еткен ислеринен таўыпты кәмал.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әмиўдиң бойында айдай ашылып,
Еки гөззал бир-бирине қарасқан,
Ай жүзине күн қуяшы шашылып,
Түйе мойын қурылысына жарасқан.

Булттың баўырына киргендей жулдыз,
Таң шолпаны кетти өз жолын сайлап,
Таң менен таласып турып еки қыз,
Әмиўге көз тикти тағдирин ойлап.

Түйедей гүркиреп толқынлар атып,
Памир таўларынан келдиң зымырап.
Саҳра, дала, шөлистанды оятып,
Жаңа өмир бердиң күндей жадырап.

Қус жолындай Қарақумды қақ жарып,
Арал теңизине тиреди табан.
Таза топырақты қамырдай қарып,
Таў-тасты унтадың мысалы сабан.

Асаў арғымақтай әсирлер бойы,
Узақ жоллар жүрип тынбастан ҳағлап,
Орта Азияның қыр менен ойы,
Сениң суўың менен гүлленди шағлап.

Жәўлан урып жер қыртысын жапырып,
Суўларыңды сүттей етип сапырып,
Тапқан-тупқаныңды Аралға бердиң,
Қус-қоян, қырғаўыл, маралға бердиң.

Жаңа өмир: Еки бойын болды ел,
Шалғын егис болды кешеги дала,
Мийри қанып маўқын басып саҳра-шөл,
Ай далаға орнатылды сай қала.

Бахыт нуры орнап еки жағаға,
Тақыятастан қурдық таза тас көпир,
Тас тарнаў орнатып гүллан сағаға,
Тынларға толқынлап суў ақпақ нәўпир.

Халық қутылып суўсызлықтан қыйыннан,
Таў-тасларды жарып қазылды канал,
Гидроузел қурып Түйемойыннан,
Бүгин қурылысшы Дилбар—Айжамал.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Айжамал, Дилбардың мақсет-мураты,
Хорезм оазисин етпек гүлистан,
Тарийхқа жазылды Түйемойын аты,
Жаңадан дөремек бир нешше дәстан.

Дәстан қаҳарманы Айжамал—Дилбар,
Ең гөззалы болар жананымыздың,
Әмиў бойларына шашқан гәўҳарлар,
Жайнаған жулдызы заманымыздың.

## ДОКТОР ҚЫЗ

*СССР Жоқарғы Советиниң депутаты врач Тилеўбийке Бекниязоваға*

Булттан шыққан күндей болып жарқырап,
Халыққа қуяштай танылдың жастан.
Мәнзил-мәканында өстиң масайрап,
Сен зийрек қыз болдың ең озал бастан.

Сәрўидей жарасып қадди-қәўметиң,
Оқыдың билимнин булағын иштиң,
Ата-ана, халқыңа жағып хызметиң,
Доктор болдың инсан тағдийрин шештиң.

Дәртке даўа таўып, дәрилер бердиң,
Ерлигинди елиң сүйген искер қыз,
Қыйынлықты жеңдиң рәҳәт көрдиң,
Сени жаннан сүйер туўған үлкемиз.

Өмирге саўлықтың шырағын жақтың,
Қолыңыз шыпалы, тилде атыңыз!
Халық пенен жайнасын бәрҳа бахтыңыз,
Сүйикли доктор қыз — депутатымыз!

*1976-жыл, 11март.*

## ШЫПАКЕР

Өмиримнин дәрманы,
Өзиң болдың докторым.
Кеўилимнин әрманы,
Орынланды докторым.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бахтыма нур шашқандай,
Үстиңдеги ақ халат,
Емлediң қайта ер еттиң,
Өзиң берип күш-қуўат.

Берген дәри-дәрмағың,
Өмиримниң булағы,
Ден саўлығым дүньяда,
Бахытымның шырағы!

Сақшы болған өмирге,
Қадирли доктор азамат,
Сени сүйер жүректен,
Дүньядағы адамзат.

*1977-жыл.*

## ДОКТОР ҚЫЗҒА

Қапелимде қатты аўырдым досларым,
Қосық жазып отыр едим биймәлел,
Жаннан аяп жылап отыр қостарым,
—Сойқан салып кетпегей деп сум әжел!..

Көўил жабық, көз аша алмай жатырман,
Зайыбымның бетке тамып көз жасы,
Шолпан еди бүгин таңды атырған,
Узақ түнде болып илхам жолдасы.

Таңның атқан қуяшына қосыла,
Алып кетти больницаға тез жәрдем,
Қыйналдым ғой қара терге қысыла,
Албырақлап аңсат болмай алыў дем.

Ессиз жаттым, екинши күн азанда,
Сығалады терезеден шоқ жулдыз,
Сәске ўақта маза қосып мазама,
Дәри менен дәрман берди доктор қыз.

Ең қымбатлы, ең биринши байлығым,
Саўлық екен биле билсең адамзат.
Халқыма, өзиме керек саўлығым,
Саўлықта екен ақыл-ҳуўшың, күш-ғайрат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мың-мың алғыс дәрман бердиң доктор қыз,
Саў бол! Саған шийрин жаным садаға,
Бул жаҳанда сендей сулыў жоқдур қыз,
Сондай болып кирдиң салты-санама.

— Ким боласаң! Кимниң қызы едиң сен?
Қысқа ғана өмириңди баянла.
Қуштарланып егер қосық жазсам мен,
Өмириңе бир естелик болар ма?!!

— Әкем деди... қайғырды да, қамығып,
Жеңис пенен келип еди елине,
Зар жыладық, бизлер қалдық жабығып...
О жан әкем өлди туўған жеринде.

Көп узамай мәңги көзин жумды да,
Анам байғус... кетти әкем изинен,
Тағдийр мени журдай жетим қылды да,
Сел-сел етип жас ағызды көзимнен.

Қара көзим! Қадирдан қыз — докторым!
Бул дүньяда өлмей адам қала ма?
Түнге емес, таң нурына тақ турың,
Қосылайын қуўаныш пенен қайғыңа!

Менде жетим едим, жетилдим сендей,
Сени доктор, мени шайыр дейди ел,
Сен бир өмир бағы — ашылған гүлдей,
Екеўимизди ержеттирген туўған жер.

Қадирли қыз қосылыпсаң халқыңа,
Өзиң күн бол, өзим үлкең болайын,
Қосық пенен даңқлар қосып даңқыңа,
Әкеңниң орнына әкең болайын!

*1977-жыл, 21-апрель.*

## ХӘММЕ УАҚЫТ ҲАҚЛЫҚ БОЛСЫН ЖОЛДАСЫҢ

(*Саўда — кооператив техникумын питкериўши қызларға*)

Саўда хызметинде ислерлик қызсаң,
Саўда деп саўдаға түспесин басың,
Көпшилик көзине түскен жулдызсаң,
Қырық мың қыялдасаң, алдамшы жасың...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Алдамшы дегеннин мәнисин сора,
Ай жүзиң ашылған айнаға қара,
Жилўа-назлар менен жүз мың долана,
Көзлериң қап-қара қыйылған қасың.

Көзлериң көргенниң жүрегин жаққан,
Ҳәр қарасын өткир жанған шырақтан,
Шадлы кеўиллисең, екенсең шаққан,
Тап өзиңе усас екен қурдасың!

Еккиңиз қосылған Саҳибжамалсыз,
Жүзлерге жарасқан бир қоса қалсыз,
Сизди көрген жигит қалар ҳамалсыз,
Теңли-тениң менен жүрип сыйласың.

Ашық болған бир-бирине қарасар,
Көз қараслар бир-бирине жарасар,
Сизлерди көргенниң көзи қамасар,
Опасыз муҳаббат кеўлиң бурмасын.

Саўда хызметинде ислерлик қызсаң,
Көпшилик көзине түсер жулдызсаң,
Биреўлерге жазсаң, биреўге қыссаң,
Ҳәмме ўақыт ҳақлық болсын жолдасың.

### НӘСИЙҲАТ

Бабалардан бизге қалған ўәсият,
Бизден әўладларға болсын нәсийҳат.

Бир ғарры шайыр деп сезип өзимди,
Уллы нәсият деп тыңлаң сөзимди.

Барлығын турмыста еситтим, көрдим,
Сизлерге естелик жазып үлгердим.

Мәртликти үйренип ең озал бастан,
Турмыстың маржанын сүзип ал жастан!

Бул дүнья кең, көзиң жетпес ушына,
Қушақлайман деп барлығын қысынба!

Қанаат ет, халқың менен бирге бол,
Бирге болсаң саған ашық айдын жол!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пайдалы жерин ал, зыянын тасла,
Ақылы даналықта өмирди басла!

Анық билсең төрт мәўсимниң келисин,
Түсинерсең өмириңниң желисин.

Өмир деген жанып турған қызыл шоқ,
Бир сөнген соң еки ирет өмир жоқ.

Ақыл менен сыйлай билген өз басын,
Жарым жолда қалдырмайды жолдасын,

Айға кесек атпа, төбеңе түсер,
Тас түскен жер я ойылар, я исер!

Баз биреўлер сықмар, дүньяға жақын,
Ҳәттеки жеп кетер сағыйра ҳақын.

Базбиреўлер жалғыз басын биледи,
Бирақ жалғызлықтан азап көреди.

Базбиреўлер алдар бәрҳа адамды,
Ақыры арқалар қайғы ҳәм ғамды.

Ҳийле менен жесең достыңның асын,
Ақыры қор болып жоғалар басың.

Билимди ийеле зор болғың келсе,
Ҳадал мийнеттен қаш қор болғың келсе.

Пахта ексең пискенше ет ҳәрекет,
Ҳадал ҳәрекетте бәрҳа берекет.

Жер жақсысын бөлер болсаң салыға,
Тракторды таярлап ал жаныңа.

Ҳәмме ўақ қай иске етсең де машқы,
Сени жаздырмайды сол истиң ышқы!

«Дос басыңа, душпан аяққа қарар»,
Аяқ кийимиңе болғыл ықырар.

Достыңның ҳәр күни үйин көрип кет,
Ата-анасына сәлем берип кет!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ул-қызыңа ҳәр ўақ урыссаң бийорын,
Үзгендей болар¢аң жүректиң тарын.

Ойланып сөйлесең қызбайды қаның,
Қызсаң ҳәр ўақ қапа болады жаның.

Мийнет етсең дем алдағы жатып иш,
Жарма ишсең асқатығын қатып иш.

Улыңды зорлама сүйгенин алсын,
Қызың теңин таўып қоса ағарсын.

Жем жемеген сыйырда сүт аз болар,
Тәрбиясыз қыз көтере наз болар.

Әдеп өзиң әдеп-икрамлы бол,
Сол әдетиң әўладыңа ашар жол.

Табан тозар, несийеге зат берсең,
Батпаққа батарсаң суйыққа ерсең.

Егер алдаўшының сөзине көнсең,
Суўда қалқып жүрген сен де бир сеңсең!

Тереӊ бе, сайыз ба көрмей шешинбе,
Сырлас емес адамларға шешилме.

«Мал шақынан, адам тилден» деген бар,
Аңлап сөйле ҳәр сөзге бер итибар.

Қоңсыңды ойласаң шығады атың,
Сени жақсы көрер ҳәтте жек-жатың.

Жапты қазсаң суўдан мийриң қанады,
Маңлай териң күйсе ишиң жанады.

Ҳеш гүнасыз сөз еситсең достыңнан,
Дүньядағы ашшы зәҳәрден жаман.

Егер тыңлар болсаң шуғылдың сөзин,
Қара перде менен қапланар жүзиң.

Биреўди биреўге душпан еткениң,
Өкиниш пенен өз басыңа жеткениң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жағымпаздың жүрегинде мәргия,
Иси питсе көздән болар зым-зыя,

Тораңғылды тынбай тессе тоқылдақ,
Урысқанлар мыйды тесер тоңқылдап.

Дүнья-малға толсады қушағың,
Ҳешбир заялама нанның усағын.

Ақыллы ис етип бәрқулла сақ бол,
Досқа дәрман берип жақты шырақ бол!

Босқа жүрме, минутты көзиңе илмей,
Өмирдиң өткенин қаларсаң билмей.

Китап оқыў болсын бәрҳа әдетиң,
Сонда дүзиў болар тутқан нийетиң.

Китапты оқысаң айтылар бәри,
Барлығы да сениң өмириңе дәри.

Билим менен ай, күн, жулдыз қушасаң,
Адамды сүй егер адам усасаң.

Менменликтиң туўын қолыңа тутпа,
Достың кирттай жақсылығын умытпа,

Шағаўық шаянды өлтирмей кетпе,
Егер тири қалса дақ салар бетке.

Ҳийлекер суўпыдай киймегил сәлле,
Достың ашыўланса бергил тәселле.

Ҳәр заман беккемле дослықтың күшин,
Дослық тирек болар өмириң ушын.

Дослық тар жоллардан сени өткерер,
Мурат-мақсетиңе сөзсиз жеткерер.

Базда бир сөз бенен тағдир шешилер,
Жалған сөзге ерсең мойның кесилер.

Жаста жетим қалсаң жетерсең аман,
Қартайғанда жетим қалыў дым жаман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Есаплы бол өмириңди қор етпе,
Қарның бир тойғанға мардыйып кетпе.

Жасыңда тойдырса нан менен палға,
Ҳәмелдар болғанда умытып қалма.

Билмейди дегенлер өзимнен басқа,
Ақырында жолығады ипласқа.

Нақыл бар: «таңланған тазға гез болар»,
Мәҳәлинде үйленбеген сөз болар.

Мийри қанар мийнет пенен суў ишкен,
Адам емес өтирик сөйлеп уў ишкен.

Ул-қыз жақсы болса төбең көк тирер,
Жаман болса өзине сөз тийгизер.

Ҳадал териң жуўар жерде шорыңды ,
Перзент жаман болса қуртар сорыңды.

Егер ата-ананы етсеңиз қапа,
Қылған ҳүрметлериң зая кетпес ҳеш.

Егер-ананы етсеңиз қапа,
Күни ертең өзиң де шегерсең жапа.

Алтындай басыңды тыйынға сатпа,
Мәртебем бәлент деп шалқайып жатпа.

Дәўлетин қайтқанда жалқаўлық басар,
Ўақытша қол берген досларың қашар.

Шығар малға себеп болса ийеси,
Жаман болар нанның тутса кийеси.

Алманың шақасын сындыра гөрме,
Жемиси көп болар жарасар жерге.

Нәлше ексең тәрбиясын умытпа,
Бағман емеслердин сөзлерин тутпа.

Қадири артқан яңлы пискенде, ерик,
Даналардың ақылы болар теберик.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Аўырыў астан деген елде нақыл бар,
Аўырсаң тез врачларға жақын бар.

Аўырсаң мысалы солыған гүлсең,
Врачқа емлетсең тағы гүллерсең.

Аўырдым деп жатпа қайғырып ҳарып,
Врачларға емлен тезирек барып,

Жуўын, шомыл, ҳәр күн сайын таза жүр,
Денени шынықтыр, узақ өмир сүр.

Егерде қашпасаң аўыр мийнеттен,
Ҳәмме ўақ аўлақсаң жаман нийеттен.

Жасыңнан билмесең қадирин наннын,
Ертен душпанысаң бул шийрин жанның.

Туталмасаң қолың созба жулдызға,
Сулыўлық жарасар ақыллы қызға.

Басқаларды көрип өзиңнен пәс деп,
Ийтиңе талатпа көз қысып бәс деп,

Көтере алмай қалсаң өмир тасларын,
Жәрдемлесип көтерисер досларың.

Ел-журтыңа болғын келсе мийирман,
Жигериңди жумсап жасыңнан ойлан.

Сөйлер сөзлериңниң алды-артын бил,
Ең әўеле дос-душпанның парқын бил.

Алма пис, аўзыма түс десең болмас,
Өмирди жаздырма мысалы алмас.

Билмегенге үйрет, билгеннен үйрен,
Жақсыдан айрылма, жаманнан жийрен.

Бузсаң ел дәстүрин, елдиң қәдесин,
Бузғанға барабар бүлбил қәпесин.

Пердеси сөйлетсе дуўтардың тарын,
Жүрек қозғар сүйген ярдың қумарын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит йошлы болса туралмас жалғыз,
Дәртлерине даўа болар гөззал қыз.

Көзиңниң шырпысын жүрекке тийгиз,
Сонда муҳаббатың өшпейди ҳәргиз.

Халық пенен уш, қос қанатың қайрылмас,
Ҳеш ўақытта опалы дос айрылмас.

Сейиссиз арғымақ шабалмас узақ,
Бийпәрўалық деген мойынға дузақ.

Талабың келиспес ғалмағал болса,
Жолың өнбес кеме орнына сал болса.

«Жолға шықсаң жолдасыңды сайлап шық»,
Үй-ишинди, алды-артыңды ойлап шық!

Мәрт емессең жаўды жексен етпесең,
Ер емессең мақсетиңе жетпесең.

Туўған жерден тапқаныңды аяма,
Туўған елден ҳеш жаныңды аяма.

Жермен сыйыр бермес, баспағын берер,
Палаўын өзи жер, қаспағын берер.

Дуньяда ҳеш зат жоқ уллы анадай,
Жүз жасай бер ана дейсең баладай.

Қалай шығар едиң ана болмаса.
Қалай жасар едиң пана болмаса.

Уўыз сүтти тойып емген баланың,
Бел мәдәри, көрер көзи ананың.

Көргенсиз үйине басып киреди,
Аўзынан ақ көбик шашып киреди.

Мешкейдиң тек қарны болар билгени,
Әжайып көринер жалған күлгени.

Басқа пайдасы жоқ атақтан сақлан,
Дөҳмет бәлесиндей шатақтан сақлан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өз исиңе өзиң болмасаң пысық,
Сенде бир күн-түни уйықлаған пышық.

Жақсы болсаң айдай болар жамалың,
Жаман болсаң сеннен безер жананың.

Алыс-берис еки адамнан болады,
Бермей ала берсең кеўил қалады.

Пейли тардың күнде үйи шаўқымлы,
Ҳәтте суў ишиўге бермес сарқумды.

## АҚЛЫҒЫМНЫҢ АТЫ — АСҚАР

Бахты бәлент болсын деп,
Атын қойған Асқарым!
Камалына келсин деп,
Қуўанаман досларым!

Балам-балам палдайды,
Қатарынан қалмайды.

Қара көзи ойнақшып,
Апыл-тапыл жүреди,
Ата-анасын көргенде,
Шәўкилдейди жүреги.

Балам-балам палдайды,
Сәўле шашқан айдайды.

Өмиримниң өзеги,
Баўырымда перзентим,
Бахытлы бостан өз ели,
Азамат етиў нийетим!

Балам-балам палдайды,
Азамат елин қорғайды.

## ҚАРЛЫҒАШ

Қолдан соққан қутыма,
Уялайды қарлығаш,
Барқ урғанда бәҳәрим,
Балалайды қарлығаш.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Саз бергенде сәҳәрим,
Ушып кетер қарлығаш.
Палапанын жубатып,
Қушып кетер қарлығаш.

Қыябаннан жем излеп,
Жутып келер қарлығаш,
Шыбын менен ширкейди,
Тутып келер қарлығаш.

Тәрбиялап тойдырар,
Палапанын қарлығаш.
Адамдай жақсы көреди,
Балажанын қарлығаш.

Аспан ашық, жер жайлы,
Өрби де өс, қарлығаш,
Өмириң болсын қолайлы,
Адамға дос қарлығаш.

*1958-жыл.*

## ШӨЖЕЛЕР

Қурық басып таўығым,
Өнбес шөже шығарды,
Гүлайым менен Палзада,
Дән шашады, қарайды.

Бир таўықтан онбеси,
Дөреди, өсти, көбейди,
Шүйкилдести шөжелер,
Көзиңди алғың келмейди

Сары мамық жамылып,
Жүргендей шөже көринер.
Машқы етип улы-қызым,
Шөжени бағып көриңлер!

Шүйкилдеген шөжениң,
Тинткени қаўық болады,
Шөже өсип жетилип,
Үлкен таўық болады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОЯН

Қайшы қулақ қояным,
Тикирейип турасаң,
Нелер жейсең, не керек,
Мен беремен сорасаң.

Еки ерниң жыбырлап,
Муртың турар дирилдеп,
Ийтти көрсең қашасаң,
Тоңған яңлы зирилдеп.

Жаўың қасқыр, ийт болса,
Барлығын да қуўаман.
Кетекке кир, жайлы жай,
Усыманда туўасаң.

Қорықпа, өс, өркенле,
Қайшы қулақ қояным.
Тыныш жатып жасай бер,
Алдыңа жем қояйын.

## БОТАЛАҚ

Бота-бота боталақ,
Жантақты же путарлап,
Жетилисип кеткен соң,
Атың болар ақ тайлақ.

Ақ тайлаққа алшыйып,
Өркешиңе минемен·
Жел маядай жуўырып,
Кең даланы көремен.

Бота-бота боталақ,
Дүзде қалма соналап,
Жуўсан жеде жемге той,
Шөллесең бар көк булақ.

## УРЫСҚАҚ ҚОРАЗ

Еки қораз урысты,
Кекиллери қызыл қан.
Бирин-бири жулысты,
Аялмады шийрин жан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жан таласып жәниўар,
Бирин-бири тебеди,
Тепкиринде қарыў бар,
Тийсе қанын төгеди.

Жеңбей ҳешбир қоймайды,
Намыс деген заты бар.
Урысыўға тоймайды,
Қораз деген аты бар.

*1974-жыл.*

## УЙЫҚЛАМАЙ ТҮНЛЕР

Өткен ўақта көзден аққан жасларым,
Бүгин болды бахыт бағында гүллер.
Дәрман берип дүньядағы досларым,
Бағларымда сайрар шайда бүлбиллер.

Кеше шопан болсам бүгин шайырман,
Елим ушын тилден шашылар дүрлер.
Жүрек сөзим талай нама қайырған,
Көзимнен нур төктим уйықламай түнлер.

## ҚУЛАШЫМ

Күн шапағы көк бултқа шашырап,
Көзди тартар көркем, қып-қызыл оттай,
Ақ отаўға орнатқандай шаңарақ,
Дөңгеленип кетти домалақ топтай.

Сары сағым атлас яңлы созылып,
Жапқандай көринер жердиң жийегин,
Күн батады, таң атады сызылып,
Куўат берип қозғап өмир жүрегин.

Шолпан жулдыз таң нурына шомылып,
Көз қысты да кетти бахыт бағына.
Инсан ушын мийнет сазы шалынып,
Күн батады, таң атады тағыда.

Күн батады, таң атады тағы да,
Жайнай берер жақты нурлы қуяшым.
Барлық нәрсе жарасар өз ўағында,
Жер жүзине жетер созсам қуламыш!



www.ziyouz.com kutubxonasi

# ЖҮРЕК ЖЫРЛАРЫ

## ЖЕТПИС ЖАСТЫҢ ЖЕЛИСИ

Жетпис сапар жазды көрген жигитпен,
Он еки мүшемниң кемис жери жоқ,
Мен өсип, өниппен жалғыз жигиттен,
Бахытлы өмиримниң жеңислери көп.

Ҳешким инанбаўы мүмкин бул сөзге,
— Жигит бола ма екен жетпис жасында,
Жапырағым сарғайып кириппен гүзге,
Асқар таўдай ақ қар жатыр басымда.

Қамшынын тынындай бетте әжимим,
Қасыма да қыраў түсе баслады.
Ҳәўесликти гөзлер кеўил ҳүжимим,
Мисе тутпай өттим қалың қысларды.

Бетлеримде әжим, басымда ақ шаш,
Бирақ кемиген жоқ қарыў-ғайратым,
Нураний көзлерим, жүзимде қуяш,
Инсаннан туўылдым ҳасылдур затым.

Жаслар менен жүрек қосып масайрап,
Қыз-жаўанлар менен айтаман қосық,
Бағларға шайдаман бүлбилдей сайрап,
Шарқ урып шағлайман шадланып йошып.

Жетпис деген отызы кем бир әсир,
Демек ярым әсир болыппан солдат,
Елиў жыл өмирге еткен соң тәсийр,
Туўысқан халқыма болдым қол-қанат.

Не бир қыслар келди жүректи жарып,
Тислеп аламан деп қулақ-мурынды.
Ҳалласлап, ҳаплығып қалмадым ҳарып,
Аман шықтым қысқа бермей орынды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Не бир гүзлер болды жаўын-шашынлы,
Туншықтырмақ болып топан суўына.
Ҳөллегени болмаса қурғақ шашымды,
Өширте алмады думан пуўына.

Не бир бәҳәр келди жадырап-жайнап,
Жер қушағын қуяш пенен толтырды.
Дийқан бабам зүрәәтке жол баслап,
Ҳәр күни мийнетке таң менен турды.

Сол мийнетти сүйгенлердиң бирмен,
Мийнеткешпен, пидәкермен таймаған.
Уллы бағдың өскен жалғыз гүлинен,
Мине бүгин адам болдым нәмнаған.

Адам болдым — адам ушын туўған соң,
Адамларда мениң жыллы жүрегим,
Адам болып белди беккем буўған соң,
Ығбалымнан орынланды тилегим.

Ҳасыл жанман мен инсаннан дөрелген,
Ҳадал болып өсип-өнген жигитпен,
Әй, Жолмурза беккемлести кереген,
Мақтана бер, денсаўлықта жигитсең!

*1979-жыл, 1-июль.*

## ӨМИР ӨТКЕЛЛЕРИНЕН

Жыллар...!
Жыллар өтти жулдыздай ағып,
Мәнзилден-мәнзилге көширип өмир ,
Жыллар...!
Жиллар келди жақты нур жағып,
Кәрўанларға жүклер артып мың да бир.

Күнлер күлимсиреп,
Айлар ашылып,
Бултлар баўырын бөлгендей болды.
Қақаман суўықлы қыслар басылып,
Бәҳәр кирип қуяш күлгендей болды.

Жетпис бәҳәринде,
Жетпис жаздың да,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайғы-қуўанышын өткердим бастан.
Жыллар жылнамасын тынбай жаздым да,
Дәўир дүбиринен дөреттим дәстан.

Узақ жоллар жүрдим жақсылар менен,
Бахыт бағларына киргендей болып.
Ушырасып нешше бақсылар менен,
Шады-қуррам болдым дүньяны шолып.

Ушырастым гейде наданлар менен,
Тосқынлықтан тынды талай толқынлар,
Жолларым бөгелди гүманлар менен,
Дедим досларыма қолдан тартыңлар!

Бузылажақ болды қурған қосларым,
Наданлар гүўилдеп ҳарам шыбындай,
Сол ўақта қол ушын берген досларым
Болды еки көзим қарашығындай.

Не көрмейди дейсиз адамның басы,
Нелерге жолықпас жол жүрген кәрўан,
Хақ тилекдур екен өмир жолдасы,
Досларым жыйналды бир нешше әлўан.

Жас едим жүректи жарғандай болды,
Көрип басмашының қан ишкенлерин,
Көрдим — жаслық жүрегиме кек толды,
Ерлер етик пенен суў кешкенлерин.

Маңлайымнан сыйпап уллы партиям,
Интернаттың бесигине бөлендим,
Ана — Ўатан болды ғамқорым-панам,
Шайыр болдым адамларға теңелдим.

Шайырлықта маған аңсат түспеди ,
Жүги аўыр болды, зилдей жүк екен,
Дослар дәрман берди, душпан тиследи,
Таўы бийик, жыралары тик екен.

Елиў жылдан артық жүрдим өрмелеп,
Сондадағы шыға алмадым шыңына.
Бирақ бос қалмадым қолды сермедим,
Шайырлықтың жеттим ҳақлық шыңына.



www.ziyouz.com kutubxonasi

— Баба шайыр!
— Ата шайыр!
деп сыйлар,
Ул-қызларым, ақлық пенен шаўлығым,
Еле елге берер молдан сыйым бар,
Тилеймен халқымның аман-саўлығын.

Кеўлиң сақый, қолың жазық — сен мырза,
Сени қартайтпайды уллы дәўириң!
Жас жигиттей шаққансаң ғой Жолмурза,
Жер гүңирентер дослар менен дүбириң!

*1979-жыл. 4-август, Шымбай.*

## ӨМИР ӨРНЕГИ

Ақыл ийне,
Ойым сабақ болды да,
Нағысладьі өмиримниң ермегин,
Ақ қағазға бар әрманым толды да,
Кесте етти ақыл-ҳуўыштың өрнегин.

Қанат-қуйрық берип мени ушырған,
Ҳақ тилекли ҳадал ықлас елдеги.
Болсадағы талай даўыл ысқырған,
Иркип қалды уллы үмиттиң ернеги.

Шереги кем бир әсирди жасадым,
Халық қолласты қыйын болса жүрмегим.
Елиў жылдан артық паллар асадым,
Тағы молдан болғай елге бермегим.

Журдай болып жетим қалып жасымнан,
Кешеги қул едим байдың ермеги.
Ленин сыйпап маңлайымнан, басымнан,
Бүгин шайырыман елдиң төрдеги.

Партияның ағзасыман — шайырман,
Компартиям жер жүзиниң тиреги.
Бил Жолмурза солдаттан жоқ айырмаң,
Усы маған уллы бахыт, кереги!

*Шымбай 1979-жыл, 12 август.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАС ДИРЕКТОРҒА

Бәҳәрде бултлы болып атар таң,
Сәнин кетирсе де сулыў даланңның.
Быйыл пахтаң жақсы екен Полатжан,
Саған тәсири тийген диййқан бабаңның.

Жасыл жапырақлар жамылған атыз,
Маңлайдан төгилген терлер дүрдана.
Трактор айдаған жигит пенен қыз,
Арысландай ерлериң бар мәрдана.

«Октябрьдиң қырық жыллығы» совхозында
мәртлер бар,
Быйыл даңқ келтирер ҳадал мийнеттен.
Жас директор орынланып әрманлар,
Арта бергей деймиз ығбал-дәўлетиң!

*1979-жыл. 8-август, Шымбай.*

## НЕГЕ УЙҚЫМ КЕЛМЕЙДИ

Жас емеспен, жақынладым жетписке,
Ойланаман түнде уйқым келмейди,
—Түс! — дейди жүрегим жорға, желиске,
Кеўлимде ой маған уйқы бермейди.

Қыялымды байлап қанлы қара түн,
Есленер саўашта шабылған шалғай.
Қайғы дәртлер менен ыңыранысқан үн,
Шаңқай түсте шожып, шуўлаған Шымбай...

Тода-тода көшти бирден қара булт,
Өз орнына түсти адамлар аңы.
Уллы Октябрьден нурлар етип жылт,
Сәўлеленип атты Шымбайдын таңы!

Усы таң ойымда, усы таң мениң, —
Мазалы уйқымды басып алып тур.
Суўымастан бурын барлық деденим,
Усы таңды тек жазыўым қалып тур.

Жас емессең жақынладың жетписке,
Ҳарам уйқыларға болмағыл ҳәўес.
Қартайғанда жет Жолмурза жеңиске,
Уйқы менен қатты гүрес дәсме-дәс.

*Шымбай, 2-август, 1979-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ӨМИР БОСҚА ӨТПЕЙДИ

Мен жатырман совхоздың гүл бағында,
Алмурт, анар, алма, жүзим айланам,
Бүлбил сайрар ҳәркүн таңнын шағында,
Бүлбиллерге жас жигиттей шайдаман.

Жас бүлбиллер мени таңнан оятар,
Сулыў сеси жүрегиме жағымлы.
Мен бүлбилге илҳам қоссам таң атар,
Қуяш шығар таң атқанда сағымлы.

Бағдан шығып аралайман пахтаны,
Йош Жолмурза сени бүлбил мақтады,
Бүлбил сеси қулағымнан кетпейди,
Қосықлар жаз өмириң босқа өтпейди.

## ҚОС ТЕРЕК

Мен турыппан Кегейлиниң бойында,
Кеўил пәрўаз етип шоласып қыял,
Елеследи бир қара көз ойыма,
Айдай жүзли арыў еди Айжамал.

Жаслық дәўир қандай жақсы таптырмас,
Хош кеўилли еди сонда қос терек,
Түн ишинде жулдыз болып еки жас,
Қуўаныштан урған еди қос жүрек.

Көз жибердим уша басы теректиң,
Мениң шашым яңлы кеткен ағарып,
Сонда соққан дүрсилдиси жүректиң,
Қулағымда жаңғырады жасарып...!

Қуўарса да бирли-ярым шақасы,
Тамырынан нартлар шығып киятыр,
Ҳеш кемимес ғаррылықтың баҳасы,
Биреў қалса, биреў жетип баратыр!

*Шымбай, 1979-жыл, 6-август.*

## ШЫПА БЕРЕР ЖАНЫҢА

Мында бир кесел бар, саўлығың биреў,
Саўлығыңды таза сақла адамзат,
Сениң сол саўлығың өмирге гиреў,
Саўлығыңа өзиңе, халқыңа қуўат!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сениң ден саўлығың, терең байлығың,
Сен саў болсаң бул дүньяның гүлисең,
Саўлық барда, қулы емессең қайғының,
Бахытлы өмирдиң жақты күнисең.

Деген нақыл аўырыўдың алдын ал,
Әжел ништер салмас бурын жаныңа,
— Турмыс дузын татар болсаң, қулақ сал,
Тек врачлар шыпа берер жаныңа!

*1979-жыл.*

## БАР МЕНИҢ

Мен инсаннан туўылғанман,
Әдеп ықрарым бар мениң.
Таза суўға жуўынғанман,
Кеўил қарарым бар мениң.

Туўылғанман адам ушын,
Адам туўған анам ушын,
Ана — Ўатан панам ушын,
Меҳри мәдарым бар мениң.

Шыққан жерим қарақалпақ,
Кеўилим пәк, жүрегим ҳақ,
Пүткил инсан маған ортақ,
Дослық қумарым бар мениң.

Мени адам еткен еллер,
Өсип-ойнап өскен жерлер,
Баба шайыр деп қастерлер,
Досты-ярларым бар мениң.

Гүл ашылған айдай жүзли,
Қыйқаш қаслы, қара көзли,
Зейни илгир ҳәм бир сөзли,
Интизарларым бар мениң.

Мақсет-муратына жеткен,
Өмир гүресинен өткен,
Халықларына хызмет еткен,
Ул ҳәм қызларым бар мениң.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өмир, өсер, өрлер, қайнар,
Саў болсын пүткил инсанлар,
Мәңги шырақ болып жанар,
Нур жулдызларым бар мениң,
Ленин мәдарым бар мениң!

## ЕЛИҢ МЕНЕН БОЛҒЫЛ ТЕҢ

Дүнья кең деп жыйнай берме дүньяны,
Артық дүнья мәлел берер басыңа.
Аш көзлердиң журтта қалған жыйғаны,
Дүньяқор деп адам келмес қасыңа.

Дүньяны дүньяға жумсап өте бер,
Сақый қолларыңнан айлансын дослар.
Жақын емес узақ жолға жетегөр,
Жаз деп жата берме артында қыс бар.

Ҳәрнәрсениң ғамы болсын жайында,
Асып-таспа, мардамсыма, мақтанба,
Ҳақы тийер мийнет қылған пайыңа,
Гөрқаў болып түсип қалма қақпанға.

Адам болсаң адамлардан аяма,
Алыс-берис деген уллы мәртебең,
Мың кәрўан жайғассын сениң саяңа,
Сен ер болсаң елиң менен болғыл тең.

Елден артық нең бар сениң дүньяда,
Сүйениш-қорғаның сениң ел болар.
Ақыл-хуўшың, өмириңди аяма,
Ана журтың туўып өскен жер болар.

Жалғыз өзиң дүнья қуўып нетесең,
Ел менен тең болып жүрсең бул бахыт.
Дүнья ушын басты қурбан етсең сен,
Жалғыз басың қор болады ҳәр ўақыт.

## БОЛАР

Биреў айды қушар, биреў қушар күн,
Биреў жақты сүйсе, биреў сүйер түн,
Биреў ыңылдамас, биреў сүймес үн,
Ҳәрким тили менен қус алар болар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Барлық нәрсе ақыл-ҳуўышқа көнеди,
Ҳәр нәрсе ўағында өсип-өнеди,
Жерлер мәҳәлинде қулпы дөнеди,
Бәҳәр, жаз, гүз орнын қыс алар болар.

Бул кеўил гирширтей өмирдиң айы,
Онын ҳасыллығы жүректе жайы,
Бир атым насыбайдай базда жағдайы,
Жайылған бул кеўил қысылар болар.

Адам болсаң қалып қоймай тасада,
Мың жылға ат қалдыр, жүз жыл жаса да,
Таў менен таў ҳасла қосылмаса да,
Адам менен адам қосылар болар.

Алдына баслайды батыр палўанын,
Мәнзилине жетсе тартқан кәрўанын,
Орынланса бул дүньяда әрманын,
Адамнын тилеги усылар болар!

*1979-жыл.*

## БИЗИҢ ҒАРРЫ

*(Ҳәзил)*

Бизиң ғарры быйыл жетпис жасында,
Жалт-жулт етер аппақ шашы басында,
Кеўли ашық, өзи зийрек — шадыман,
Кемпирлерге қағып қояр қасын да.

Бизиң ғарры қошадәсли хош ҳаўаз,
Өзи уста, өзи шебер, өнерпаз,
Қосық айтса сүйемен деп зарлайды,
Лязги ойнап музыкаға болып саз.

Бизиң ғарры тынбай мийнет етеди,
Мийнет етип әрманына жетеди,
Бизиң ғарры киши пейил баладай,
Жаслар менен топ та ойнап кетеди.

Бәрҳа шадлы, ҳеш жүрмейди түңилип
Нашар көрсе турып қалар үңилип,
Егерде ол күлегойса наз бенен,
Ерип кетер еки жеңин түринип.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ири туўрар сөзиниң жоқ майдасы,
Ойлағаны дос-яранның пайдасы,
Ерлик етип ел гезеди тынбастан,
Бизиң ғарры бир кемпирдиң шайдасы!

*1979-жыл, февраль.*

## ДӘЎРАН

Мәнзиллер, мәнзиллер, баба мәнзиллер,
Миллион жыллап тынбай көширген кәрўан,
Ҳәрбир елли жылда жаңартып излер,
Жаңа жыл намасын дөретер дәўран.
Сол дәўран сеники ҳақыйқый сөзлер,
Көздиң қарашығы етип қорғағыл палўан.
Дәўир ийесимиз Сиз бенен бизлер,
Дөретип жасаўға урайық жәўлан!

*Шымбай, 1979-жыл, 2-август.*

## ЖАСЛАРҒА

Заманыма ырзаман мен, өнер өнди өмирден,
Мен жасларды оқып болып, ҳәр қыялға дөнемен,
Алшы турар ҳәрбир сөзи сақа болып үлеген,
Қартайғанда қуўат берип, ой туўдырған
жасларым.

Шийрин жанға теңгеремен жасларымның
жазғанын,
Көрип турман сөз маржанын, таўдан-тастан
қазғанын,
Ийелеген жүрек пенен алтын гилтин қазнаның,
Қуўаныштан хабар берип бел буўдырған
жасларым!

Мен жасларды оқығанда нур көринер көзиме,
Жан жүрегим ырза болар ҳәрбир ҳасыл
сөзине,
Жаслығымды қайтарғандай болар мениң өзиме,
Өмиримниң олқы жерин толықтырған
жасларым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мен жасларды оқып болып отыраман ойланып,
Қыял кетер пәрўаз етип жер жаҳанды айланып,
Жастай болып шапсам деймен жарқ-журқ етип
сайланып,
Жетпес ойды қыялыма ушластырған жасларым!

Мен жасларды оқығанда қосық айтып
йошаман,
Ҳәрбир сөзин жаўдыр ала көзлер киби қушаман,
Мақтанышым мергенимсиз аңды атқан
ушардан,
Келешеги бахыт тойын басландырған
жасларым!

Мен жасларды оқығанда көз алдымда
Ўатаным,
Елеслейди ақ алтынлар, жайлаў менен отарым,
Жаслар менен жарасып тур ақ үзикли отаўым,
Жарасықты, қарасықты ушласдырған
жасларым!

Мен жасларды оқығанда дәўириме ырзаман,
Талант берген жүреклердиң ҳәўирине ырзаман,
Жипек желли жазларымның сәўирине ыразаман,
Жыллы сөзди жан жүрекке дусластырған
жасларым!

Мен жаслардың ҳәрбир алтын сөзлерине
шайдаман
Терең мәни, көркем өмир, қызғын гүрес
қайнаған,
Жаным сүйген жаслар менен жаңа мәнзил
жайдаман,
Жолмурзаны қартайтпастан жасарттырған
жасларым!

*Шымбай, 1979-жыл, 10-август.*

## КЕЛИП ТУРМАН ЖАНЫҢА

Тер төктиң, нур шашылды,
Тыңнан жерлер ашылды,
Молдан ҳасыл алынды,
Шадланаман жаныңда!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Өзиң еккен салылар,
Атызларда ырғалар,
Ырғаларда сыр қалар,
Мен болмасам жанында.

Бағда бүлбил сайрайды,
Жигит гөззал сайлайды,
Сен деп кеўлим жайнайды,
Күндей болып жанында.

Жайнап-жаснап келип жаз,
Салы писти болып саз,
Жаңласын деп хош ҳаўаз,
Айтып турман жанында.

Жүрек сырын жаңлатып,
Кәрўан тарттым таңлатып,
Комбаинды жаңлатып
Минип турман жанында.

Жалынлы жас қыраным,
Үйдиң салы қырманын,
Орынланды әрманым,
Күш қосаман жанында!

*1979-жыл, февраль.*

## САҒЫНАМАН ТУРАМАН

Дийдарыңды көрмесем,
Сағынаман тураман,
Ойнап-күлип жүрмесем,
Сағынаман тураман.

Еккен салың қулпырған,
Жүзиме қал қондырған,
Мийиримди қандырған,
Ағыламан тураман.

Тәкирарлайман сөзимди,
Ҳүрметлеймен өзиңди,
Көрмесем ай жүзиңди,
Сағынаман тураман.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сүйдим десем жар салып,
Қосық айтып қуўанып,
Дуўтарымды қолға алып,
Шулғыйман да тураман.

Жипек қостым шашбаўға,
Кырманыңды шашлаўға,
Кеўилимди хошлаўға,
Сағынаман тураман.

Салы атыздың самалы,
Сүйген ярдың жамалы,
Зейнимди ашып барады,
Сағынаман тураман!

*1979-жыл, февраль.*

## БАҒЛАРЫНДА БҮЛБИЛ БОЛЫП САЙРАЙЫН!

Мен ярымнан қалып қойдым айрылып,
Не илаж бар ишим нажып баратыр,
Ҳеш болмаса қарамады қайырылып,
Мени еглеме достым, үйге баратур.

Кеўлим алып ушты көзим жолында,
Ҳыжран дәртлерине қалай шыдайын.
Муҳаббат байрағын алып қолыма,
Ярды излейин, бийик шыңға шығайын.

Шақырып тур асқар таўдың кәнары,
Шақырып тур бағлар, қулпырған гүллер,
Елеслеп тур яр көзиниң жанары,
Шақырып тур шайда болған бүлбиллер.

Мен излейин ярды ертели-кеши,
Аспан әлемине көзди салайын.
Гүллерин суўғарсын жүрек шәшмеси,
Бағларында бүлбил болып сайрайын.

*1979-жыл, февраль.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ГҮЛИСТАНҒА СӘЛЕМНАМА

Күтпеген жеримнен келгенде кирип,
Келген яңлы болды нурлы ай күлип,
Лал болғандай қалдым дийдарың көрип,
Гүлалагүл дөнип келдиң Гүлистан!

Қадирин билгендей шын алтын заттың,
Қарадың көзиңнен ушқынлар аттың,
Мың муқамға дөнген сезим ояттың,
Сырлы сәлемиңди бердиң Гүлистан.

Көпти көрдим бирақ көрмедим сендей
Бәри өтип кетти дәрьяда сеңдей,
Қайта-қайта қарай бердим исенбей,
Сенде көз астынан күлдиң Гүлистан.

Кәмалға келипсең жетип жасыңа,
— О, Гүлистан дәртлер салдың басыма,
Сен тәрези болсаң өмир тасына,
Еркти өзиңе бердим Гүлистан.

Талайларды ышқы-дәрти аздырған,
Талайларға таўдан тасты қаздырған,
Муҳаббат мыңларға қосық жаздырған,
Сөзимниң мағнасын илдиң Гүлистан.

Булай хат жазыўға ҳақым жоқ мениң,
Әлле қандай болды... кеўлим тоқ мениң,
Ушқының өртеди, жаным шоқ мениң,
Сенде бир нәрсени билдиң Гүлистан.

Сүйиўге бәри бир ерте-кешиниң,
Базда пайда, базда салар кесирин,
Жан жүректен өтинемен кеширин,
Аҳыў-зар қулағын түрдим Гүлистан.

Ойлан өзиң оңлы-солға қара да,
Жүдә бийик бир таў жатар арада,
Мәртлик ет те, қыйынлыққа қарама,
Мени көзиң менен көрдиң Гүлистан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Уйқысыз күн-түни гезерим сенде,
Сүйиклим саналы сезерим сенде,
Ашықлық ықрарым — нәзерим сенде,
Сен гүлисең туўған жердиң Гүлистан.

Көўил деген таўсылмастай ақ булақ,
Сағынғанда суўға қанар ақ ылақ,
Жуўабың еситпей қанбас бул қулақ,
Ҳәр сөзиңниң гүлин тердим Гүлистан.

*1979-жыл, 21-февраль.*

## ҚУЎАНЫШ

(*Фронтта командир, мийнетте палўан жан жорам Нуратдин Шәмшетовқа*)

Сексен жасар сары сынлы сулыўшық,
Бир ғаррыны көрдим Шымбай ишинде,
Августтың аяғы, түскен еди шық,
Ғарры гүрриң етти бир күн кешинде.

— Бурынлары қулы болсақ ҳәкимниң,
Ҳәзир хожайыны болдық ҳәркүнниң.
Қой үстинен қара торғай жумалап,
Минген таўы бийик болды хәркимниң.

Сексен бәхәримди өткерип бастан,
Мәртлик қадем қойдым белим талмастан,
Жетпис жыл айқасып бахытым ушын,
Жықтым жаўларымды урып жамбастан.

Бурыннан қалған сөз, балалы үй базар,
Сегиз ул, қыз бенен ақлық-шаўлық бар,
Нақыл бар сүйгениң қартаймас деген,
Кемпирим кәйўаны маған мәдаткар.

Ул-қыз келин жумысыма жарап тур,
Мениң аўҳалыма жақсы қарап тур,
Муғаллим, агроном, доктор, художник,
Инженер, музыкант, летчик, директор.

Усының барлығы мениң үйимде,
Қуўанаман бул бахытлы күниме,
Кеш болғанда үйде хәркүни «концерт»...
Шадланаман перзентлердиң үнине!

## ТАҢ БҮЛБИЛИ

Таңда, таңда — бүлбил таңдаи сайрайды,
Тыңға егип қулпы дөнген бағымда.
Таңда бүлбил өмир жолын сайлайды,
Шадлық қосып шайдалықтың шағына.

Жасыл шақа жипек желден шайқалып,
Хош хаўазға қанып турғым келеди.
Бүлбил сесин таңда еситип шадланып,
Менде барып қонып турғым келеди...!

## ЖАН ЖОРАМНЫҢ ЕЛТИСИ

Шаңқаи түсте шөлди гезген шопандай,
Шөллеп киятырман мең-зең бул басым.
Шықты алдымнан жарқыраған шолпандай,
Қара көзли, қыйқаш қаслы қурдасым.

Қуўанысып апақ-шапақ көристик,
Мирәт етип алып барды жайына,
Жыллы сөзге тула бойым жибисип,
Қанып қалдым қурдасымның чайына.

Аўқат ас мол, ыссы шөрек тандырдан,
Мирәт етип мийман сыйлаў ел иси,
Көк чаи берип мийиримди қандырған,
Нуратдин жан жорамның елтиси!

*Шымбай, 1979-жыл.*

## БАЗЫ БИР БАЖБАНЛАРҒА

Отыншы кирип тоғайға,
Керегин толық алғанда,
Машинаға отынды,
Жаңа жүклеп болғанда,
— Бажбанбысаң?
— Бажбанман!
— Қарағым билет бериңиз?
— Жоқ штраф саламан!
Тез кейниме ериңиз!
Урысыз, акт дүземен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деди бажбан урып жар.
— Шырағым менде ақша жоқ,
Жалғыз ғана шийшем бар.
Деп отыншы шийшени,
Жарқыратып көрсетти,
Күле шырай берди де,
Бажбан түрин өзгертти,
Кетеберин деп бажбан,
Отыншыға ийек аттыда,
Мэмлекеттин отынын
Бир шийшеге сатты да,
Қулқынына урды да,
Арақты ишип жатты да.

## ЖАЛҒЫЗ ТЕРЕК БАҒ ЕМЕС

Жаўлар зорлап көшти халық,
Қалды терек жап-жалғыз,
Сол теректин астында,
Хошласып жылап кетти қыз.

Айлар, жыллар өткенде,
Орнады еркин кен заман,
Қайтадан келип халық қонып,
Мэкан басты жанадан.

Бахытқа жеткен батыр халық,
Күш алып мийнет танынан,
Мийўалы бағ орнатты,
Жалғыз терек жанынан.

Кен далада көринген,
Ол терек емес жап-жалғыз,
Шөлге халық бағ орнатты,
Шадланып ойнап жүрди қыз.

## ТҮРКМЕН ҚЫЗЫ НАРЖАН

### I

Таслағанда ылақтырып,
Пэренжесин қаранғы түн.
Копет таўға қулаш керип,
Нурын шашты алтындай күн.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ашхабадтың устин ашып,
Таралғанда қалың думан.
Билинди тау̌ жыралары,
Қазылған жап яңлы тыңнан.

Гудоқлардан жаңлаған сес,
Таралғанда тау̌ ҳәм көкке,
Қала халқы кирди бирден,
Қызғынлы ис-ҳәрекетке.

Иске рәу̌ан болды Наржан,
Гүлистандай бағ ишинен,
Ашхабадтың қаласының,
Мраморлы көшесинен.

Өндириске барып жетип,
Қызлар күлип берди сәлем.
Күлискенде шадлы қызлар,
Күлген яңлы болды әлем.

II

Ғажжа-ғаж ис қыздырғанда,
Қыз Наржан да тасты қуу̌ат.
Почтальон да жетип келип,
Наржан қызға усынды хат.

Хатты алып ашқанынша,
Күлимсиреп турды көзи,
Хатты оқыды,
Қайғы басты,
Өзгерилди сулыу̌ жүзи.

Өзгерилди шәу̌килдеген,
Урып турған таза жүрек,
Мийге қайғы тәсир етти,
Тайғанындай жайдан тирек.

Хаттың ҳәрбир ҳәрибинен,
Көринди қан аққан яңлы,
Хаттың ҳәрбир сөзлеринен,
Лау̌лаған от шыққан яңлы.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Хаттың ҳәрбир точкалары,
Көз жасының тамшысындай,
Қағаздың ҳәр сызықлары,
Көринди өлим қамшысындай.

Туўысқаннан айрылғанда,
Қандай болмақ қайғылы ҳал.
Мийи мең-зең болып Наржан,
Турып қалды болды да лал.

Бети-аўзы аппақ болып,
Турып қалды кирпик қақпай,
Жүрегинде ызалы кек,
Лаўлап кетти шырпы шақпай.

Қасындағы қурдаслары,
Наржан қызға болып аң-таң.
Ҳешбиреўи айыра алмады,
Екенлигин қандай ылаң.

Қоршап келген қурдасларға,
Сөз айта алмай қысылды да
Еси аўып қулап кетти,
Қолдан хатты усынды да.

Жыйналысқан жигит-қызлар,
Хатты оқыды бәри бирге,
Сонда оннан суўық хабар,
Тарап кетти ҳәмме жерге.

III

Гилем тоқыў артелиниң,
Клубына жыйналды халық.
Жүзлеринде ашыўлы кек,
Терең аўыр ойланды халық.

Халыққа жүзин қаратқанда,
Наржан қызда тасты жигер.
— Әдиўли халық! Туўған елим! -
Деди маған рухсат бер!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ағам Анна өлди жаўдан,
Аямастан халық ушын жан.
Халық жаўы қанқорлардан,
Қан орнына аламан қан!

Дегенинде халық бирден,
Жаў-жарақты етти таяр,
Ҳәм мингизди астына ат,
Колхоз баққан жүйрик тулпар.

— Хош бол халқым, хош бол ана!
Жаўды жеңбей қайтпайман мен.
Қайғыланба ғарип ана,
Өш аламан, исенгил сен!

## IV

Н. аўлын азат етип,
Жаңа ғана алғанда дем,
Штурмовик бомбалады,
Таяр болдық биз де бирден.

Көзди ашып жумғанымша,
Көтерилди аўылдан өрт.
Бурқасынлап түтинлери,
Лаўлап кетти даўылдан өрт.

Зенитчиклер шаққанласып,
Жылдырымдай жайнатты оқ.
Жаңбыр яңлы жаўған оққа,
Қарсы келер бир киси жоқ.

Тумлы-тустан топылған жаў,
Отқа өртенип өлип атыр,
Көк аспаннан қулаўшылар,
Өз отына жанып атыр.

Бизге сондай бүлик салды,
Ең изинен бир самолет,
Наржан оны атты гөзлеп,
Қаратқанда бизлерге бет.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Енди мине ашылды жол,
Урысыўға пехотаға.
Зордан турған ер жигитлер,
Қирди «уралап» атакаға.

— Аға қаны халықтың қаны, —
Деп умтылды алға Наржан.
Қектиң күши жарқылдайды,
Силтегенде найзасынан.

— Ўатан ушын! Ана ушын!
Қейин қайтқан қорқақ, нәмәрт.
Ерди өлим қорқытпайды,
Болыў керек бәрқулла мәрт.

Деген уран ҳәмме ердиң,
Орналасқан жүрегине.
Ер жүрекли батыр Наржан,
Сөзсиз жетпек тилегине.

Қызды атака, қызды саўаш,
Қолға найза алды Наржан.
Жаў атылды, жаў шаншылды,
Жаў қырылмақ қызды майдан.

*1942-жыл.*

## ОТ ИШИНДЕ

### I

Саңыраў дала,
Сай салада,
Жылтылдайды от сағымы,
Бирақ зорға илер еди,
Қарағанда көз ағымы.

От алабы көринсе де,
Қаптан тары шашылғандай.
Түтин бурқып аспанды алған,
Көк үзиги ашылғандай.

Бул ешейин жалын емес,
Еткен шығар елди ойран.



www.ziyouz.com kutubxonasi

От ишинде халық қалып
Болған шығар зары-гирян.

Тур орныңнан жаўынгер — деп,
Буйрық берди ер лейтенант.
Бул буйрықтан тула бойым,
Тасып-толып алды қуўат.

II

Дүс төменнен жер қушақлап,
Тез жылжыдым қалмай ҳарып.
Көп қыйынлық жерден өтип,
Ақырында жеттим барып.

Өзин-өзи отқа урып,
Таң қалғандай болған есер,
Ўшып-қонып, шыр-пыр болып,
Тынар емес гүбелеклер.

Отқа жанған халықты көрсең,
Ҳешбир ҳүждан шыдар емес.
Бул қорлыққа өмирдеги
Пүткил қорлық ҳеш тен елмес.

От ишинде жатыр елат,
От ишинде жатыр ана.
От ишинде туўысқанлар,
От ишинде жанған бала.

От ишинде анамыздың,
Ақ бедени күйген лаўлап.
От ишинде атамыздың
Қаны аққан тынбай саўлап.

От ишинде қарындаслар,
Көмир яңлы шөп болып жанға.
От ишинде қыз-жәўанлар,
Айрылысқан турмысынан.

От ишинде үй-үскене,
От ишинде салған жайлар.
От ишинде жанып атыр,
Қолдан жыйған дүнья маллар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

От әтирапын шарладым мен,
Тәнде барлық сезим менен.
Көрдим ҳайўан фашистлердиң,
Қанқорлығын көзими менен.

III

Еситилди бир нәзик сес,
Зорға айтқан адам атын.
Ҳеш тоқтатып болар емес,
Бул даўыстан кеўил дадын.

Аянышлы шыққан сести,
Қуйқаң жуўлар еситкенде.
Рейимиң келер сөзсиз,
Адамгерлик болса сенде.

Зарланып сес шыққан жерге,
Көп ўақытта бардым зорға.
Бунда жатқан кемпир екен,
Суў ишкиздим бийшараға.

— Улым, — деди жатқан кемпир,
Көзлеринен мөлдиреп жас,
— Ҳәмме ўақыт жаўдан перзент.
Ана қанын алмай қоймас.

Оқ ғалбирдей тесип тәнди,
Тула бойым толды қанға.
Жаўға қарсы атланысқан,
Улым, қызым, қозым қайда?

Басын әстен көтерди де,
Күн батысқа қаратты өзин.
Тисин қайрап, мушын түйип,
Аңладым мен ана сөзин.

IV

Әдиўли ана ыңғайланып,
Сүйгенинде мени услап.
Тосыннан қыз жетип келди,
Қушақлады бойын таслап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қызы келип аман-есен,
Дәрья киби тасты ана.
Маңлайынан сүйип-сүйип,
Бауырына басты ана.

— Қул болғанлар қорлық пенен,
Жығылады, оқтан қулап,
Ашшы темир тәнди сойып,
Дар астында жатыр сулап.

Отырғанда офицерлер,
Арақ ишип, шийше ашып,
Соңғы күшти жыйнадым да,
Өлмей аман келдим қашып.

V

Кейингилер келип жетти,
Таныды ана бирден улын.
— Жан перзентим, қарар көзим, —
Деп умтылып созды қолын.

Қушақлады лейтенант ер,
Қарындасын ҳәм анасын.
Ҳурмет пенен сүртти турып,
Көзлеринен аққан жасын.

Улын, қызын сүйип болып,
Мауқын басып қууанды ана.
Күшин жыйнап турды орнынан,
Ырза болып тууғанына.

— Улым, қызым қолыңды бер,
Сениң жауың, — халықтың жауы.
Түсиниңлер, умытпаңлар,
От ишинде Кавказ тауы.

Өшириуге уллы отты,
Бурқып ақсын тасқын суулар.
Деген ыссы леби менен
Ерип ақты таудан қарлар.

Бийиқ Кавказ шыңларына,
Кең қулашын керип ана.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ул-қызына көрсетип жол,
Нәсийҳатын берди ана.

— Ал жарақты, ал қылышты,
Полат қанжар алың қолға,
Жаў зәҳәрин жуқтырмаңлар,
Көп жасаған таў Кавказға.

Ана қолын созған ўақта,
Жарқыраған шықты күн де.
Кавказ ушын, өмир ушын,
Қан майданға кирдик бирге.

Ақ сақаллы Кавказ ата,
Бизди өсирдиң мәрт етип,
Уўландырмақ болған бултты,
Жоқ қыламыз қоймай серпип.

*1942-жыл.*

## ШАМУРАТ — ШАБАНДОЗ

### I

Шамуратты — Шабандозды,
Билер еди Шымбай халқы.
Минез-қулқы халыққа жағып,
Өрнек пенен шыққан даңқы.

Түн болса да сүттей жақты,
Жер бетин ай ярдай сүйген.
Оны ҳүрметлеп, қулпырған көк,
Теңселисип басын ийген.

Жанға жайлы жаз самалы,
Жупар ийис жуўсанларда.
Ҳеш бир мийриң қанар емес,
Хош ийисти тартқанында.

Сондай сулыў түнниң иши,
Сондай жақсы ҳәм рәҳәт.
Гөззал күнге, сулыў түнге,
Мәңги орнаған шын муҳаббат.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## II

Мухаббаттың артқаны сол,
Сулыў түнди сүйгени ушын,
Үш түн бойы Шамурат ер,
Аралап жүр тоғай ишин.

Үш түн тыным таппаса да,
Көзлеринен уйқы қашқан,
Алтын түни-күни ушын,
Көкирек керип қулаш ашқан.

Қолда өткир полат қылыш,
Өзи баққан минген аты,
Алпамыстың тулпарындай,
Шыдамлы еди қаназаты.

Шар тәрепти гөзлейди ат,
Масаладай көзи жайнап.
Басын силкип, оқыранып,
Ышқынады суўлық шаннап.

Оннан сайын Шамураттың,
Көкирегинде қайнайды кек,
Тисин қайрап, қужырланып,
— Егер келсе бир жекпе-жек.

— Унтайман мен, женшемен мен,
Ҳарамының бирин қоймай,
Ҳеш тынбайман бул дүньяда,
Халық жаўының көзин жоймай.

Деген сөзди айтқан ўақта,
Күтип турған ўақыт жетти.
«Ура» лаған қаҳәрли сес,
Таў-тоғайлар жаңлап кетти.

Шаққанлықтан Шамурат ер,
Жаўға ат қойды әўел бастан.
Топарына кирип барды,
Дуў-сыйына қарамастан.

Қолда өткир полат қылыш,
Оңнан шапты, солдан шапты,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Пәрман менен қылыш сермеп,
Жаўдың басын топтай қақты.

Ҳеш ўақытта ер — ер емес,
Қуртпағанша Ўатан жаўын.
Деди дағы шапты алға,
Аттын иркпей ҳеш жылаўын.

### III

Зор майданда елеследи,
Көз алдында Шымбай ели,
Бурқасынлап толқынлады,
Тасқын суўлы Арал көли.

Көз алдында елеследи,
Кегейлиниң еки бойы.
Көз алдында елеследи,
Бахытлы той, колхоз тойы.

Көз алдында елеследи,
Құрды бөлип ат шапқаны,
(Құрды айырып ылақ алар,
Шабандоздың ең шаққаны).

Тойда көпти таң қалдырып,
Тақымына ылақ басқан.
Мине ҳәзир қолай келди,
Үш офицер анаў қашқан.

Қаҳәрленип жаздырды ер,
Жийрен аттың тағы басын.
Қустай ушты ердиң аты,
Алған яңлы томағасын.

Офицердиң көзи аларды,
Айрылғандай гүркесинен.
Жетип барып Шамурат ер,
Услағанда желкесинен.

Ат үстинен жулып алып,
Басты дәрриў тақымына.
Шыныққан қол өтип кетти,
Офицердиң алқымына.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сол аяғын жаздырды да,
Ат жылаўын босқа қойды,
Зәңгини алып сол қолына,
Офицердиң басын ойды.

Сол ўақытта Шамуратты,
Еки қашқын атты бирден.
Билгендей ат тура қалды,
Оқ тийгенин билегинен.

Мен де тезден жетип барып,
Қушақладым басын сүйеп.
— Таң қолымды тезден, — деди,
Жалғыз қолын жерге тиреп.

Қолын таңып болғаннан соң,
Қарамады аўыр ҳалға.
Мени ертип кейинине,
Тағы қылыш алды қолға.

Билип жаўдың баратқанын,
Иркилместен оқлар атып,
Шамурат ер тәсил менен,
Атты шапты тасалатып.

Әллен ўақта қуўып жеттик,
Алды бетин қамап орап.
Офицерлер жығылды аттан,
Бақырғанда биз «ура» лап.

Екеўи де қашпақ болды,
Айрылысып еки жаққа,
Тағы оқты жаўдырды олар,
Шарппа услап алған ўақта.

Жаўдың оғы тағы тийди,
Шамуратқа ҳәм де маған,
Бирақта биз аман қалдық,
Сум өлимниң дузағынан.

Шамураттың көкирегинде
Намыс кеги қетти қайнап.
Ашыў менен қысқанында,
Өлди офицер қарны жайрап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Деген нақыл ядымда бар,
«Ер жолдастан сен өрнек ал»,
Шеңгелликтен атты шаўып,
Офицерди еттим дал-дал.

## IV

Қайтып келсем Шамурат дос,
Жатыр екен, естен танып.
Жолдасларым қоршап алған,
Тула-бойын отыр таңып.

Түри-түсин көрдим-дағы,
Тула-бойым кетти ғуўлап.
Бети-аўзы даладай қан,
Ақса керек тынбай саўлап.

Барып басын сүйегенде,
Ақырынлап ашты көзин.
— Шегинбеңлер, қуртың жаўды,
Деген ерлик айтты сөзин.

## V

Госпитальдан қайтып келди,
Саўашта жүр ер Шамурат,
Көкирегине таққан орден,
Нурлы күнге тур жарқырап.

Туўған жер де улына ырза,
Ҳасла кейин ер шегинбес.
Халық ушын қыйыншылық,
Ер басына ҳеш билинбес.

Шамуратты — Шабандозды,
Билер еди Шымбай халқы,
Халық улы қаҳарманның,
Кең Ўатанға кетти даңқы.

*1943-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ПОЛИТРУК ПОЛАТОВ

### I

Көк жүзине қолын созған,
Асқар таўлар бар Кавказда,
Төбесинде ақ түйедей
Шөгип жатар қарлар жазда.
Буйрықтан соң таяр болдық,
Усы таўды жайлаўға,

Шаңқай түсте,
Шыжғырған күн,
Таўға шықтық,
Ақты тер.

Таў шыңынан қарағанда,
Көз жиберип салып сер,
Түркменниң гилеминдей,
Қулпы дөнип жатыр жер.

Шалғын егис,
Жайнаған гүл,
Рәҳәт берер жанына,
Қызыл қырман,
Алтын ғалле,
Қуўат берер қанына.

Тасқын байлық,
Өмир гилти,
Ғайрат берер ҳалына.

Бул байлықтың,
Кең турмыстың,
Сәнли бағын гезгенде,
Турмыс ушын гуресиўдиң,
Дәрьясында жүзгенде.

Ой бөлинди,
Жырада адам,
Жатқанлығын сезгенде,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаў-жарақты, геўделерди.
Тасалап таў астына,
Жолдасларды ертип алып,
Жуўырып бардым қасына.

Сүйеп алып көкирегимди,
Дастық қылдым басына.
Үңилдим мен,
Талақ яңлы көз әтирапы қарайған,
Тутылған ай яңлы болып.

## БЕТ АЛМАСЫ САРҒАЙҒАН

Еки ерни қан талап тур,
Аққан қандай торғайдан,
Қанша тотлар бассадағы,
Ҳасыл полат айнымас,
Деген яңлы мәрт өзгермес,
Мәрт пишини жоғалмас.
Таныдым мен өзгермеген,
Қыйынлықтан жан жолдас.

Сестра қыз қарады да,
Полатовтың жүзине,
— Шалтлық пенен емлеў керек,
Келиў ушын өзине, —
Деп көтерип алды-дағы,
Бизди ертти изине.

## II

— Сәлем дослар,
— Дос гезлесер,
Саўаш күни майданда.
Қатты аяз,
Қарлы қыста,
Шыдар үргин боранда,
Бирин-бири таслап кетпес,
Қыйынлық күн туўғанда.

— Жолым болды,
Жолықтыңлар,
Бийик таўдың үстинде.
Жатыр едим жарадар боп,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сум әжелдиң дәстинде.
Жеңис жыры өлмейди енди,
Жүрегимде, дәстимде,
Тағы қайта саўашқа мен,
Сизлер менен кетейин,
Уўлы шаян тилин кесип,
Жүреклерин тилейин.
Жеңислерге өрнек болсын,
Гүррин айтып берейин.

## III

Түнниң иши,
Таўдай толқын,
Теңиз бети ақ көбик.
Бирин-бири ылақтырар,
Жамбас урып, өңгерип.
Ылақтырар аямастан,
    Домалатып төңкерип,
Теңиз — қазан,
    Толқын — шөмиш,
Жатыр суўды сапырып,
Қонған қустың,
    Ашыўланып,
Түнде сәнин қашырып,
Арысландай айқасады,
    Таң жаңғыртып бақырып.
Теңиз бети,
    Сапырылысып,
        Дүбелей,
            Даўыл,
                Мысал шаң,
Ушпас, жүрмес,
    Қорыққанлықтан,
        Сес шығармас ҳешбир аң,
Оқлар жаўды,
    Урыс қызды,
        Саз бергенде жаңа таң,
Көк жүзинде,
    Самолетлар,
        Жулдыз киби ағылды,
Сүңгир қайық:
    Пароходлар,
        Оқтан маржан тағынды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жарқ-журқ етип,
Теңиз бети,
Суўда отлар жағылды.
Жаўға қарсы жүрис ашып,
Бизлер минген пароход,
Қан майданға,
Араласып,
Алғанында жаңа ход.
Тийди бомба,
Бирден лаўлап жанды от,
Пароходқа,
Жайылғанда,
Бомбалардан отлы уў.
Дал-дал болған,
Геўделерден,
Бурқасынлап шықты пуў.
Көзди ашып,
Жумғанынша,
Қып-қызыл қан болды суў.
Пароход ғарқ,
Болғаннан соң,
Теңизге бой таcладым,
Шийрин жанға,
Теңлестирип,
Автоматты усладым.
Бирде батып,
Бирде жүзип,
Алға жылжый басладым.
Бирден болған суў апаты,
Жаман екен басты зил,
Көздиң алды,
Гүңгиртленип,
Теңиз бетин басты нил.
Геўде суўға,
Батқанында,
Хошласалмай кетти тил.
— Алалмайсаң! —
Деген сөзи,
Чапаевтың ядымда.
Досқа қуўат,
Берип еди,
Бул сөзи ҳәр адымда.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тынбай жүздим,
Батырлықты,
Анық билип алдым да,
Қутылдым мен,
Басып келген,
Толқынлардан анталап,
Көк теңизден,
Қырға шығып,
Отырдым да паналап.
Жаңа ғана,
Автоматты,
Үлгергенде тазалап,
Парашютлер қардай жаўды,
Түспек болып диверсант,
Сес берди таў —
Келди нәўбет ,
Батыр болсаң ел қуўант[1]
Ҳешбиреўин,
Жерге тири,
Түсирмеўге еттим ант,
Қамыслыққа,
Киргизбестен,
Герман-фашист қабанын,
Қуўдай атып,
Геўделерин,
Жыртып өкпе-талағын.
Бәрин қырдым,
Жер бетине,
Тийгизбестен табанын,
Деген нақыл —
Душпан көрсең,
Өзиңди бос услама.
Бул сөзге сай болғанлықтан,
Қурал қолай урыспаға,
Ырза болдым,
Автоматқа,
Оны соққан устаға.
Диверсантлар
Әтирапы,
Жаўын яңлы оқ болды
Асты-усти,
Жылдырымдай,
Жанып турған шоқ болды



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ел бүлдиргиш,
Парашютист,
Бири қалмай жоқ болды.
Жаўдан олжа,
Жыйнап алып,
Жолға рәўан болдым мен,
Усы таўға,
Мингели мен,
Үш күн өтти арадан,
Жаў-жарақты,
Тасламадым,
Тынбадым мен бир заман.
Ғарқ болғанлар,
Туўысқанлар,
Жаўдан алар өшим бар,
Жаўды жексен ететуғын,
Қуралланған күшим бар,
Жер жүзине,
Даңқын жайған,
Жеңилмейди, күшим бар.
Деп Полатов,
Әңгимесин,
Бизге айтып берди де,
Мине солай,
Жолдаслар деп,
Маған қарап күлди де,
Таў басына,
Қадем басты,
Алға қарай жүрди де.

## IV

Таң да атты,
Күн де ашты,
Ҳасыл алтын аршасын,
Жер жүзине,
Қаратқанда,
Аршадағы айнасын.
Нурлы айна,
Опат қылды,
Қара түннин ордасын,
Күнге қарсы,
Сүйрелеклеп,
Арсыз өлим жетегин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қирпи-тикен,
Яңлы болып,
Бузған тауық кетегин,
Ғаулап басып,
Қиятыр жау,
Жайлап таудың етегин.
Илгир көзли,
Политрук,
Полатов тез көрди де,
Анық болжап,
Ҳақыйқатлап,
Жау нийетин билдиде,
Қаҳәрленип,
Сөз сөйледи,
Команданы берди де.
— Гүресемиз,
Халық ушын,
Аямаймыз шийрин жан,
— Гүресемиз,
Уатан ушын,
Бизге Уатан меҳрибан
— Гүресемиз,
Дана ушын,
Ол жеңиске командан.
— Деп Полатов,
Сөйлегенде,
Жаңлап кетти бийик тау.
— Алдыңызға,
Келгенлердиң,
Бири кетпей аман-сау.
Тау астында
Унталансын,
Бизге келген қанқор жау.
Күн батыстың залымлары,
Келди мине кеселеп,
Келгенинде тауға жаңа,
Бәри бирден өрмелеп,
Оқ жаўдырдық,
Жаулар қалды,
Қара жерге жабысып,
Душпан ушын жер тарылып,
Аспан-көклер қабысып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

«Эсэс»шинин,
Офицердиң,
Тили қалды гүрмелип,
Қуўып жүрип,
Атып,
Шаншып,
Адымда жаў қулаттық.
Қундақ пенен маңлайынан,
Урып, жығып,
Сулаттық.
Арсыз итти,
Ийт өлиги,
Яңлы қылып қыйраттық,
Алға қарай,
Иркилместен,
Полатовтың изинен.
Өрнек алып,
Үлгисинен,
Қаҳарманның сөзинен,
Деп атландық,
Жоқ қыламыз —
Жаўды жердиң жүзинен.

*1943-жыл.*

## ТАМАРА

### I

Тумлы-тустан ләрзем алып,
Тарап кетти түн қамалы.
Көк шөплердиң жан мақлуқтың,
Жүзин сүйди таң самалы.
Күн аспанды желқом қылып,
Қара булт көтерди маш,
Күн жарқырап нурын шашып,
Жер бетине жайды қулаш,
Узақ түнде жаўған оққа,
Көкирегимди етип қалқан.
Батыр болып көкирек керип,
Күнди жаңа көргенде аман.
Арсыз оқтың ашшы сести,
Кең даланың сәнин бузды.
Таў-тоғайды ўайран етип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тағы қанлы урыс қызды.
Жаўды қуртың деген халықтың,
Тапсырмасы жүректе бар.
Батыр жүрек, ер көкирек,
Биз саўашқа болдық таяр.
Ол белгили өлимге дос,
Ким урыста турса қарап,
Батыр шер бол жаў-жарағың,
Ҳәр ўақ турсын нур жарқырап.
Снаряд, мина жарылып,
Жердиң бетин жыртты осып.
Қашқанлардың жанын алды,
Турған яңлы алдын тосып.
Үй-жайларда өрт жайылды,
Жандырыўшы бомбалардан.
Таў-таcларда қызыл дөнди,
Геўделерден аққан қаннан.
Таў үстине көтерилди,
Жарақлардан бурқып түтин.
Оққа аралас таслар жаўды,
Майдаланып қалмай пүтин.
Жаўды қуртыў керек бизге,
Жаласаң да оқтың татын.
Командир берди буйрық,
«Орап алың этирапын!»
Көкиректе қайнады кек,
Ерлик күши кетти тасып.
Дуў-сыйына қарамастан,
Жаў қорғанын бардық басып.
Қолда мылтық, полат штык,
Шомылды қан дәрьясына.
Халықтың арын қорғаў ўақты,
Келди ҳәрбир ер басына.
Перде болды кең далаға,
Көрген адам таң қалғандай,
Өлик толды сай-салаға,
Ўатан ушын алға басты,
Халық уллары батыр ерлер,
Ең соңғы сес ядымда бар,
Жаңлап кетти таў ҳәм жерлер.
Жер қушақлап жығылдым мен,
Жаў-жарақты жаздырмастан,
Искенжедей қысып жаўды,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Барған ўақта-тумлы-тустан.
Көк теңизи аўдарылды,
Ашқанымда ебиндей көз,
Қулағыма еситилди,
Емин-еркин бир жыллы сөз.
Қозғалыўға ерк бермеди,
Мең-зең болып қалған басым.
Ериниме суў тамғанда,
Мегзеттим көз ыссы жасын,
Азлап есим енседағы,
Жаттым бойды қозғай алмай,
Ашқан сайын аўызымды,
Кепкен яңлы қурып таңлай.
Денем кеўип қалған яңлы,
Шыққан шөпке шөлистанға.
Палапандай аўзымды ашып,
Ынтық болдым жутым суўға.
Бир ўақытта емизиктей,
Аўызыма толды мамық,
(Бул мамық па, я пахта ма,
Айыра алмадым анық),
Жан-тән менен умтылдым да,
Бирнәрсени шарпа туттым.
Соңғы күшти жыйнадым да,
Таўсылғанша суўды жуттым,
Суў тарады таңлайымнан,
Жылығандай болды денем,
Ҳәм ашылды көзим шайдай.
Қуўанышқа толы денем,
Геўдеге күш киргеннен соң,
Көзимди аштым қарайын деп,
Бас ушымда отыр бир қыз,
Ықлас пенен мени сүйеп.
Ким екенин билмек болып,
Турмақ болдым қолды тиреп.
— Тынышсызланбаңыз, — деди,
Сулыў жүзи күлимсиреп.
Көп ҳәдийсе болып қалған,
Үсти-үстине бир заманда.
Таныдым да атын айттым,
Илгир көзден қарағанда,
Тигилип қарап турды да қыз,
Деди мени көрдиң қайда?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Иркилместен бердим жуўап,
Сизди көрдим Москвада,
Мени толық танымастан,
Билдим ол қыз батты ойға,
Танымаўдың себеби сол,
Боялған бет қызыл қанға.

II

Бетимдеги қанды жуўып,
Таныған соң Тамара қыз.
Қеўли босап сөйледи де,
Деди аўыр жарадарсыз.
Жаўдан қалай қутылдық биз,
Жан жолдаслар кетти қайда?
— Жаў қорғанын басып алып,
Тағы атланып кетти алға.
Ең биринши жаў қорғанын,
Қаҳарманша етип опат.
Медпунктке апарылсын,
Қаҳарманға болың қуўат.
Деп лейтенант буйрық берди,
Сени сүйеп келдим бунда.
Ер күшине болып ырза,
Толып тастым қуўанғанда.
Әпиў еткил танымадым,
Болғаннан соң түсиң өзге.
Мине ҳәзир елеслеп тур,
Бирге жүрген күнлер көзге.
Деп Тамара сөйлегенде,
Күлимсиреп тур шырайы.
Максим Горький көшесинде,
Тамараның еди жайы.
Бирге жүрип ойнағанбыз,
Жазғы күнниң таңларында.
Көп тамаша көрген едик,
Горькийдиң кең бағларында.
Мине ҳәзир Тамара қыз,
Урыста жүр медсестра,
Ер қыз бенен жүрген күнлер,
Шығар емес ядтан сирә.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## III

Әлле қашан жолға шығып,
Жаңа өткенде таса жерден.
Тоғай иши жарқ-журқ етип,
Оқ даўысы шықты бирден.
Тамара қыз қаймықты тез,
Жарақтан оқ еткенде жалт.
Ҳәм тасаны таўып алып,
Гранатты үлгерди шалт.
Жер баўырлап жатыр ер қыз,
Масаладай көзи жайнап,
Киятырған жаў танкасын,
Гөзлейди ол тисин қайрап.
Танк жақын келгенинде,
Тамара қыз керди қулаш,
Ылақтырды гранатты,
Танка қалды жап-жалаңаш.
Дөңгелеги дал-дал болып,
Темир тоны пыт-шыт болды.
Шаңқай түски қуйын киби,
Әтирапына түтин толды.
Танк ўайран болғаннан соң,
Күтиў керек экипажын,
Таба алмай ҳеш илажын,
Тамара қыз табан тиреп,
Жыйды бойға күш-қуўатын.
Нәўбет пенен экипаждың,
Маңлайынан гөзлеп атты,
Басқа ҳешким жоқ екенин,
Тамара қыз билгеннен соң,
Жыйнап алды олжаларын,
Жаў қалмастан өлгеннен соң,
Москва қызы Тамараның,
Ерлигине ҳайран қалдым,
Шын жүректен қушақ ашып,
Ақ бетинен сүйип алдым,
Аўыр ҳалды умытыппан,
Түргелгенде қуўанғаннан,
«Айналайын» деп бақырдым,
Гүлайымдай Тамаражаннан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## СӘРБИНАЗ

### I

Нурлы гөззал таң да атты,
Сәўлели күн нурын шашып,
Атызларда қызлар күлди,
Жаз самалы зейинди ашып.

Жаз самалы жанға рәҳәт,
Кең далалар қулпырған көк,
Шайқалып турған шалғын егис,
Ырғалысып гезек-гезек.

Топарласқан йошлы қызлар,
Нәзерледи колхоз бағын.
Колхоз бағы көзге ысық.
Елеслетти яр жамалын.

Яр жамалын ойлағанда,
Сәрбиназ қыз қалды турып,
Атыз ишин шарлады да,
Көзди тикти мойын бурып.

Түси өзгерип қара көзи,
Масаладай кетти жайнап.
Ақ алтынды қушақлады,
Өмирлик дос ярды ойлап.

Қурдаслары қыз-жәўанлар,
Сәрбиназды алды орап.
Жипек шашын, басын сыйпап,
Сыбырласты ҳалын сорап.

Басын ийип Сәрбиназ қыз,
— Айналайын түрлериңнен,
Ақ алтыным дегенимде,
Дүр шашылар тиллериңнен.

Деп Сәрбиназ кең даланы,
Көзи менен шолып таслап.
Зулпын таўлап бир қойды да,
Былай деди сөзин баслап.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## II

Халықтың айтқан нақылы бар,
Мәрттиң сөзи арын жықпас,
Ар-намыслы арысланның,
Иси, сөзи ядтан шықпас.

Ядымда тур хошласқаным,
Журегимде мәңги жыллар.
Көз алдымда елеслейди,
Қушақ ашып қысқан қоллар.

Көз алдымда ярдың жүзи,
Көз алдымда қаҳарман серт,
Көз алдымнан кетер емес,
Мақсет тилек, көркем келбет.

Көз алдымда, журегимде,
Ярға берген беккем антым,
Өз өмирин сүйген адам,
Умытар ма мәртлик антын.

Сол ярымды күткен едим,
Халық күткендей бағ жемисин.
Ярым мениң келмейди ҳеш,
Бирақ көрдим яр жеңисин.

Жан қурдаслар заманласлар,
Сизге арналсын барым мениң.
Сизге айтпай жүрген едим,
Мәрт боп өлди ярым мениң.

Деген ўақта қыз-жәўанлар,
Өзгертти ҳәмме бирден түсин.
Сәрбиназ қыз айтып берди,
Сәўер ярдың мәртлик исин.

## III

...Ашыўлы түн қабақ түйип,
Көкти қалың, булт басқан,
Аш бөридей ысқырып оқ,
Жер бетиниң сәни қашқан.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Перделенип булт қаплап,
Айдың жүзи тур ашылмай.
Ойланғандай жулдызлар лал,
Жарқыраўға тәсир болмай.

Тоғайларда қалың қайғы,
Көтере алмай басын ийген,
Омыртқасы гүрт еткендей,
Шақалары жерге тийген.

Таў үстинде қара булт,
Қан сасытып қабақ үйген.
Жалт-жулт еткен жылдырымнан,
Күйеленип бети күйген.

Сәни қашып саңыраў дала,
Снарядтың уўын жутқан,
Қан пердесин кийип алып,
Ызаланып матам тутқан.

Түнниң ишин тербентеди,
Шырқыраған жас балалар,
Топырақты мантықтырған,
Тула бойдан аққан қанлар.

Аўыл-қала астан-кестен,
Қайғыланған зарлы сестен.
Ақырет азап көрсе халық,
Естен танған нан жеместен.

Көп ай бойы сандалып халық,
Ақырет-азап уўын ишкен,
Кемпир-ғарры нәрестениң,
Бети-аўзы қабағы искен.

Мине усы ҳалда жатқан,
Азат қылыў ушын елди.
Болған уллы гүреслерде,
Халық билди батыр ерди.

Сол батырдың биреўи ғой,
Азат еткен ўатан жерин.
Халық улы ел перзенти,
Жандай қорғар туўған елин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бултын серпип күн батыстың,
Ел үстине жақты шырақ,
Жаўды жексен етип унтап,
Ҳәм Берлинге тикти байрақ.

Елди азат етиў ушын,
Мәртлик пенен ғайрат салды,
Умытылмайды ердиң аты,
Герой деген аты қалды.

Өлеринде айтыпты яр,
Азат болды ана-Ўатан.
Мәңги болсын бахыт, өмир,
Ўатан ушын бердим мен жан.

Мәртлик пенен жан берип яр,
Бизге айтты ол нәсийҳат.
Ярдың иси — достың күши,
Бизге болсын қарыў-қуўат.

IV

Яр сыпаты ярдың иси,
Тири гүрес жолымызда,
Тасқын тетик турмыс ушын,
Уллы план қолымызда.

Әмиўдәрья еки бойы,
Жанға рәҳәт ҳасыл пахта,
Зейинди ашып, кеўил йошсын,
Көз жиберип көрген ўақта.

Кең далалар гүлистандай,
Жерлер шалғын болсын егис.
Төрт жақ бирдей қубла болып,
Елдиң болсын ырысқы жемис.

Бизиң ушын болсын ҳәрўақ,
Бахыт бәҳәр, абадан жаз.
Колхоз елин-ҳасыл жерин,
Тәриплесин шадлы ҳаўаз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жаўдан ўайран болған жайды,
Ҳадал мийнет пенен тез қур,
Мәденият майданынан,
Тағы елге шашылсын нур.

Сүмбил шашлы Сәрбиназ қыз,
Деп қызларға қарағанда,
Еркин мийнет қызды қайнап,
Мәўиж урып кең майданда.

*1945-жыл.*

## УАТАН УЛЛАРЫ

### I

Әмиў бойын бөледи нур,
Күн жарқырап күлип қарап.
Шалғын егис мысалы дүр,
Салланады шашын тарап.

Жанға жайлы ескен самал,
Зейинди ашқан тынық ҳаўа.
Тиришиликке бул ҳаўа пал,
Турмыс ушын дәртке даўа.

Әмиў ағып тайдай туўлап,
Еркелейди туңғыш улдай!
Үйрек, ғазлы Арал шуўлап,
Балықлары ойнар тынбай.

— «Жуўаман мен бетиндеги,
Ыласланған қызыл қанды.
Кетиремен етиндеги,
Темир тескен қан таңбанды!»

Украинаға сәлем жоллап,
Атландырды перзентлерин,
Тапсырманы Арал қоллап,
Жыйнап алды батыр ерин.

Әмиў суўы сыңқ-сыңқ күлип,
Қушақлады сүйип улын,
Ер мақсетин халық билип,
Улларының қысты қолын.



www.ziyouz.com kutubxonasi

## II

Палымбет шал тасып толды,
Перзент пенен хошласқанда.
Сөзине халық ырза болды,
Шын жүректен сөз шыққанда.

Халыққа қарап Палымбет шал,
Сөз сөйледи жеңиске саз.
— Тыңла халқым қулағың сал!
Дегенинде жаңлады ҳаўаз.

—«Балалы үй базар» деген,
Нақыл халықтың аўзында бар.
Перзентлерди жүрегинен,
Ҳәрким сүйиў ушын қумар.

Перзент — жүрек инанышы!
Перзент — шалдың мәдеткары!
Перзент—ана сүйениши!
Перзент—турмыс гүл нышаны!

Перзент—ғарры аталардың,
Бул дүньяны көрер көзи.
Перзент—туўған аналардың,
Мысалы дүр, шийрин сөзи.

Перзент елдиң қаҳарманы,
Перзентли ел азбас, тозбас.
Перзент халықтың сүйер жаны,
Ҳасла бирлик қаддин бузбас.

Кең тарийхқа из қалдырдым,
Аямайман хызметимди,
Алдыңызда атландырдым,
Мине екинши перзентимди.

Шын перзентим, улым хош бол,
Жаўыз жаўдан қайтпа ҳаслан!
Ағаң менен қос батыр бол,
Ҳәм шайырлар жазсын дәстан.

Мә, қолыңа алмас қанжар,
Жаў қанына бояп қайтқыл,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Булманда мен ҳәм иниң бар,
Ағаңа ерлик сәлем айтқыл!

Халық хошласты перзент пенен,
Құшақласып құшақ ашып.
Қосылып ҳақ нийет пенен.
Әмиўдәрья кетти тасып.

### III

Арсыз уйқы ерден қашар,
Жарқыраса қолда қылыш.
Илгир көзден нурлар қашар
Қан төгиспе болса урыс.

Қуўатланар, қарыўланар,
Халқы дабыл қақса тегис.
Ҳеш қорқытпас аққан қанлар,
Журекке орнап уллы жеңис.

Күндиз күни, түнниң иши,
Ҳәммеси бир батыр ушын.
Қайнағанда қарыў-күши,
Жыйнар барлық ақыл-ҳуўшын.

Тосаттан ис болғанда да,
Ер перзентте тасар ғайрат.
Қыйынлықта қалғанда да,
Саў шығарар қурыш-қуўат.

Тапсырманы бәржай етип,
Қайтты Сабыр, Узақберген,
Киятқанда жаптан өтип,
Оқ атылды жақын жерден.

Түн пердесин жыртып таслап,
Жаў-жарақтан лаўлады от.
Жердиң бетин жалын қаплап,
Шуйкилдеди атылған оқ.

Түн ишинде қызды саўаш,
Таң қалғандай болды адам.
Қайнады кек, тик турды шаш,
Лаўлады от тынбай мудам,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жылдырымдай снарядлар,
Дал-дал етти жердиң бетин.
Оттай жанып гранатлар,
Тилкимледи адам етин.

Қаша алмады ҳешқайда да,
Тоғайдағы жүрген ҳайўан.
От ишинде өрден-ыққа,
Жуўырса да тапсырды жан.

Көк гүркиреп турған яңлы,
Қалтыратты топлар жерди.
Суўдың бети болып қанлы,
Астан-кестен етти көлди.

Жайды, үйди пыт-шыт қылды,
Қыйратыўшы — фугас бомба.
Адамлардың басын жулды,
Геўделерин бояп қанға.

Даўыслары түнги қустың,
Шүйкилдеген алмасты оққа.
Бәри жалын тумлы-тустың,
Ушып-қонып түсти отқа.

Атыз, арық, сай-салалар,
Көбикленип толды қанға.
Шырлап қалды жас балалар
Хошласа алмай ата-анаға.

Узақберген бир ўақытта,
Ер инисин ертип алып.
Жүзин бурып кең бахытқа,
Жуўырды алға қыйқыў салып.

— Халық ушын, Ўатан ушын!
Деген сеске гүңиренди жер.
Жыйнағанда ерлер күшин,
Таяр болды қолда семсер.

Сабыр менен Узақберген,
Әўел баслап жуўырды алға.
Ер перзентлер турып жерден,
Шапты туўды алып қолға.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Атқан оққа қарамастан,
Опат қылды жаў қорғанын.
Қайнады кек жүрегимде,
Сел-сел етип төкти қанын.

Сабыр менен Узақберген,
Қаҳарманлық алды атақ.
Фронтларда ҳәмме жерден,
Мақтанысты атын атап.

* * *

Перзентлери Палымбеттиң,
Ўатан улы қаҳарман ер,
Тағы халыққа хызмет етиң,
Жеңис күтип тур туўған жер!

*1942-жыл.*

## ҚОШҚАР БАТЫР

### I

— Хош бол ата, ана жаным,
Қайнады кек жүрегимде,
Ҳарамы жаў басып кирген,
Ўатанымның пәк жерине.

Хош бол, Айым,—туўылған жер,
Хош бол, достым, сәўер ярым.
Аямайман гүлистаннан,
Керек болса шийрин жаным. —

Деген ўақта Қошқар батыр,
Жыйналған халық болды ырза.
Рух берди, жигер берди,
Ар-намыслы туўысқанға.

Халық хошласып турғанында,
Қолын қысып, қушақласып.
Сәўер яры Бәҳри жанан,
Дәрья киби турды тасып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қыйқаш қасы, қара көзи,
Нурлы жүзге жарасып тур.
Көз астынан жүрегинен,
Ынтық болып қарасып тур.

Бәҳәр гүли Бәҳри қыздың,
Күлимсиреп қара көзи,
Ләблеринен паллар тамар,
Дәртке дауа шийрин сөзи.

Қошқар яры қарағанда,
Жаз жайнаған күндей болып,
Қушақ ашты Бәҳри жанан,
Көкирегине шадлық толып.

Хошласты да Қошқар батыр,
Минди атқа. Жолға рәуан,
Көз ушына кеткенинше,
Қарап турды Бәҳри жанан.

Бедеу минип кетти Қошқар,
«...Қандай ҳүрмет—хызмет еткен!»—
Деп Бәҳри қыз шықты атызға,
Қолына алып өткир кетпен.

Айым қышлақ мәканында,
Фронт ушын ис қайнады;
Күн нурына жарқыраған,
Қурал-сайман қолда ойнады.

Ердиң яры ерге усап.
Бәҳри бууды беккем белин,
— Тазалаймыз душпанлардан, —
Деди Бәҳри — совет елин.

II

Қызды сауаш,
Қанлы майдан.
Кек қайнаған ҳәрбир ерде,
Ант етеди жүрегинен,
Киндик қаны тамған жерге.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ўатан ушын, халқы ушын,
Батыр болыў қандай ҳүрмет,
Жаўды жексен етиў керек,
Келгенинде бир бетме-бет.

Деген исеним ҳәр бириниң,
Орналасқан жүрегине.
Ғайрат-күши билегиниң,
Жеткереди тилегине.

Көз алдында гүлистан жер,
Көз алдында Кремль тур.
Көз алдында баўырман халық,
Көз алдында жайнап ел тур.

Қолда қылыш, қолда қурал,
Қолда байрақ, астында ат.
Ҳәр биринде Алпамыстай,
Таў қопарар қарыў-қуўат.

Қызды майдан, қызды саўаш,
Қалың қарға из салды оқ,
Жердиң бетин гүңирентеди,
Гүрсилдетип атылған топ.

Жердиң бети қалтырайды,
Тоғайда от, бурқып түтин,
Көктен жаўған жаңбырдай боп,
Бомба жырды жердиң бетин.

Ер басына күн туўғанда,
Суўды кешер саат келди.
Ат басына күн туўғанда,
Суўлықтан суў ишер енди.

Жылдырымдай жайнаған оқ,
Аспан жүзи көринбейди,
Көктен жасыл түсседағы,
Батыр ерге билинбейди.

Бундай қыйын аўҳалларда,
Болыў керек өр көкирек.,
Қажымай ис қылыў деген —
Бул батырлық мәртлик, демек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Елеследи туўылған жер,
Қошқар ердиң көз алдына,
Бурқып тасты дәрьядай күш,
Кирди жаўдың қорғанына.

Қандай қыран, қандай жүрек,
Бул қорғанға кирип барған?!
Бул — Қошқар ер—ел перзенти,
Баҳадырдан өрнек алған.

Жаў қорғанын Қошқар батыр,
Ойран етти иркилместен.
Қолында бар алмас қылыш,
Мүдирместен жаўды кескен.

Жаў қорғаны болып ойран,
Шерменделер қалды өлип,
Ер найзасы, ер ғайраты,
Жаў геўдесин кести бөлип.

Екинши рет Қошқар батыр,
Қолға алды тағы исти.
Жаў қорғанын бузбақ болып,
Жыйнап алды қайтпас күшти.

Екинши рет тағы басты,
Жаўдың салған бир қорғанын,
Ныпқырт қылмақ, опат қылмақ,
Жаўдың өлмей, қалғанларын.

Қорған ишине кирген ўақта,
Жатыр биреў бүкке түсип.
Аш қасқырдай жалаңлайды,
Бий гүнадан қанлар ишип.

Көзи жаман, түри бузық,
Қанға қумар қасқыр яңлы,
Бул офицер екенлигин,
Қошқар билди, еди аңлы.

Қошқар ерди көргеннен соң,
Бул шерменде албырады.
Атса да оғын тийгизе алмай,
Қолы бирден қалтырады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қошқар ерде қайнады кек,
Қолына алды өткир белин.
Басын шаўып офицердиң,
Ҳәм өширди оның демин.

Мойнына офицердиң,
Жаздырылмас салды құрсаў.
Ғаўлап ушқан ҳәррегендей,
Басып келди ҳарамы жаў.

Қос қолында бирдей жарақ,
Тайсалмайды батыр Қошқар.
Аппақ жүзи өзгерилди,
Жаў қанына боялып қар.

Әўел атты, соң айқасты,
Келген жаўды шарпа тутып.
Айўан-жайўан болды душпан,
Өз қанларын өзи жутып.

Төбе-төбе үйилген қар,
Бул қар емес, өлген душпан.
Дүзде жатқан ләтте киби,
Душпан жатыр оққа ушқан.

Басты демең қар үстин суў,
Ол душпанның аққан қаны,
Демең гөне там кесеги,
Ол жатырған жаў мазары.

Уралайды жерди жарып,
Жаңғырады таў менен жер,
Жеңимпаз халық перзентлери,
Гүреслерде шыныққан ер.

Халық улы алғыр қыран,
Қайнап тасқан батыр Қошқар.
Уллы халқы, дана Ленин,
Жеңислерге ол мәдәткар.

Қошқар батыр ел перзенти,
Қаҳарманлық етти ерлер.
Қумырысқадай қырғын тапты,
Басып кирген шерменделер.



www.ziyouz.com kutubxonasi

III

— Нигарымсаң Бәҳри жанан,
Бир елеслет мени көзге.
Көз алдымда елес-елес,
Сүўретиң тур емес өзге,

Көз алдымда, жүрегимде,
Бирге орнатқан гүлистанлар.
Ҳәмме ўақыт күш-қарыўым,
Мәдәткәрим, ер-инсанлар.

Халық яңлы жүрегимде,
Сенде турсаң гүлдей жайнап.
Ҳеш ядымнан шығар емес,
Жүрген ўақыт бирге ойнап.

Ядыңда шығар еле сениң,
Ескен бир күн таң самалы,
Кең даланы шарла жанан,
Сәўлеленер яр жамалы.

Яр жамалы дәртке даўа,
Шын муҳаббат дилге орнар,
Пәк жүрекли Фарҳад-Шийрин,
Қасийети жүректе бар.

Муҳаббатым халықты сүйиў,
Сенде халықтың перзентисең.
Соның ушын мәртлик пенен,
Шын жүректен исенемен.

Бәҳриханым зийрек қызсаң,
Түсин толық, исле мудам.
Ана ушын таяр ҳәр ўақ,
Ар-намыслы ҳәр бир адам.

Бизге ақ сүт берген ана,
Бул қадирли сүйикли Ўатан.
Анасынан, Ўатанынан,
Ер азамат аяр ма жан?!

Мен қылышты алғанымда,
Сенде алғыл қолға кетпен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шөлистанға суўлар барсын,
Мийнет пенен аққан терден.

Қулпы дөнип гүлленсин жер,
Гүлистанға тағы орнат гүл.
Жеңис пенен барғанымда,
Сазға қоссын сесин бүл-бүл.

Туўлап тасқан Ферганадан,
Суўлар ишсин ҳасыл жерлер.
Тағы канал қазыңызлар,
Мийнет ери батыр ерлер.

Жердиң тилин биледи ғой,
Дийқан улы — өзбек халқы.
Қаз каналды, Бәҳриханым,
Ер жигиттей исле, шалқы.

Кеңейсин жер, гүлленсин бағ,
Ғалы яңлы қулпырсын көк,
Қызылласын қырманларың,
Таў-таў ғалле телекке төк.

Хош жананым, Бәҳри гөззал,
Екеўмизде бир тилек бар.
Бул тилекти орынлайды,
Өзиң сүйген батыр Қошқар.

IV

— Сәлем Сизге Қошқар батыр,
Маған жазған келди хатың.
Ҳәр ҳәриби бул хатыңның,
Сүўретлейди ер сыпатын.

Тек елеслет деп айтыпсаң,
Ядымда тур секунд сайын.
Шын сүйген яр, үйренген яр,
Сыр айтыўға болар қайым.

Көз алдыңда турған яңлы,
Саған бир сыр ашайын мен.
Жазғы күнги ашық күндей,
Дүньяға нур шашайын мен.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Радио сөйлегенде,
Төбем көкке жетти мениң.
Мени даңққа ийе қылды,
Жер гүңиренткен атың сениң.

Газетадан суўретиңди,
Қуўандым мен көргенде бир.
Жанға жайлы сөзлери бар,
Мысал гәўҳар, шашылған дүр.

Газетти ашып оқысам мен,
Нурланады Өзбекстан.
Айым қышлақ жазғы күндей,
Жайнасады бағыў-бостан.

Қуўанышта көкирегим,
Бирге өскен әдиўли жас.
Сени десем бул жүрегим,
Өзин иркип тура алмас.

Саған белли колхозымыз,
Туўған елге болды мәкан.
Күн-күн сайын қулпырмақта,
Күн шығыста Өзбекстан.

Сизлер ушын ғалаба биз,
Майдандамыз, атланыста.
Шерикбиз ғой, билесең сен,
Туўысқанлық ар-намысқа.

Сизлер ушын нанлар тайын,
Сизлер ушын бағыў-бостан.
Сизлер ушын жан аяр ма,
Елин баққан батыр достан.

Сизлер ушын кийим таяр,
Сизлер ушын жаў-жарақ бар.
Сизлер ушын барлық нәрсе,
Сизлер ушын биз мәдеткар.

Сизлер деген ўақта бизде,
Ҳәрбир ерде ғайрат тасар.
Бәҳриханың майданда жүр,
Жеңислерге болып қумар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Сизлер ушын колхоз баққан,
Таяр бедеў қаназатлар,
Сизлер ушын көкте жүзген,
Таяр алғыр қыран-суңқар.

Сизлер ушын күни-түни,
Ислеп атыр фабрикалар,
Сизлер ушын атызымыз,
Лала гүлдей болып жайнар.

Сениң ушын қурдасларым,
Фабрикада ислеп атыр.
Күн шығыста өзбек қызы,
Ер көкирек иске батыр.

Тойлар тойға уласcын деп,
Той күтеди Бәҳриханың.
Сыйлық пенен бирге салдым,
Усы серттиң бир нышанын.

Бул орамал — Қызыл байрақ,
Ыссы күнде болсын сая,
Қыс күнлери болсын қалқан,
Отлы жаўын жаўғанында.

Атакаға киргениңде,
Жеңис ушын болсын байрақ.
Желбиресин бул қызыл туў,
Бөленип күн нурында ойнап.

Жананыңман достым Қошқар,
Бир тилегим: жаўды қурт тез,
Ҳеш аяма, ҳеш иркилме,
Ҳарамылар келгенде гез.

Көмек керек, болса шақыр,
Тез бараман жылдырымдай.
Жоқ қыламан шерменденин,
Жер жүзинде бирин қоймай.

Қаҳармансаң, қостарымсаң,
Халық улы, батыр Қошқар,
Бәҳриханың тап өзиңдей,
Ол өзиңе мәңгилик яр.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Биз қосылып той қылған күн,
Той ислесин ана — Ўатан.
Бул тойлардың жеңис нурын,
Ҳүрмет етсин пүткил жаҳан.

Тылда бизлер қаҳарманбыз,
Шалғын егис, Айым қышлақ.
Тезден достым жоқ қыл жаўды,
Биз жеңемиз исимиз ҳақ.

*1942-жыл.*

## КИРА

О, Киражан, Киражан,
Сөзиң шийрин бота көз.
Жүрегиме жайғасты,
Өзиң айтқан татлы сөз.

Нурлы еди түн иши,
Күндиз күндей жақты ай,
Днепрдиң бойында,
Қыдырдық бағ аралай.

Толқынлап аққан Днепр,
Сыңқ-сыңқ етип күлгенде.
Сенде күлдиң Киражан,
Қуўаныш пенен жүргенде.

Бизди сол түн ҳүрметлеп,
Аспандағы ай күлди.
Ай күлгенин Киражан,
Қулпы дөнген көк билди.

Днепрдиң бойында,
Апақ-шапақ ойнадық.
Қосық айтып қуўанып,
Шадлық пенен шағладық.

Татлы түнниң ишинде,
Жүректе гәўҳар сөзлер бар.
Дилге ўәде жайласқан,
Ядтан шықпас ядигар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

* * *

Бес жыл өтти арадан,
Мине бүгин алдым хат,
Мен де ырзаман, Қиражан,
Ядыңда екен еле ат.

Адам ырза болмай ма,
Ердиң ҳасыл затына.
Былай депти Қиражан,
Маған жазған хатында:

«Шығып едим турмысқа,
Болды турмыс ҳүрметли,
Татлы еди турмысым,
Болып едим перзентли.

Қанқор қасқыр ҳарамы,
Кирди аңсызда елиме.
Селдей қылып қан төкти,
Гүлистандай жериме.

Жайнағанда турмысым,
Күйеўимди атты жаў.
Өлтирилди нәрестем,
Жалғыз өзим қалдым саў.

Жығылғанда ата, ул,
Боялды қанға қалын қар,
Қайнаған жас жүректе,
Ғазаптың отлы кеги бар.

Түстим жаўдың қолына,
Бирақта сыр ашпадым.
Мәрт болып өлди жолдасым,
Менде сондай саспадым.

Кести етимди қыйнады,
Сораўға жуўап айтпадым.
Халық ушын өлиў ҳүрметли,
Деп ерликтен қайтпадым.

Ақырында арсызлар,
Өлди деп мени таслады.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Үш күннен соң беденим,
Ақырын жылый баслады.

Жаў қолынан қутылып,
Қосылдым туўған халқыма,
Жаўды қуртпай қоймаўды,
Мақсет қылдым алдыма.

Жаў тылында жатырмыз,
Күни-түни тынбастан,
Қырмақтамыз жаўызды,
Тартынбастан, қорқпастан.

Қуртамыз жаўды қуртамыз,
Сизлер менен жүрек бир,
Даўылда туўып шыныққан,
Ар-намыс бир, тилек бир.

О, Киражан Киражан
Жаўды қойма бағында.
Днепрдиң бойында,
Қосылайық тағыда.

*1941-жыл, ноябрь.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## БАЛЛАДАЛАР

### ҒАРРЫ ПАЛЎАН БАЛЛАДАСЫ

Қартайған арысландай еңсеси түсип,
Ғарры палўан отыр ғамның ғайында,
Қайғы зардабынан қабағы исип,
Жаңлаған сеслер жоқ. Жым-жырт жайы д

Гүрсинер,
Ыңыранар,
Аўыр ойланып,
Жарым-жарты жанған жүректе жалын,
Әтирапында ақлықлары айланып,
Тынбай билип турар ғаррының ҳалын.

Бир күни ақлықлар кеткенде узап,
Басмашылар кирип келди тосаттан,
Ғаррыға қурмақшы болды да дузақ,
Тум-тустан қамады түсти де аттан.

Ғарры ушып турды орнынан бирден,
Мәртлик пенен жыйды белге қуўатты.
— Дер еди ғаррыны партизан — мерген,
Есиктен келгенин келгендей атты.

Ғаррының узамай таўсылды оғы,
Мылтықтың қундағы менен сабады,
Билинди қасында ақлықлар жоғы,
Дабыл қағып, ғарры шаўқым салады.

Залым басмашылар ғаррыны басты,
Қан менен бояды қып-қызыл жүзин,
Далаға шығарып терекке асты,
Ғаррының тирилей ойды да көзин.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Келди ақлықлары кеткен қыяға,
Қан менен боялған көрди бабасын,
Барлық басмашыны етип зым-зыя,
Ойран етти басмашының ордасын.

Бағ ишинде анаў турған естелик,
Естелиги еди ғарры палўанның!
Алтын сыя ҳеш қалмайды ескерип,
Гүўасы ол узақ жоллық кәрўанның.

*1973-жыл.*

## АНА БАЛЛАДАСЫ

Мың тоғыз жүз қырық биринши қанлы жыл,
Июнь айы. Таң толғатып туўды нур,
Жигирмаға толған едим: усы жыл,
Таң алдында ғарип анам жылап тур.

Ушып турдым әтирапымда ашшы сес,
Анталап тур, аш қасқырдай сум әжел,
Жан анамның жүзинде жас иркилмес,
Жүректе кек, қаҳәр менен турды ел.

Анажаным ақ жүзимнен аймалап,
Маңлайымнан сүйип алып, тиклеп бас,
Жалынлы жас жүрегимнен жан арнап,
Менде сүйдим, ақты анадан ыссы жас.

Хошластық, биз сапарымыз қан майдан,
Туўған жерим — көзге ысық айналам!
Қарасам мен көз ушынан жолымнан,
Турған екен, қолын былғап жан анам!

Кек қайнады, көзим жастың дәрьясы,
Жүрегимде ана сүйген гүзи бар,
Ақ жүзимде болып әсир гүўасы,
Сол жасымның бет алмамда изи бар.

Анажаным айдан артық дийдарын,
Қанлы түнде нурлар жақты жолыма,
Миллионларға қарыў берген мәдарын,
Жаўынгерлик жарақ берди қолыма.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таў қопардым, тасын аттым душпанға,
Өрт өширдим, суўын алып жабыманан,
Қуўандым халық күшин күшке қосқанда,
Ҳәлсиресе бөлип бердим жанымнан.

Муз еритсе жүрегимниң жалынын,
Қар еритти аўызымнан шыққан леп,
Қан қумар жаў ақырында жалынды,
Деп бақырдым, жаса-жаса, ана! — деп.

Ана улы ар-намыслы азамат,
Ақыллыман, мәртпен ана дәстинде,
Елим, халқым берди тасқын күш-қуўат,
Орнатқанман байрақ Берлин үстинде.

Анажаным жазғаныңда маған хат,
Деген едиң гербиш қуя басладық,
— Мийнет етсең бас ийеди тәбият,
— Нөкис деген қала сала басладық.

Ата, ана, жеңге, келин, қызларым,
Сизлер менен мен де жеттим жеңиске,
Өмир сүрип татып бахыт дузларын,
Сиз отырсыз анам салған Нөкисте.

Урыста ҳәм тылда батыр ҳәр кисим,
Ҳәр бир адам жеңис ушын ой тапты,
Урыс жылы бина болған Нөкисим,
Ленин орденли республикам пайтахты.

Жасыл жапырақ жаўдырап тур көшеси,
Дарақлары сая болды балама,
Мыңлап жаслар сайран етер кешеси,
Ильич нуры қуўат болды анама.

Өндирисиң, оқыў журтың — билимиң,
Ерлик пенен есигимди төр еткен,
Қанлы күнде ери болып елиниң,
Шайыр балаң талай томлар дөреткен.

Көшелерин гүллер қаплап толайым,
Кешелери күндизгидей жайнап тур.
Нөкис қалам, Нөкис гөззал — орайым,
Айымханның ҳаўазлары жаңлап тур.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бағ орнады анам жүрген изинен,
Зейиң ашар ҳәр күн бүлбиллер сайрап,
Нөкисимди салған анам Сиз бенен,
Бирге отыр қуўаныштан масайрап.

## БАЛЛАДАЛЫҚ БАЯНЛАМА

Балалық,
Жетимлик,
Жаслық — гезлерим,
Туўған елде өтти,
Жаз, қыс, гүзлерим,
Тап солманда жатыр басқан излерим.
Көзлериме тотыяна туўған ел!

Шөрегиңниң шийрин дәми тилимде,
Жүрегиңниң жыллы қаны гүлимде,
Күндиз қуяш, нурлар шашқан түниңде,
Туўысқанлық тилеклерим толған ел!

Атыз, шелиң, ҳәрбир жабың, салмаң да,
Жүргенимде шын ықласым қалғанба,
Қаўметиңди айналдырып қалқанға,
Жаўға қарсы беллеримди буўған ел!

Жумаланып жүрдим, қырыў-ойыңда,
Мал жайғанман Кегейлиниң бойында,
Қосық айтып жылында бир тойында,
Қапалықтың дәртин базда қуўған ел!

Жетим болыў, жанға өлимди жан татлы,
Аяғымды тессе шеңгел, жантағы,
Сая болды ҳәрбир талың жапырағы,
Жылағанда жүзлеримди жуўған ел!

Көзим көрди қан ишкенин қузғынның,
Есимде бар сыңсығаны қызыңның,
Қаўметинде таңба қалды қызылдың,
Сол тарийхтың сен гүўасы болған ел!

Көзим көрди қан сақалын бабамның,
Көзим көрди аш болғанын анамның,
Дуйым журтқа мәлим дәрти даламның,
Басларыңнан не кешпеди туўған ел!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Залым жаўыз көрсетти елге көримин,
Халық көз жасы — сууы — дәрья көлиңниң,
Кисеңде еди кең қулашлыкелиниң,
Келиншеклер бенде болып талған ер!

Тағдийлериң болды жаўыз залым да,
Ништер суқты көзиң менен халыққа,
Еситкенмен перзентиңниң зарын да,
Аўылыңда сол жүрегим қалған ел!

Шопан болып дәрья-көлиң кешкенмен,
Мәўлет келип ҳәр айында үш күннен,
Жарман менен машабаңды ишкенмен,
Дослық дузың таңлайымда қалған ел!

Бас панасыз тыным таппай бүлкилдеп,
Айра түсип жас баўырым бүлтилдеп,
Қара көзден қанлы жасым мөлтилдеп,
Ерксизден айрылғанман туўған ел!

Ядқа түсип өткендеги жас шағым,
Мен қозғадым тарыйхыңның дәстаның,
Ай, күниң нур — сениң ашық аспаның,
Қуяш ели өзиң болдың туўған ел!

Көзге ысық топырағың туўған жер,
Бирге өскен, баўыр басқан батыр ер,
Жүрегимниң йошы, сеннен аққан тер,
Дейсең елим — шайыр достым күнде кел!

Мийнет пенен аштың бахыт сағаны,
«Ақ алтының» өмириңниң сабағы,
Сениң менен бирге жүрек соғады,
Баўырымсаң бахыт пенен толған ел!

Туўып өскен туўған елим мақтайын,
Ҳасыл жериң, ҳәрне ерин мақтайын,
Ар намыслы ҳәрбир ерин мақтайын,
Турмысыма тирек болып турған ел!

Бирге өстим Кегейлиниң бойында,
Бирге жүрдим қырың менен ойыңда,
Дәстан жазып қырық жыл толған тойыңа,
Мен келейин қуўаныштан туўған ел!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Елимиздиң тарыйхы бар, жолы бар,
Москвада жүреги бар, қолы бар,
Туўысқан ел бағларың бар лалазар,
Коммунизм нур шашпақта туўған ел!

### АҚ ТЕРЕК БАЛЛАДАСЫ

Ай жүзли дилбардай нәзерлеп көкти,
Әл аспанды гөзлеп өскен ақ терек,
Талма бойларына тәслим қып көкти,
Дарақлар патшасы турдың бир бөлек.

Таң нуры шафағы менен оятып,
Жаз жели ойнады жапырағың тартып,
Күйгелек көзлердиң қумары артып,
Салқын саяң сәўбет болды ақ терек.

Мәнзилден мәнзилге көшкен кәрўанлар,
Сениң оң-солыңнан салғандай жоллар,
Саяңда дем алып бир неше таңлар,
Әтирапың адамға толды ақ терек.

Гүллән тереклердиң төреси де сен,
Сән бердиң бабамның төлесине, сен,
Турдың салқын сарай төбесинде сен,
Өмир өзеги ушын өндиң ақ терек.

Адамның қолынан жаралғаныңды,
Кесилседе аямадың жаныңды,
Ақладың қумартып қарағаныңды,
Өмир буйрығына көндиң ақ терек.

Бир сүйем шүлликтен егилген едиң,
Саған тәрбияда ерингенбедим?
Дүньяға жарадың, дүньяға келдиң,
Бар өмирди елге бердиң ақ терек.

Узақ мәнзиллерде турсада қашық,
Сени сүйди ақ дийдарың ай ашып,
Қызғанысып шырмаўықлар айқасып,
Бойыңа жабысып турды ақ терек.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түйе сиңир менен шырмаўықлардың,
Таўлап таслап тамырынан қопардың,
Мыңлап кесилсең де орнында қалдың,
Әсирлер гүўасы болдың ақ терек.

Тамырларың терең, ушабасың аспан,
Өзиң сүтин болдың жай салсам тастан,
Миллион жыл жасады ҳеш мойымастан,
Жаңа бир дәўирге жеттиң ақ терек.

*1975-жыл.*

---

## ӨЗБЕКСТАНЫМ!

Таңларға нур болдың шығыстан атқан,
Ильич шырағысаң Өзбекстаным!
Тунжырап қалғыған шөлди оятқан,
Бахытлар бағысаң Өзбекстаным!

Болып турсаң бахытлы елдиң есиги,
Болып турсаң гүлли шығыс бесиги,
Өзиңнен табылар инсан несиби,
Дослық байрағысаң Өзбекстаным!

Сулыў Сырдәрьяның суўлары тасып,
Ақ алтын, көлине болған мүнәсип,
Табыс пенен тойға тойлар уласып,
Дослар дәрманысаң Өзбекстаным!

Яр-дослары асқарлардан асқанда,
Қыйқыў салып жолға атлар қосқанда,
Қуўып жетип Қаракалпақстан да,
Молаймақ табысың Өзбекстаным!

Даңқыңа ылайық ҳәр айтқан сөзиң,
Зүрәәт молайып, жайнады жүзиң,
Ўатанда пахтаның базасы өзиң,
Өмир дәстанысаң Өзбекстаным!

Жанға рәҳәт сениң қысы-жазларың,
Өмирди шадлантар өнерпазларың,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ғошшақ жигитлериң гөззал қызларың,
Мәңги бахты асқан Өзбекстаным!

Газ, нефти, сап алтын кәни сенде бар,
Дәртке даўа етер дәри сенде бар,
Жанға не керектиң бәри сенде бар,
Шығыс қуяшысаң Өзбекстаным!

Уллы Ўатан-ана меҳрибан болып,
Пүткил бахтың ашқан нур заман болып,
Халықларға бас қостың жанажан болып,
Дүньяға таныссаң Өзбекстаным!

Жан ағамсаң шын кеўилден сыйлаған,
Жүрегимнен алғыс болсын сый саған,
Дана Ленин маңлайыңнан сыйпаған,
Бахыт бостанысаң Өзбекстаным!

## ХОРЕЗМ

Мың жыллар қоңсым меҳрибанымсаң,
Бурыннан баўырман жүрек жанымсаң,
Дуз берип, дуз татқан дастурханымсаң,
Түби бир туўысқан достым Хорезм!
Сен саз шертсең, мен сес қостым Хорезм!

Мың жыллар зарладың, патшадан, ханнан:
Өмир күттен един, әсирлер таңнан,
Уллы Октябрьде Ленин данаңнан,
Бахыт алдың батыр халықсаң Хорезм,
Мен сәўлеңмен нурлар шашсан Хорезм.

Тилек иске асты алған ойыңа,
Алтын ектиң Әмиўдәрья бойына,
Октябрьдиң елиў жыллық тойына,
Сый арнадың азаматсаң Хорезм!
Ўатаныңа күш-қуўатсаң Хорезм!

Ақ алтыннан кәрўан дүзип ағылдың,
Жарысларда жеңип, жалаў тағындың,
Сен гүлисең — Өзбекстан бағының,
Бахыт ели — бағы-бостан Хорезм!
Сизге сәлем туўған достан Хорезм!

Атланысқа шығып қала-аўылың,
Нардай тарттың үлкен жүктиң аўырын,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қутлықлайды қарақалпақ бауырың,
Ҳурмет алғыс болсын Сизге Хорезм!
Гүл көгерттиң саҳра дүзге Хорезм!

Жан Хорезм жериң ҳасыл, бағың гүл,!
Бағларыңда сайрар күн-түн сан бүлбил,
Қуўаныштан мақтаў ушын таппай тил,
Дийдарыңа қарап турман Хорезм!
Жүзиң ашық жақты нурдан Хорезм!

Ҳәр дәўирдиң таңбасы бар изинде,
Мың-жың жыллар барсаң тарыйх сөзинде,
Атың таныс пүткил дүнья жүзине,
Нешше заман бастан өтти Хорезм!
Тарийхлар қапысын ашқан Хорезм!

Ҳәр дәўир дүзетер ердиң қатарын,
Әжинияз күткен таңның атарын,
Қамил Хорезмий, Әўез Отарың,
Бул заманда қайта туўды Хорезм!

Пүткил халық пенен бас қосып бирге,
Жеңис пенен жеттиң жаңа өмирге,
Ең биринши ирет дана Ленинге,
Тарийхый орденли тақтың Хорезм!
Ильич нурын мәңги жақтың Хорезм!

Тарийхшылар тәрийпиңди жаза алған,
Мәденияттың орайысаң озалдан,
Октябрь туўылған күни азаннан,
Бахыт пенен жайнап жазың Хорезм,
Жаңадан шертилди сазың Хорезм!

## ТУЎЫСҚАНЛАРЫМА

Атамыздың ақ сақалы есилип,
Анамыздың аппақ шашы кесилип,
Туўысқанның қара көзи тесилип,
Еди талай қандарына асылған.

Сонда ел-журтымыз батқанда қанға,
Дослар менен дабыл қағып жаҳанға,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қайтпастан атландық қанлы майданға,
Биз жаўынгер ел боп жарақ асынған,

Патша, хан, әмирдиң ордасын сөтип,
Бул жаҳаннан жеги құртты жоқ етип,
Мийнеткеш халықлар мақсетке жетип,
Бахыт алып Ленин партиясынан!

Озалдан соғылған дослық қалқаның,
Түбиримиз туўысқанлық қалқаның,
Ҳақ нийет, кең пейил қарағалпағың,
Сизди қутлықлап тур ел данасынан.

Қарыў асып, қоңсы болып қуралған,
Мың-мың муҳаббатқа мийри қанған,
Ең әўелде егиз болып қуўанған,
Қол усласып өстик киши жасымнан!

Биз еркин елимиз ана Ўатанның,
Бул Ўатан жүреги пүткил жаҳанның,
Нурлы ай күнимиз бахытлы таңның,
Халыққа қуяш жайған таў арасынан.

Сиз тамыры, биз шақасы алманың,
Сиз сағасы, бизлер суўы арнаның,
Сиз дөңгелеги, биз көшери арбаниң,
Ел жүгин тасыған әўел басынан.

Сиз асқар таў, биз гәўҳары таслардың,
Биз қалпағы, сиз қурашы баслардың,
Ата-анасы ғамқорымыз жаслардың,
Тойындырған ар-намыслы асынан.

Мийнетте, саўашта, бизлер таярмыз,
Қыз алысып, қыз берискен дос ярмыз,
Сиз гүмбирлеп шыққан дуўтар, биз тармыз,
Кеўилге йош алған ел намасынан!

Бириккен билекте жердиң шеңбери,
Қолымызда алтын кәнниң зәмбери,
Биз жапакеш елмиз, мийнет зергери,
Шөлге қала салған таўдың тасынан.

Бир дуўтардан шыққан елимниң сазы,
Мақтумқулы Әжинияздың устазы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Усы устазлық жүз мың жыллардың жазы,
Жайнады, жайнайды нур қуяшынан.

Туўысқанлық пенен еллерим тиллес,
Батыр, палўан, даналарым зәңгилес,
Ургенч, Ташауз, бирге иргелес,
Қуўанып қараған қырман басынан.

Елдиң исин өз орнына апарып,
Ер, азамат таслар-таўды қопарып,
Қалининде Мамед улы Сапаров,
Сизге сәлем болсын халық қулашынан!

Көрпе қызын ҳақыйқаттанда көрпедей,
Жылытады назы менен еркелей,
Қыз-жаўанның шайыр кеўлин көркемлей,
Йошландырар ай жүзинен, шашынан.

Ерлик етип ел хызметин атқарып,
Аннамедов Ғайып исти апарып,
Уғылбийби менен Жоллы Жаббаров,
Қалмай хызмет қылды отағасыан.

Ақ алтын үлкеси — гөззал елиң бар,
Халық қолынан қулпы дөнген жериң бар,
Мийнет майданында мың-мың ериң бар,
Ол дәўир жулдызы, — нур ағласынан!

Аппақ алтынға көзлери қызып,
Сени жоқ етиўге планлар сызып,
Әтирапыңда жаў тур нийети бузық,
Тисин қайрап, қарап таў арасынан.

Таў, тоғай, ой менен қырларың алтын,
Қызылды қулпыртқан қумларың алтын,
Қаҳарман халықсаң қолларың алтын,
Жериңди бөлеген бағ сарасынан.

Бизге аян мәрт вахтада турғаның,
Бизге қуўанышлы адым урғаның,
Халық бахтына қызылласын қырманың,
Дослықпенен мәңги жоллар қосылған,
Қутлы болсын қарақалпақ досыңнан!

*1969-жыл, 18-октябрь.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАҢА ЖЫЛ ҚУТЛЫҚЛАЎЫ

Мың тоғыз жүз алпыс жети сәнеси,
Болды салтанаттың сулыў сийнеси,
Жаңа жылғы жүрегинен жол ашып,
Әлемге жайылды шуғла сәўлеси.

Алпыс жетинши жыл жайнады жақты,
Үш жүз алпыс бес күнди баладай бақты,
Табысларын топлап таў етип үйип,
Жумысын жуўмақлап, сынасын қақты.

Өткен жыл он еки батырын қосып,
Жарысқа жиберип жолларын тосып,
Январьдан декабрьге жеткенде,
Жылдың жуўмағында шадланды йошып.

Үш жүз алпыс бес күн түсип есапқа,
Гүл көгертти таслар менен кесекке,
Айжүзли арыўдай қушақтан шықпас,
Алпыс жетинши жыл хош бол десекте..!

Қеўил орын тапты бәҳәр, жазынан,
Илҳам пайда болды сәўбет-сазынан,
Жасыл жалын ҳәр бир үйде жанады,
Ада болмас Бухараның газынан.

Қуўып салып шөлистанның самалын,
Бағларға бөледик ҳусни-жамалын.
Үстирттеги Комсомолдың қаласы,
Өткен жылы өмирден тапты кәмалын.

Әсирлерше жатқан Қырық қыз даласы,
Бүгин болды жаңа өмирдиң қаласы,
Ата-бабам кәрўан тартқан жерлерде,
Трактор айдап жүр колхоз баласы.

Қуяшын нур етип жайғанда бәҳәр,
Мийнет ҳаўазынан жаңлады сәҳәр,
Жаңа жайлаў жулдыз бенен бөленип,
Саҳраға бағ орнап — шөл болды шәҳәр

Өмирдиң тетиги қолларымызда,
Шарўамыз абадан қырларымызда,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Қарақалпақ Хорезмниң елинде,
Дослық тирек болды жырларымызға!

Жерден алтын алдық — балық теңизден,
Поезд кәрўан тартты сегиз-сегизден,
Табысларға телегимди толтырып,
Алпыс жетинши жыл хошласты бизден.

Алпыс жетинши жыл адымын керип,
Ақ отаўын ашып, есигин түрип,
Кеткеннен соң қушақласып хошласып,
Алпыс сегиз келди отаўға кирип,

Мийнеттен қулпырсын ойы-қырыңыз,
Жүрекке йош берсин жаңа жырымыз,
Төрткүлли туўысқан, қадирданларым·
Қутлы болсын келген жаңа жылыңыз!

Ғошшақ жигит, қыз-жаўанлар арыўлар,
Сиз бенен жайнамақ қала-аўыллар,
Жаңа жылың жарқырасын жулдыздай,
Қутлы болып Берунийли баўырлар.

Әмиўдәрья районы — досларым,
Елге ертек қаҳарманлық дәстаның,
Жаңа жылда қулпы дөнип гүлленсин,
Айым Қамалова бағың бостаның.

Мийнет етип мал табарда өзиңсең,
Сейиси де, ат шабар да өзиңсең,
Қутлы болсын, жаңа жылың Хожели —
Жеңислерге хош хабар да өзиңсең.

Жасыл жалын жаңа түсип оңайға,
Бухараны ушластырдық орайға,
Жаңа жылың жаңа бәҳәр әкелсин,
Қоңырат халқы қолың жетти қолайға!

Ғарры Арал көптен көлбеп жатырған,
Туўлағанда турмыс таңын атырған,
Меҳрибаны мийнеткеши Мойнақтың,
Қуўат алдың дана Ленин хатынан

Дәстүрли ел молдан болған кел-кетиң,
Қараса көз тоймас көркиң, келбетиң,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шымбайлылар шады-қуррам болыңлар,
Жаңа жылда артсын шәниң-шәўкетиң.

Сенде көрдик зүрәэттиң нәўпирин,
«Ақ алтының» кәрўан болды ҳәр күни,
Жыл қусындай жайнап келди жаңа жыл,
Қутлы болсын туўған Тахтакөпирим!

Бир сыбайлас ел еди бул Кегейли,
Дуйым журт досларға белли Кегейли,
Гүмис гүзде кәрўан тарттың жеткердиң,
Жаңа жылың жайнап келди Кегейли.

Узақ шаўып дойнағыңнан қоз шыққан,
Қатарына қуўып жетип қызыққан,
Жаңа жылың жайнай берсин Шоманай,
Қуўып жетип, өтип кеттиң сызықтан!

Жаңа жыл киятыр, қустай түлеген,
Жаңа бахыт, абат өмир тилеген,
Орденли үлкемниң баўырман халқы,
Узақ, өмир, уллы бахыт тилеймен!

*1968-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

# МАЗМУНЫ

## Қутлы жыллар қадеми


Хош енди . . . . . . 3
Баратыр . . . . . . 3
Хожаахмед Ахмедовқа . . . . . . 4
Артель болыпты . . . . . . 4
Есберген . . . . . . 4
Мәскеўге кеттик . . . . . . 4
Он алты жас . . . . . . 5
Усайды . . . . . . 5
Биринши китабым шыққанда . . . . . . 6
Бизиң менен бирге жасайды мудам . . . . . . 6
Сары таўық сорпасы . . . . . . 7
Әметке . . . . . . 7
Қыстың сүўрети . . . . . . 8
Қаҳәрли ғазеп қайнады . . . . . . 8
Фронттан хат . . . . . . 9
Қосылып жаўды қуртайық . . . . . . 9
Иран қызына . . . . . . 10
Урыс питти . . . . . . 11
Өмир қосығы . . . . . . 11
Тоқылдақ . . . . . . 11
Туўылып өскен журтымның . . . . . . 12
Сақласын . . . . . . 12
Нәжим аға . . . . . . 12
Дуўтарыңның үни менен . . . . . . 13
Кеттиң . . . . . . 13
Достан . . . . . . 13
Келер . . . . . . 14
Гүли боларсаң . . . . . . 14
Жемис тереди . . . . . . 14
Мәҳәлинде пис . . . . . . 14
Оқып көр тарийх хатынан . . . . . . 14
Шын . . . . . . 15
Шайыр анты . . . . . . 15
Мен жүзигиң болайын . . . . . . 16
Ядымда . . . . . . 16
Шашыңды бояма . . . . . . 16
Боларсаң . . . . . . 16
Илаж етеди . . . . . . 17
Нәсият . . . . . . 17
Жүрек сөзи . . . . . . 17
Жасларға . . . . . . 17
Қыялым . . . . . . 18
Уйқы ашсам деймаң . . . . . . 18
Бағман қыз . . . . . . 18
Жаслықты ядқа түсириў . . . . . . 18




www.ziyouz.com kutubxonasi

Гөззалларға арза . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Жоражан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Өз ақылым өзиме . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 20
Алпыс тоғызға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 20
Тағы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 20

## Жүрек жырла дейди Ленин ҳаққында

Совет ели Ленинизм Ўатаны . . . . . . . . . . . . . . 21
Бахытлы заман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 22
Шап тулпарым шаршама . . . . . . . . . . . . . . . . 22
Ильичтиң үйинде . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 23
Сегизден он бес минут өткенде . . . . . . . . . . . . 23
Ленин портфели . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 24
Ленин тири . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 24
Ленин мавзолейинде . . . . . . . . . . . . . . . . . . 25
Данамыз Ленин . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 26
Қара таўда дана Ленин сүўрети . . . . . . . . . . . . 27
В. И. Ленин менен ушырасып қайтқан Қарақалпақ ҳаққында қосық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 27
Исине таярман Ленин дананын . . . . . . . . . . . . . 29
Лениннин аты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 30
Достым өмирди сүй дана Лениндей . . . . . . . . . . 31
Ақыллы адам . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Шопан сөзи . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 32
Дана Ленин қызыман . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Съезд тәсирлери . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Ленин байрағы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 34
Дана Ленин сүйген Қарақалпақпан . . . . . . . . . . 34
Шымбай . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 35
Меҳрибан ўатан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 38
Жасасын дослық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 39
Россия . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
Бул дүнья да не әрманым бар мениң . . . . . . . . . 41
Жүрегинде сақла атын атаңның . . . . . . . . . . . . 42
Мен коммунистпен . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 43
Досларым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 44
Қарақалпақпан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 45
Бауырың қарақалпағың . . . . . . . . . . . . . . . . . 46
Көк төбеде . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
Ҳүрмет етип . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 48
Жаным қурбан туўысқан қазақ елине . . . . . . . . . 49
Шалдың түси . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 50
Қарақалпақ сәлеми . . . . . . . . . . . . . . . . . . 50
Әмиўдиң Сырға сәлеми . . . . . . . . . . . . . . . . 51
Совет жаслары күнин қутлықлаў . . . . . . . . . . . 51
Миртемирге . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 53
Шопан менен Тарас . . . . . . . . . . . . . . . . . . 54
Гүлистан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 54
Еки елдиң еркеси . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 55
Жүрегимнен жанымнан . . . . . . . . . . . . . . . . 56
Дослық сәлем . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 57
Арнаўлы хат Аннақылыш достыма . . . . . . . . . . 57
Қызыл гүлим Бийбижан . . . . . . . . . . . . . . . . 59
Уйқла жигерим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 60



www.ziyouz.com kutubxonasi

Түркменстан гөззалы . . . . . 61
Бүгин . . . . . 61
Туўысқан Тәжикстаным . . . . . 62
Регар . . . . . 62
Дослықтың сазы . . . . . 63
Бағман жигитке . . . . . 64
Ассалаўма әлейкүм Башқуртстаным . . . . . 64
Оң сапар . . . . . 65
Сәлем Ақедил . . . . . 66
Ашықлық лирикасы . . . . . 66
Башқурт сулыўына . . . . . 57
Габысқан тилек . . . . . 68
Көк шай менен қант . . . . . 68
Қуда болып кетермен . . . . . 69
Тағы, тағы, тағы да . . . . . 69
Башқуртстанлы баўырларға . . . . . 70
Хош келипсиз . . . . . 71
Белгисиз солдатқа . . . . . 72
Он бес жулдыз . . . . . 73
Ғафур Ғуламға . . . . . 73
Максим Горькийге . . . . . 74
Ташкент гөззалы . . . . . 75
Мырзашөлдиң қызлары . . . . . 75
Сәлем сизге туўысқан . . . . . 76
Қаналасым Хорезм . . . . . 76
Гүрлен районы мийнеткешлерине . . . . . 77
Қалған жүрегимди өзиң алып кел . . . . . 78
Дослық қосығы . . . . . 79
Күтип алды таң қуяшын . . . . . 79


## Пахта байлығымыз—пахта даңқымыз


Пахта . . . . . 81
Пахтабай . . . . . 82
Ақ алтын . . . . . 82
Қутлы болсын дослар пахта байрамың . . . . . 84
Суўшы қыз . . . . . 85
Пахтагүл . . . . . 85
Көз айдын . . . . . 86
Алпыстың алғысы . . . . . 77
Алтынға тең ҳәр граммның салмағы . . . . . 88
Ҳадал нийет, ҳақ тилек . . . . . 89
Мәртлик майданында . . . . . 91
Арал самалы . . . . . 92
Пахталар . . . . . 92
Дала көриниси . . . . . 93
Салыкешлер қосығы . . . . . 93
Анажан . . . . . 94
Пахта арна . . . . . 95
Колхоз баслығы . . . . . 96
Ақшаның көли . . . . . 97
Алтын қум . . . . . 97
Еллик қала бәҳәри . . . . . 98
Шымбай таңы . . . . . 98




www.ziyouz.com kutubxonasi

Баба дийқаным . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 99
Пахтакеш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 100
Шаббазлы бағман қызға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 101
Экскаваторшы Еримбет достыма . . . . . . . . . . . . . . 102
Пахта гүллери . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 103
Бәҳәрим . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 104
Қадирдан доктор . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 104
Нөкисим мениң пайтахтым . . . . . . . . . . . . . . . . . 105
Туўған мәканым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 106
Ҳәўжар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 106
Усы жылдын гүзинде . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 106
Қосық айтып бер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 107
Ойнап-күлип кет . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 107
Бағ арасынан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 108
Еркин муҳаббат қосығы . . . . . . . . . . . . . . . . . . 108
Қарама жигит, қарама олай . . . . . . . . . . . . . . . . 109
Тойға кел дейин бе, қурдасларыма . . . . . . . . . . . . 110
Сараға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 110
Сайра бүлбил . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 111
Бәҳәр саўлаты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 111
Қурдасларға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 112
Қызлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 112
Жулдыздай ақ жәниўар . . . . . . . . . . . . . . . . . . 113
Дийқанның қызыман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 113
Қызлар—жаўанлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 114
Қуштарлық қосығы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 114
Гүзлериң сениң . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 114
Сапаргүл . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 115
Жанан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 116
Болар ма? . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 116
Сапа келипсең . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 116
Шымбай гөззалы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 117
Айтайық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 117
Яр—яр айтайын . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 118
Сағындым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 118
Зәбердес қыз Земфира . . . . . . . . . . . . . . . . . . 119
Айжамал . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 119
Бостанымнан сүйген ярым өтти ме? . . . . . . . . . . . . 120
Егиз қыз . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 121
Кел жигит . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 121
Излеме . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 122
Қос жақпас жигит пенен дийқан қыз . . . . . . . . . . . 122
Ақбулақ . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 124
Шымбайым . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 124
Тырналар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 125
Шоферлар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 125
Халқабад . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 125
Көринди . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 126
Нинаға . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 126
Ақ сүт берген ананды . . . . . . . . . . . . . . . . . . 127
Жигитлер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 128
Гүл жайнаған жайдаман . . . . . . . . . . . . . . . . . . 128
Бир сапар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 129
Таң атыпты . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 129



www.ziyouz.com kutubxonasi

Рухсат әйле . . . 130
Роза . . . 130
Бир заман . . . 131
Қара тал . . . 131
Айрылмасын . . . 132
Қызлар тилеги . . . 133
Бабаниязға сәлемнама . . . 134
Ай менен әңгиме . . . 134
Мойынлаў . . . 135
Халқабадтың қызлары . . . 136
Қыс пенен хошласыў . . . 137
Күндей жарқырап . . . 138
Улым менен қызыма . . . 138
Күттим сени . . . 139
Қурбанбай аға . . . 140
Шайырға . . . 141
Абатқа . . . 142
Нурзадаға . . . 142
Шашым ҳаққында . . . 143
Бахыт бағынан . . . 143
Мийнетти егер . . . 144
Қадирин билдим қатардың . . . 144
Тилегим . . . 144
Орнатты . . . 144
Мәрҳум Әмет Шамуратовтың елли жасына . . . 145
Кеттиң шайыр . . . 146
Бердақтың естелигине . . . 147
Шайыр ҳаўазы . . . 147
Алғыслар айтар . . . 148
Тарас Арал тәңизинде . . . 159
Қар . . . 152
Қаўендер Бердимуратовқа . . . 153
Соқыр солдатқа . . . 154
Мен солдатпан . . . 154
Жумек Орынбаевқа . . . 155
Гүлистан қызым . . . 156
Қутлы болсын қырық жыллық тойың комсомол . . . 157
Мен комсомол . . . 158
Наўрыз Жапақовқа . . . 159
Қурылысшылар косығы . . . 160
Қыз бенен художник . . . 160
Түйе мойын . . . 161
Шынар . . . 162
Түйе мойын ақшамы . . . 163
Дилбар менен Айжамал . . . 163
Доктор қыз . . . 165
Шыпакер . . . 165
Доктор қызға . . . 166
Ҳәмме ўақыт ҳақлық болсын жолдасың . . . 167
Нәсийҳат . . . 168
Ақлығымның аты Асқар . . . 175
Қарлығаш . . . 175



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шөжелер . . . . . 176
Қоян . . . . . 177
Боталақ . . . . . 177
Урысқақ қораз . . . . . 177
Уйықламай түнлер . . . . . 178
Қулашым . . . . . 178

## Жүрек жырлары

Жетпис жастың желиси . . . . . 179
Өмир өткеллеринен . . . . . 180
Өмир өрнеги . . . . . 182
Жас директорға . . . . . 183
Неге уйқым келмейди . . . . . 183
Өмир босқа өтпейди . . . . . 184
Қос жүрек . . . . . 184
Шыпа берер жаныңа . . . . . 184
Бар мениң . . . . . 185
Елин менен болғыл тең . . . . . 186
Болар . . . . . 186
Бизиң ғарры . . . . . 187
Дәўран . . . . . 188
Жасларға . . . . . 188
Келип турман жаныңа . . . . . 189
Сағынаман тураман . . . . . 190
Бағларында бүлбил болып сайрайын . . . . . 191
Гүлистанға селемнама . . . . . 192
Қуўаныш . . . . . 193
Таң бүлбили . . . . . 194
Жан жорамның елтиси . . . . . 194
Базы бир бажбанларға . . . . . 194
Жалғыз терек бағ емес . . . . . 195
Түркмен қызы Наржан . . . . . 195
От ишинде . . . . . 199
Шамурат шабандоз . . . . . 203
Политрўк Полатов . . . . . 208
Тамара . . . . . 215
Сәрбиназ . . . . . 220
Ўатан уллары . . . . . 224
Қошқар батыр . . . . . 228
Кира . . . . . 237

## Балладалар

Ғарры палўан балладасы . . . . . 240
Ана балладасы . . . . . 241
Балладалық баянлама . . . . . 243
Ақ терек балладасы . . . . . 245

Өзбекстаным . . . . . 247
Хорезм . . . . . 248
Туўысқанларыма . . . . . 249
Жаңа жыл қуллықлаўы . . . . . 251



www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

Жолмурза Аймурзаев

**СОБРАНИЕ СОЧИНЕНИЙ В ДВУХ ТОМАХ**

Том I

*Издательство „Қарақалпақстан"*
*Нукус — 1980*


Редактор *Б. Қайыпназаров*
Художник *Қ. Нажимов*
Худ. редактор *И. Қыдыров*
Тех. редактор *З. Алламуратов*
Корректор *М. Қайыпназаров*

ИБ 118

Териўге берилген ўақыты 23/VI—1980-жыл. Басыўға рухсат етилген ўақыты 16/X—1980-жыл. Қағаз форматы $84 \times 108^1/_{32}$. Көлеми 8,125 баспа табақ. 13,65 шәртли баспа табақ. 11,43 есап баспа табақ.
РК 30830, Тиражы 5000. Баҳасы 1м. 60т.

„Қарақалпақстан" баспасы. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

Самарқанд областьлық баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша басқармасының М. В Морозов атындағы типографиясында терилди ҳәм басылды. Заказ № 3460.


www.ziyouz.com kutubxonasi